# МАХ ДУГ

1945 2022




# УÆЛАХИЗЫ 77 АЗЫ

5
2022



1945 2022

# УÆЛАХИЗЫ 77 АЗЫ



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2022

# МАХ ДУГ

**5**
2022

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2022

# НОМЫРЫ ИС:

**ПОЭЗИ**
Фыдыбæстæ, Сæрибар æмæ Уæлахиз. *Æмдзæвгæтæ* ...............................5

**БИЦЪОТЫ ГРИС: 90 АЗЫ**
БИЦЪОТЫ Грис. Сомыхъом уыдзынæн. *Радзырд* .................................14
ХУЫГАТЫ Сергей. Иу хаттæй иннæмæ. *Мысинæгтæ* ..........................40
ГУСАЛТЫ Барис. Фыццагон ирон лæг-фыссæг. *Мысинæгтæ* .........44

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**ГАДЖИТЫ ГЕОРГИ: 90 АЗЫ**
ГАДЖИТЫ Георги. Æз цардæй æнцойад нæ домын. *Æмдзæвгæтæ* ....48
Æмдугонтæ Георгийы тыххæй ..........................................................................54

**ПРОЗÆ**
ДЖИМИТЫ Кларæ. Залиханы фырт. *Уацау* ...........................................61

**«МАХ ДУГ»-ы ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТЫ СФÆЛДЫСТАД**

ХУЫГАТЫ Сергей. Хъисфæндыр. *Радзырд* ............................................82

**АЛАНЫСТОНЫЛ САРГЪУЫДЫ 1100 АЗЫ БОНМÆ**
ГОСТИТЫ Ларисæ. Аргъуаны скъолаты цард амидингæнæг. *Уац* ....100

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**
КУЧИТЫ Руслан. Фæстаг фембæлд. *Мысинæгтæ* ....................................113
ГУСАЛТЫ Барис. Уыгæрдтæ. *Этюдтæ* .........................................................116
ХЪАЙТЫХЪТЫ Риммæ. Уæллаг Ходы хабæрттæ ..............................128

**КРИТИКÆ ÆМÆ БИБЛИОГРАФИ**
ХОЗИТЫ Барис. Дур-Дур – Тугъанты хъæуы истори. *Уац* .........................136

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** .......................................................................143

# ФЫДЫБÆСТÆ, САРИБАР ÆМÆ УÆЛАХИЗ!

*ХАДЖЕТЫ Таймураз*

## ЗÆРОНД ХÆСТОН

Цæры нæ хъæуы иукъахыг зæронд лæг,
Йæ дзуринаг – фыдхæсты кой æдзух.
Сæнтцæхæры сыгъди æхсæвæй-бонмæ,
Нæмыгвыдæй кæм ысты уæнгтæ цух...

Фæлæ нæртонау оффытæ нæ зоны,
Нæ кæны царды сау тæрхоныл мæт.
Æз хатын, уый æндæр сагъæс æвзоны:
Йæ цæсты раз йæ хæлæртты мæлæт...

Ныккæрзы гъеуæд дзургæ-дзурын... Сагъдау
Ныссадзы зæххы цæстæнгас, цыма
Тъымы-тъымайы иунæг ахæм цау дæр
Нæ уыд,
Æмæ лæджы удыл фынау

Цæуа йæ цард,
Йæ цыппæртыл быргæйæ,
Сæла йæ фæд-фæд урс митыл йæ туг;
Зындæр фыдохæн баххуырсгæ хъырнæгау
Уа иу афонæй карздæр иннæ дуг!..

Æз ын йæ дзырдтæ аргъаугондмæ истон,
Ныр уайдзæфтау мæ удрæбын лæууынц,
Нæ фæдæн æз йæ цуры...
Фæлæ диссаг:
Куыд нæ базыдта ацы лæг кæуын?!.

*КАЛОТЫ Хазби*

## ТЫХГÆНДЖЫТÆН – МÆЛÆТ!..

Йæ тарф фынæйæ æрæгмæ хъал кодта бон. Æгæр зынæй иста йæ уд æрвхуыздзыкку æхсæв. Зырзыргæнгæ æрцауындзæг æдзард бýдыры сæрмæ. Иунæг стъалы ма фидиуæгау лæууыди арвы бæстастæу æмæ дунейæн æмбарын кодта, æхсæв йæ бартæ бынтон кæй нæма радта, уый. Стæй æваст йæ бынатæй расхъиудта æмæ æрбадæлдзæх. Хаугæ-хауын ма йæ зынг къæдзилæй æхсаргардау иу дзæхст фæласта, æмæ арв йæ астæуыл дыууæ дихы фæци. Цыма сæуæхсиды фæзындыл цин кодтой, уыйау нæрыдысты сармадзантæ, сæ хъæрахст, се 'рдиагæй не 'нцадысты æфсæнбырынкъ уаритæ. Бон æрбасырх æфсæрмдзæстыг чызгау, мидбылты худти æмæ дунейæн рæдауæй хаста рухс.

Æгас цæуай, цард!..

Дæуæй адджындæр ницы ис хæстоны удæн, цæсты гагуыйау дæ хъахъхъæны зындоны сау тыхтæй, бындзарæй сафы, дæ фæндагыл цы цæлхдуртæ ис, дæ алыварс цы хъылма æрæмбырд, уыдон. Ды дæ, хæхты хъæбысы къæйтыл чи æрзад, ахæм уагъылыйы дидинæгау. Дæхимæ ивазыс хуры тынтæй нывæст арвы сыгъзæрин фæдджи. Ды тæрсыс фыдбоны тымыгътæй, мылазон мигътæй, фæлæ æнцон басæттæн нæ дæ, сындзджын уагъылыйы дидинæг æнцон æртонæн куыд нæу, афтæ.

Нæ!.. Дæуæй раскъуынæн нæй махæн!

Зын у дæуæй фæхицæн уæвын....

Тыхгæнджытæн – мæлæт!..

*КОЧЫСАТЫ Мухарбег*

## АДÆМЫ МАСТ

Мæ мастæн æрæнцайæн нæй.  
Мæ фæндтæн тызмæг у сæ ахаст.  
Зæгъут-ма, æмбæлттæ, цæмæй,  
Цы карздæр, цы фыддæр дзырдтæй  
Зæгъон æз мæ зæрдæйы сау маст!

Мæстæлгъæд фыдхорты æрдонг
Ærбабырста абон нæ бæстæм.
Æгъгъæд сын нæ уыди ныронг
Æмæ та сæ бафæндыд ног
Ысфæлварын тохы нæ гæрзтæ.

Знаг йе сæфт æдзухдæр уыдта
Нæ сæрибар адæмты цардæй,
Æмæ нæм кæд худгæ дзырдта,
Уæддæр æй мах тынг хорз зыдтам,
Кæй ныл цæудзæн иу бон мæнгардæй.

Нæ фыдæлтæм иу ныхас уыд,
Цæргæйæ сæдæ азты баззад,
Ыстыр раст ныхас у, бæлвырд:
Мæлдзыгæн, дам, йе сæфт æрцыд.
Æмæ, дам, ыл базыртæ базад.

Цы кæны, кæд афтæ у – хорз.
Кæд сæрра сты абон лæгмартæ,
Уæд сын мах ыссардзыстæм хос –
Ызды æмæ сау топпыхос, –
Куыд никуал ысдзæбæх уой, афтæ!

Æмбæлттæ! Æрцыди рæстæг! –
Йæ фæстаг бон тугдзых лæгмарæн.
Нæ къухмæ, цæй, райсæм гæрзтæ.
Куыд уарзæм нæ Фыдыбæстæ,
Уый равдисæм абон ызнагæн!

Æмбæлттæ! Мæ дзырд у рæстмæ:
Фыдгулæн йæ бæрзæй сæтдзæнис.
Йæ сау рыг ыскæлдзæн хæрдмæ.
Рæстдзинад у мах фарс, æмæ
Уæлахиз дæр мах фарс уыдзæнис!

*23.06. 1941 аз*

*ПЛИТЫ Грис*

# ХÆЦÆНЫ

Ныммæйдар хæцæн æмæ мигъы
Ныссабыр рох ингæнау раст,
Æрмæст ма сыгъд бæласы хихыл
Фæцæуы тарст сынты цъæхахст.
Мæ хур, кæд никуыма фæтарстæн
Нырма мæлæты раз, уæддæр
Ныр ам æнæнцой сынты уастæй
Мæ зæрдæ баризы куыддæр...

Фæсабыр хæст, фæхъус йæ дымгæ,
Фæлæ та бон куы скæса, уæд
Цæрæццаг адæмты кæрдынмæ
Йæ цæвæг райсдзæни мæлæт.
Кæндзæн уым бирæ къона уазал,
Уым бирæ фиддзысты сæ хæс...
Æлгъыстæй зындоны дзыназа,
Цы лæг æрымысыди хæст!..

Бон арвыл йе ‘нкъард балц куы фæци,
Уæдæй фæстæмæ мах тæссаг
Нысанæн агурæм кæрæдзи –
Æз æмæ сау фыдзæрдæ знаг.
Кæй хал нæ схаудзæн – чи йæ ‘мбары?
Кæй мард нæ не ссардзæн ингæн?
Йæхи гæрзифтонг алчи дары:
Æз уый нысан дæн, уый та – мæн.

Мæлын та иуы дæр нæ фæнды,
Фæлæ æрцыд æппæрст нæ хал...
Ныр махæй алчи дæр нывæнды
Йæ зæрды иннæмæн адзал:
Уый сласта кард, æз – ме ссад хъама,
Нæ иу ныр нал фæцæудзæн дард...

Уынгæг тох ралæууыди, – хъуамæ
Нæ иуæн аскъуыйа йæ цард.

Æмæ ныммæйдар хæцæн мигъы,
Ныссабыр рох ингæнау раст.
Æрмæст ма сыгъд бæласы хихыл
Фæцæуы тарст сынты цъæхахст.

* * *

Бон ирд кæны. Рæхджы – атакæ...
О рæстæг, иуцъус-ма фæлæуу!
Салдаты цард цыбыртæ ма кæ,
Уæддæр уый ахæм даргъ куы нæу!..
Салдат... Хъæлдзæг хуызы дæхиуыл
Бæргæ ныххæцыс, фæлæ кæм!
Фæрчытæ хауы зæрдæ риуы:
Рæхджы уынгæг бырсты цæуæм...

Мæ хур, сæттын дын ыл æргомæй,
Мæ туг-хъæдгæмттæй ард хæрын:
Нырма мæм ацы уынгæг бонæй
Рæсугъддæр никуы каст цæрын!
Фæлæ фæстæмæ здæхгæ нал у
Мæлæтдзаг, цардарæн хæстæй:
Нæ иуæн туджы ‘хсидгæ малы
Æнæ фæхуыдуггæнгæ нæй.

Куынæ ныххурх кæнæм æрмхæсты
Цыфыддæр сау знаджы, уæд нын
Нæхи ныххурх кæна нæ бæстæ?
Цæрдудæй бакомон сæттын?
Мæ басаст айхъуыса хæцæнæй? –
Фæлтау, куыдфæнды дæр мæ ‘фхæр,
Фæстæмæ раздæхæн кæцæй нæй,
Раст уырдæм ахауæд мæ сæр!

Хатыр нæй ацы хæсты, хъуамæ
Фæуа бынысkъуыд не знаг тагъд.
Мæ фæдыл чи зылд дысон, – хъама
Йæ риуы фистонмæ ныссагъд.
Тыхджын уыд сау æлгъыст, нæ састи.
Фæлæ йæ нал бахъуыди сынт:
Лæгмæ цы сырд цæстытæй касти,
Ныр уыдон уартæ къахы сынт...

Йæ сæфтæй бафтдзынæн æз цардыл.
Мæ къух уæлахизыл фæхæст...
Æнусмæ арфæйаг уа, бартыл
Цы лæг æрымысыди хæст!
Ныррызти зæхх... Бырсынц æнгомæй
Нæ хæстæфхæрд бæсты цæуæт, –
Сæ фарсмæ слæууыдтæн дæ номæй,
Мæ Ир, æмæ дæ ма уæд мæт:

Мæнæй нæ уыдзынæ къæмдзæстыг,
Сыгъдæг у ме ‘фсæддон цæсгом,
Æгад нæ фæкæндзынæн хæсты
Рæсугъд ирон дзыллæйы ном.

*1942 аз*

*ЦЫРЫХАТЫ Михал*

* * *

*Ф-мæ*

Цæуы ныртæккæ хæст – цытджын,
Цъæх арты уарзон зæхх æхсиды
Æмæ йæ хъæбултæм тыхджын
Нæ бæстæ тохы гуылфмæ сиды.

Быхс уал... Дæ уарзондзинады
Рæсугъдæй сæмбæлынмæ бахиз,
Фæлæ уал тохы заман ды
Дæ хъару стыр фæллойы равдис.

Кæс-ма, Ныгуылæнмæ цæуæм,
Ныгуылæнмæ – ис маст нæ уæнгты.
Уæндонæй фалгæрон кæнæм
Лæгхорты тугæйдзаг æрдонгты.

Гъе уырдæм у мæ фæндаг конд
Мæнæн дæр, о, мæ рухс ыстъалы,
Æмæ сырх тырыса бæрзонд
Мæ къухтæй ирд тæмæнтæ калы.

1942 аз

*ХАЦЫРТЫ Сергей*

## САЛДАТЫ ПИСМО

Æрбацъæх бон… Нæ дæн, мæ хур, дæ цуры…
Ды дард дæ, дард. Æз – хæсты карзы ам.
Фæлæ мæ зæрдæ ‘дзухдæр демæ дзуры,
Æмæ, цæй, райс æфсæддоны салам.

Бырсын налат ызнаджы ныхмæ абон,
Бырсын, ды дæр мын хорз зоныс мæ хæс.
Мæлæт – хуыздæр, цæйнæфæлтау мæ амонд,
Цæст æрттивгæйæ, знæгтæн раттон æз.

Æхсиды мæн мæ дуг йæ арт-цæхæры,
Гъе афтæ ма æхсыстæуы æндон.
Æмæ кæд не ‘хсæн дуг быдыртæ ‘вæры,
Уæддæр æввахс дæ ‘ввахс, мæ цардбæллон.

Вæййы рæстæг: тæссагдæр ран фæбырсын,
(Мæ риуы ‘хсар – мæ райгуырæны ныфс)
Зын сахат уæд æз тынгдæрæй фæмысын
Дæуæн, дæуæн, мæ царды рухс, дæ хуыз.

Æсцырын хæст, цъæх пиллон уадзы дардыл.
Фæбырсын размæ, цæй, уæдæ, хæрзбон.
Мæлæт куы ссара сау ызнаг нæ кардыл,
Уæд дæм зындзынæн, цингæнгæ, мæ бон.

*1942 аз*

*ХЪАЙТЫХЪТЫ Геор*

## УÆЛАХИЗ!

Уæлахиз! – Йе сдзурын æнцон у
Ныртæккæ адæмы куывды.
Фæлæ ма асагъæс кæн дардыл,
Цæйбæрц ис ацы ран хъуыды!
Æрбад ма фæндаджы былгæрон,
Ысдар ма рухс арвмæ дæ цæст.
Æрымыс уыцы тар æхсæвтæ,
Куы-иу калдта йæ пиллон хæст!
Уæлахиз! Рæстдзинады руаджы
Ныппырх кодтам нæ фыдызнаджы, –
Цæмæ тырныдтам, уый æрцыд.
Нæй иу ахæм дзырд мах æвзаджы,
Дæуау нын чи радта рæвдыд!
Æнувыд ыстæм мах дæ номыл,
Дæумæ цыдыстæм карды комыл,
Дæумæ хызтызтæм судзгæ хæхтыл
Кæм фистæгæй, кæм та – нæ бæхтыл,
Æдзух къæвдаты æмæ хурты
Дæумæ ленк кодтам туджы фурды.
Ды дæ сæ рæсугъддæр нæ дзырдтæн.
Ды дæ сæ фесафæг нæ фыдтæн!
Нæ чысыл де скоймæ фæбæрзонд,
Бынтон дæр февзонг и нæ зæронд!
Цытджын Уæлахизы тырыса
Æрцыд Берлины сæрмæ сагъд.
Æмæ цæмæ гæсгæ нæ хъуыса
Суанг уалæ мæймæ дæр нæ цагъд!

*9.05.1945 аз*

# БИЦЪОТЫ ГРИС: 90 АЗЫ



(1932 – 2014 )

*БИЦЪОТЫ Грис*

# СОМЫХЪОМ УЫДЗЫНÆН

*Радзырд*

Фæлварæн куы райдыдта, уæдæй сахаты æрдæг дæр нæма рауади, уæддæр Уæтæрбеджы цæст цыдæртæ бафиппайдта. Уæртæ фæстаг рудзынджы цур цы лæппу бады, уый айрæджы кодта, дуаргæронæй хæларзæрдæйæ æрбадзырдта: «Фарн ам уæд!» Йæ ныхасæй Уæтæрбеджы зæрдæ фæфæлмæн. Æрфæндыди йæ «фæрнæйдзаг у» зæгъын, фæлæ ницы загъта. Уый хæдразмæ чи бады, уыцы лæппуйы уындæй та тарæрфыг аци – йæ сæрыхъуын уæхсчытыл æрхуыссыд. Лæппу, дины семинар каст чи фæци, уыдонæн æвдисæндартæ ам нæ дæттынц, зæгъгæ йæм сдзуринаг уыди ахуыргæнæг, фæлæ йæхиуыл фæхæцыд. Хъæууонарæзт, æнцъылддарæс, ныгъуылдхуыз лæппуимæ куы фемдзаст уыдаид, уый фæндыди Уæтæрбеджы – цæстæнгасæй йын ныфс авæрдтаид, ома, дæ сæрыл уæлдæр схæц. Косадзæсгом, фæлурсуадулы цæстытæ та йæм æнахуыр уазал фæкастысты, æдзæстуарзонæй йæм йæ зæрдæ фехсайдта.

Лæппутæ æмæ чызджытæ, хынцинæгтæ фыст кæм уыд, уыцы сыфтæм сæ ифтыгъд ручкæтæй куы ныхъхъавыдысты, уæд Уæтæрбеджы лæмбынæг цæстытæ азылдысты аудиторийы badджытыл, – цымæ, кæйдæр ныфсæй чи æрбацыд, ахæмтæ дзы цал разынид?

«Фарн ам уæд» чи загъта, уыцы лæппу йæ дæллаг был æхсыдта, риуæй стъолыл банцади. Уæтæрбеджы фæндыди йæ хорздзинад; йæ конд хынцинаг стъолыл куы авæра, уæд та исты ахæм ныхас зæгъдзæн, æнæ бахудгæ кæмæ нæ фæлæудзæн.

«Нæ, уый минæвар нæ уыдаид дысоны дзагарм», – йæхинымæры загъта Уæтæрбег. Даргъ сæрыхъуын чи рауагъта, ууыл та йæ цæст æрæвæрдта. Мыййаг, институтмæ куы бахауа, йæ лекцитæм хъусгæ йын куы æрцæуа, уæд æм нæ фæлæудзæн, «сауджын» номæй йæм сдзурдзæн.

«Сауджын»-иу йæ ручкæйы сæр йæ былтыл авæрдта æмæ та-иу æйтт-мардзæ, зæгъгæ, фыссынмæ февнæлдта. «Дысоны минæвар амæ хъуамæ мацы бар дара, – хъуыды кодта Уæтæрбег, – ацы лæппу, æнæмæнг, горæтаг уыдзæн, уый та, сыгъдæгæйдæр, хъæууон парахат фынгты уæлхъус дзурынил чи сфæлтæрдта, ахæм уыди».

Астæуккаг рæгъы фæстаг стъолы уæлхъус уыцы тымбылдзæсгом саулагъз чызг дæр æнæмæнг хъæуккаг хъуамæ уа. Цы æнахуыр сыгъдæг цæстытæ йын ис! Рæгъæд хъæлæрдзыйы дыууæ нæмыджы. Чызг йæ цæстытæ йæ чысыл къухаууон амбæхста, уæдæй нырмæ йæ сæрыл нæма схæцыд.

Уæтæрбег алæууыди иу стъолы уæлхъус, дыккаджы... цыппæрæмы... Хъæлæрдзыдзæст чызджы цурмæ ахæццæ. Чызджы уадултæ – судзгæ зынгтæ, цыма æндæвтой. «Цымæ йын уыдон цы митæ сты? Цы рамбæхс-бамбæхс кæны?» – загъд кодта ахуыргæнæг. Тетрады сыф бахъулæттæ. Йæ цæст ыл æрхаста. «Хорз», – загъта йæхинымæр, уæвгæ та йæ хъæрæй сдзурын фæндыди – чызгæн ныфсы ныхас.

Уæтæрбегæн фæлварæндæтджытæй хъуамæ уæлдай ма уыдаид, фæлæ, акса-ма, зæрдæ йæхионтæ кæны. Гъер уæртæ косадзæсгом лæппумæ мацы митæ уа, уый йæ нæ бауырнид – уæдæй-сарæй йæ цæстытæ Уæтæрбеджы фæстæ зилынц.

Ахуыргæнæг косадзæсгомы уæлхъус балæууыд. Лæппу чысыл гæххæты гæбаз стъолы кæрон авæрдта, æмæ дзы Уæтæрбег бакасти: «Фыццаг хынцинаджы дзуапп мæнæ афтæ нæ уыдзæн?..» – йæ бынмæ иукъорд нымæцы нысангонд.

– Хъуыды кæн, хъуыды кæн, – мынæг хъæлæсæй загъта Уæтæрбег æмæ йæ цурæй ацыди.

Уæтæрбег фæстаг бонты æмдзæрæны нал вæййы. Куы сæхæстæджытæй искæмæ бахсæвиуат кæны, куы – йæ зонгæтæй искæмæ. Йæ фæд фесафынил бацархайы, фæлæ хъысмæты цъысымæй цæй бамбæхсæнтæ ис. Уæддæр та йæ ссарынц. Дысонизæр институты дуармæ такси æрбакодта, абадти дзы æмæ горæты фæсвæддæр уынгтæй иуы æрхызти. Ныр æй цалдæр азы сæхимæ чи хоны, æмæ йын бацæуыны хъомыс кæмæ нал уыд, йæ ахæм æрдхорды хæдзары фæныгъуылинаг уыди, фæлæ йæ развæндагыл къæдзæхау фегуырди уæлдзармхудджын. Йæ цонгыл ын ахæцыди.

– Фæлмæцыд дæ, дæхи дæр нæ уарзыс, уый æмбарын, фæлæ, хуыцауæй курæгау дæ курын, иучысыл мæ бабыхс.

– Мæ цонгыл мын куы æрхæцыдтæ æмæ куы ницы мæ сæрæн зонын, – загъта Уæтæрбег.

– Цæмæн мæ æфхæрыс, гормон, дзуары бынмæ цæуæгау дæм фæцыдтæн.

– Бахатыр кæн, кæд тугхæстæджытæ стæм, уæддæр... Хиуæттæм цæуаг нæ дæн æмæ бирæты нæ зонын...

– Хиуæттæ дæр мыггагæй сты. Мæнæн мæ тыхсты сахат мæ уæл- хъус чи æрбалæууа, уыдон дын мæ фыццаг хæстæджытæ. Мах хъуамæ кæрæдзи æмбарæм, – цин кодта æнафоны уазаг. – Хъарсы фидар дæ хонынц, Хъарсы. Зæгъын, мæн йеддæмæ дзы мачи фесæфæд.

– Нæ ныхас фæбæлвырддæр кæнæм, – загъта Уæтæрбег. – Хæдзар аразын зонын. Мæ сæр дæ хъæуы ахæм хъуыддаджы?

– Хæдзары бæргæ цæрæм.

– Уæ пец кæд фæздæг кæны, уæд æй райхалдзынæн.

– Нæ, нæ...

– Демæ цуаны цæуынил разы дæн. Кæсагахсæг æмбалæн дын сбæздзынæн – анекдоттæ зонын, – тагъд-тагъд нымадта Уæтæрбег. – Картоф къахынмæ дæм фæкæсдзынæн...

– Куы дын зæгъын: кувæндоны бынмæ...

– Æз дзуары лæг нæ дæн.

– Нæ саби де уазæг, дæ фæдзæхст. У-у, хуыцауы сконд лæг!

– Цæттæдзинады аттестат æм ис?

– Йæ аттестат бæргæ рæсугъд у.

– Уæдæ ма дæхи та цæмæн хæрыс? Хæрам ын нæ бакæндзынæн.

– Уæвæр куыд у, уый ды мæнæй хуыздæр зоныс.

– Мæ бон дын ницы у, æфсымæр. Нæхи ма фыдæхсæв кæнæм.

– Ма мæ аздах уазал зæрдæйæ.

– Цæй, хæрзæхсæв, – йæ цонг суадзынил афæлвæрдта Уæтæрбег.

– Ацы ныхас нæ дыууæйæ дарддæр никæдæм ацæудзæн.

– Дæ саби, хуыскъæлы кæрдзын цы ад кæны, уый кæцæй зондзæн?

– Хуыцауæн табу, цы бахæрæм, уый ис.

– Уæдæ ма йын æй искуы бахæрын кæн. Къæбæры аргъ куы базона, уæд дæм йæ хорзы койтæ хъуысдзысты.

– Æз, æвæццæгæн, байрæджы кодтон...

– О, байрæджы кодтай! – фæтъæлланг кодта лæппу. – Мæ бар кæуыл цыди, уыцы бынæттæн хицæуттæ ссардтон. Мысайнæгтæ бынатыл сæмбæлдысты. Нал мæ хъæуы, нал! Бафсæстæн, байдзаг дæн!..

Уæтæрбег рудзынджы цур æрлæууыд, йе 'ргом – уынгмæ. Дæлæ бæлæсты ауæтты тротуарыл адæм бадзыгуыртæ-дзыгуыртæ сты. Чидæртæ та дзы газеттæй ауон кæнынц сæхицæн. Иннæты хур къæй кæны. Уæтæрбег ацагуырдта дысоны уæлдзармхудджыны. Куыннæ стæй, уый дын æнæпайда лæуд ма скæна. Афтæмæйты не 'рæнцада-

ид, искæй къæсæрыл ма бахызтаид, йæ мысайнаг йæ хæдзармæ нал ахастаид.

Ахуыргæнæджы хъусыл ауади сусу-бусу. Стъолтæ бахъыс-хъыс кодтой. Йе ‘ргом аудиторимæ нæ раздæхта, афтæмæй загъта:

– Ныхас кæнын кæмæ цæуы, уыдонæн тыргъæм ахизыны бар ис.

Уæтæрбег рудзынджы тæрхæгыл æрæвæрдта йæ рæмбыныкъæдзтæ. Йæ роцъо æрæнцад йæ армытъæпæныл. Йæхицæн бауайдзæф кодта: «Исчи сæ фæдвæливæн ми акæна, уый дæ фæнды? Барæй сæ цæмæн рæдийын кæныс? Сыдæймæлæджы раз къæбæр куы ныууадзай, уæд дын æм куыд хъуамæ фæлæууа?»

Уæтæрбег цæйдæр мынæг уынæр айхъуыста. Кæй атымбылтæ кодтой, цыма ахæм гæххæтт кæцыдæр стъолыл æрхауди. Гæххæтт кæмæн баппæрстой, уый базыдтаид, фæлæ йæ бынатæй нæ фезмæлыди. Æнæуыæнк сыл кæнын, æмæ мæ хъустыл цыдæртæ уайы, зæгъгæ, ахъуыды кодта.

Уæтæрбег æнæуыæнк кæуыл кодта, уыдон иу къорд баисты. Афтæ æнцад фæбадой, уый йæ нæ уырныдта. Сæхи кæуыл бафæдзæхстаиккой, хæрзаг сæ уыцы хæрзгæнджытæм дзагъултæ кæнынц. Чи зоны, искæй къухы сæ исты бафта, фæлæ æввонгæй уарзджытæй мачи фæкъуыхцы уа, уый уæвæн нæй.

Уæтæрбег йе ‘ргом аудиторимæ фездæхта. Косадзæсгом лæппумæ фæкæсинаг уыди раздæр – йæ цæстыты раз æвæрд та фæци хъæлæрдзыдзаст чызг. Ручкæмæ ма бæргæ февнæлдта, фæлæ йын айрæджы – гуцъулагонд гæххæтт йæ къухæй куыд апæррæст ласта, уый ауыдта Уæтæрбег. Йæ галиу фарс къулрæбын чи бадти, уыцы чызджы къæхты бынмæ ныххауди гæххæтт.

Косадзæсгом лæппуйы æнæ гуырысхойæ феддæдуар кодтаид. Хъæлæрдзыдзаст чызгæн дæр æнæ арвитгæ хос нал уыди – иу дæр æм æрбакæсы, иннæ дæр, ома гæххæтт куыд азыгъгъуытт ласта, уый куы федтай, уæд æй ам ныууадздзынæ?

Чызг æм февдыста йæ тарст цæстытæ – лæгъстæ кодта, хатыртæ куырдта.

Уæтæрбег бацыд хъæлæрдзыдзаст чызджы цурмæ, йæ фыст сыфтæ йын йæ разæй систа æмæ загъта:

– Ацæуыны бар дын ис, – цадæггай акъахдзæфтæ кодта йæ цурæй, йæхи стъолыл æрæвæрдта гæххæттытæ. Æмæ та рудзынджы цурмæ бараст. – Дзурын дæм мауал бахъæуæд.

Хъæлæрдзыдзаст дуарæй куыд ахызти, ахуыргæнæг уый нæ федта.

Изæры институты кæрты Уæтæрбеджы развæндагыл алæууыди дзыгъуырдзæсгом чызг.

– Абон фæлварæнæй кæй рарвыстай, уыцы чызг ницы аххосджын уыди, – скасти йæм уымæл цæстытæй дзыгъуырдзæсгом чызг.

– Уæдæ чи у аххосджын? – бабустæ йыл кодта Уæтæрбег.

– Мæн аххос уыди, – загъта чызг, йæ къухтæ цы фæкодтаид, уымæн ницыуал зыдта. – Мæ хынцинæгтæ сарæзтон, фæлæ... Скъолайы дæр мæхиуыл никуы æууæндыдтæн... Дыккаг хынцинагмæ мæ зæрдæ æхсайдта, рафыстон æй æмæ йæ Афинæтмæ баппæрстон.

– Цы дæ фæнды, уый-ма зæгъ?

– Афинæт æппындæр ницы аххосджын у, – чызджы хъæлæс фæсасти. – Мæ гæххæтт мын уайтагъд фæстæмæ æрбаппæрста...

– Акса-ма, де ‘мбалы куыд фæрæдийын кодтай...

– Нæ йæ рарвитдзынæ, уыл куы æууæндыдаин, уæд ницы басусæг кодтаин. Афинæт...

– Æвæццæгæн дзы ницыуал рауайдзæн. Ацу æмæ дзы хатыртæ ракур.

– Афинæт зоны математикæ. Хорз æй зоны. Бауадзут æй иннæ фæлварæнмæ. Мæн мауал бауадзут.

– Афтæтæ гæнæн нæй.

– Ныр æртыккаг аз цæуы институтмæ.

– Æмæ, хи куыд дарын хъæуы, уый нæма базыдта.

– Афинæт никуы асайдта. Иунæг балл ын нæ фæфаг кæны. Тæригъæд у Афинæт. Сидзæр у.

Уыйадыл фесты чызджы ныхæстæ, æвæццæгæн, йæ зæрдæ æрбауынгæг. Азылди. Ацыди. Хуыцауæн табу, йæхи нæ ныллæмæрста, йæ цæссыгтæ нæ ныддиди кодта.

Дзыгъуырдзæсгом чызджы ныхæстыл ахъуыды кæныны фадат дæр нæ фæци Уæтæрбеджы. Фæсте йæ æрбаййæфта, институты æрæджы кусын чи райдыдта, ахæм æрыгон сылгоймаг. Физикæйы кафедрæйы лаборанткæ. Йæ дарæстæ ногæй-ногмæ кæй ивта, уый бафиппайдта.

Хъус-хъусæй йын йæ хабæрттæ базыдта. Цот сын кæй нæ цыд, уый тыххæй, дам, йæ мойæ ахицæн. Алы бон дæр ыл æрхæцы Уæтæрбеджы цæст, æмæ та йæхицæн фæзæгъы: «Ацы рæсугъдимæ куы базонгæ уаин, уый мæ куы фæнды, уæд ыл æргом цæуылнæ сæттын?»

– Дæ изæртæ хорз, Уæтæрбег! – лаборанткæ йæ куы баййæфта, уæд

ын салам радта. Лæппу йын ауыдта йæ цæрдæг цæстытæ. Æмбæхсыны фæлтæрæнтæ акодтой.

Къæмдзæстыгхуызæй йын æвдыстой йæ дæргъæлвæст цæсгом.

– Кæй изæр у, уый хорзæхæй хайджын у, – зæрдиаг салам ын радта Уæтæрбег.

– Бузныг, – йæ сæр зына-нæзына батылдта лаборанткæ æмæ хъæрæй сулæфыди, æвæццæгæн, йæ фæдыл фезгъордта. – Абондæргъы цалдæр фæлтæрæны скодтон æмæ та дæм мæ ныфс нæ бахæссын.

– Ау, ахæм гуырымыхъхъарæзт дæн.

– Иу уысм дæ æнцой не 'руагътой, æмæ адæймаг æфсæйнаг нæу.

– Ницы та мын уыдзæн, – загъта Уæтæрбег. – Дæ зæрдæ искæуыл риссы, æвæццæгæн?

– Мæ кæстæр æфсымæр мехфакмæ балæвæрдта йæ гæххæттытæ...

Кæртæй уынгмæ ахызтысты, æмæ лаборанткæ æрлæууыди.

– Фæллад уыдзынæ, æмæ дæ нал хъыгдарын. Мæ фыд ныр дыккаг мæй хуыссæджы хъæстæ нал фæци. Нæ мады цафонфæнды дæр райхъал кæны æмæ та йæ афæрсы: «Цæй, уыцы лæппуйæн цы уынаффæ кæнæм?»

– Абон лæвæрдта фæлварæн?

– Иннæбон дæтдзæн, – загъта лаборанткæ. – Æмæ æз ницы... мæ фыд афтæ æнхъæлы, цыма æз ректоры рахиз къух дæн. Йæ гæххæттытæ дæр ын ардæм мæн ныфсæй раттын кодта. Дзурын дæр мæ не суагъта. Ныр афтæ æнхъæл у, цыма æз лæппуйы хъуыддаг сарæзтон.

– Дæ зæрдæ нæ дарыс де 'фсымæрыл?

– Цауд ахуыр кодта. Цыдæр уæззау рауад. Иу къласæй йæ иннæмæ фæивтой...

– Æргом ныхасæн аргъ нæй, – загъта Уæтæрбег. – Фæлæ алкæй нæ хъæуы.

– Дæ кой фæкæнынц, – загъта лаборанткæ. – Иутæ дæ æгъатыр хонынц, иннæтæ афтæ: никуы, дам, никæмæн бахæрам кодта.

– Цæвиттон, ницы сараздзынæн, уый зыдтай, уæддæр мæм æрбацыдтæ.

– Мæхи, зæгъын, сæназым кæнон. Сомыхъом куыд уон. Ныр нæхимæ истытæ дзурдзынæн. Мæ цæст не 'рныкъулдзынæн, афтæмæй мысдзынæн...

Уæтæрбег йæхимæ ныффыста лаборанткæйы æфсымæры ном, йæ мыггаг. Зæрдæ йын ницæмæй бавæрдта, уый йын гæды ныхас уыдаид. Йæ хъус æм æрдардзæн, чи зоны, бынтон æдзæллаг нæу.

Лаборанткæимæ фæхицæн уой, уый йæ нæма фæндыди. Ноджы йæ фæллад куыддæр æрбайрох. Ахæм рæстæг киномæ цæуыны кой скæнынц æмæ, йæ гæды ныхас циу, Уæтæрбег æнæзивæг æрзылдаид лаборанткæимæ кинотеатртыл, йæ фарсмæ фæбадтаид. Фæлæ ницы ской кодта. Хæрзæхсæв ын загъта.

Уæтæрбег йæ ныхмæ цæуджытæн касти сæ фадыварцмæ. Куы ничи йæ фæуромид. Ахæмтæ ис, йемæ куы нæ фемдзаст уай, уæд дæ нæ бахъыгдардзæн. Хъуыды кæнын æй ницæуыл фæндыд. Адæймаг сæумæрайсом йæ куысты сæргъы сыгъдæгзæрдæйæ куы балæууа, æнæсайд фæллой куы бакæна, уæд ын изæрдалынгтæ хъуамæ æрхæссой æнæмæт сахæттæ, удæнцой хъуамæ бавзара.

Уæтæрбег цыди æмæ хатыдта: не сæнæмæт уыдзæн, фæлварæнæй кæй рарвыста, уыцы чызг йæ цæстыты разæй нæ акомдзæн... Дзыгъуыырдзæсгом чызг йæ сæрыл куынæ сдзырдтаид, уæддæр йæ зæрдыл лæууыдаид. Фæлварæны фæстæ хъæлæрдзыдзасты æрдæгарæзт куыстмæ æркасти æмæ дзы йæ зæрдæ барухс. Фæсмон æрцыди Уæтæрбегмæ, йæхи æфхæрдта: «Ма йæ бафиппай, уый дæ бон куы уыди, уæд дæхиуыл цæуылнæ фæхæцыдтæ? Æгæр карз дæ, æгæр æгъатыр. Æнæсайд адæймаджы ном дыл сбадти, æмæ дыл къæм куы абада, уымæй дæхи хизыс».

Иу хъуыды сайдта иннæйы, æмæ ахуыргæнæг ахæццæ чызджы хæдзармæ. Афонмæ кæуынæй йæхи бахордта.

Æвæццæгæн ын фыд нæй (йæхæдæг фыды рæвдыд нæ бавзæрста æмæ уымæн афтæ хъуыды кодта). Йæ сæрыл сдзурæг кæмæн ис, уый та йæхи мæгуыр цæмæн хоны, зæгъгæ, хæрзаг кæмæдæрты ныттæхуды кæны.

Иуæхсæвы бухархудджын æнцой не 'ркодтаид, кæйдæр хæдзармæ ма бацыдаид кувæндонмæ цæуæгау.

Дыккаг бон дæр Уæтæрбеджы йæ сæр схъил кæныны бон нæ фæци. Бадтысты, суанг фæссихæрттæм фысгæ куыстытæн аргъ кодтой. Уый фæстæ дæр ма дзы исты кусинæгтæ разындаид, фæлæ Уæтæрбег йæхи ракуырдта.

Мæ мад тынг рынчын у, æмæ йæм ныууайон, зæгъгæ, сæфсон кодта. Йе 'мбалы «Волгæ»-йы абадти æмæ, хъæлæрдзыдзаст чызг кæм цæры, уыцы хъæуы балæууыд. Фыццаг кæй афарста, уый йын ацамыдта сæ хæдзар – ныллæгтыргъ, шиферсæр. Кулдуар йæ армытъæпæнæй бахоста, æмæ кæрты фегуырди фæдисон куыдз, кулдуары бынæй йæ бырынкъ февдыста æмæ сгъæйтт-æйтт ласта.

Тыргътæм рауади фистæгцонг сылгоймаг. Ауыдта Уæтæрбеджы. Куыдзыл йæ къухтæ сцагъта, ратындзыдта кулдуары цурмæ.

– Ды Афинæты мад дæ? – афарста Уæтæрбег.

– Гъеуый бæргæ дæн.

– Æмæ уæм уæд мидæгдæр цæуын.

– Табуафси, уæртæ де 'мбалы дæр рахон, – машинæмæ ацамыдта фысым.

– Цæуын нæ хъæуы.

Лæджирттæгæй æмæхгæд кæрты къах æрæвæрын цæст нæ уарзта. Афтæ дæ пинджак феппар, дæ дзабыртæ, дæ цъындатæ фелвас æмæ дзы бæгъæввадæй ауай, дæхи дзы уæлгоммæ æруадз æмæ дзы фæфынæй кæн.

– Цыма уæм хæрзæрæджы къæвда æрцыди, – загъта Уæтæрбег, – лæджирттæг мæлæты сыгъдæг у.

– Цæмæй счъизи уа, фосы къах æм нæ хæццæ кæны. Нæ чызг ыл резинæ тъангæй дон апырх кæны.

Сбадтысты фæткъуы бæласы бын.

– Афинæт кæдæм цæуы, æз уыцы институты кусын, – загъта Уæтæрбег.

Сылгоймаджы цæстæнгас фæтар ис, æнæбары сдзырдта:

– Фæрнæй дзы фæкус.

– Афинæт знон æрцыди уæхимæ?

– Æрбабырыди та. Йæ сым-сым фæцыди.

– Æнхъæлдæн æмæ ма йæ ды дæр бафхæрдтай? Æмæ кæд ницы аххосджын у, уæд та? Кæд ын хæрам бакодтой?

– Нæ зонын, ницыуал мæ сæрæн зонын, – аджих ис Афинæты мад.– Куыд чындæуа, куыд цардæуа, нæ зонын. Фæлтау зæнæджы ад куы никуы бавзæрстаин.

– Ныййарæджы маст бирæ нæ хæссы, – загъта Уæтæрбег. – Уайтæккæ та дæ зæрдæ æрфæлмæн уыдзæн.

– Йæ къахыл куы ауади, уæдæй нырмæ чиныгæй йæ сæр нæ систа. Уæдæ ацы æртæ азы цы фæфыдæбон кодта, уый та бынтон диссаг у. Æмæ та мæм йæ цæссыгтæй йæхи æхсгæ æрцæуы. Уæд цæмæн хъæуынц уыцы ахуыртæ? Мæнæ авдæнау тул, тул æмæ макæдæм хæццæ кæн. Цæстытæ кæуыл ис, йæ къух кæмæн тасы, уыцы чызг дыууадæс азмæ дыууадæс мийы уæддæр базыдтаид. Махон та чиныгмæ фæкасти. Æмæ кæсынæй истытæ куы уаид, уæд не 'дзæллаг хæдзар афонмæ галуан фестадаид.

– Уыцы ныхæстæй йын бынтондæр йæ зæрдæ амардзынæ, – загъта Уæтæрбег. – Æз дæ æмбарын, дæ тыхстæй дзурыс. Ныфс бауадзын хъæуы адæймаджы.

– Мæнæ исты курсытæм бацæуæд. Гъе хæринаггæнджыты, гъе хуыйджыты. Мах йеддæмæ-иу æнæ институтæй мачи баззайæд.

Уæтæрбег хæдзармæ йæ хъус дардта. Кæд Афинæт сæхимæ ис, уæд сын сæ ныхас æрыхъуыстаид. Чи зоны, уæртæ гом рудзынджы цур æндзыгæй лæууы. Хъуымац æмбæрзæны ауунæй сæ уыны.

– Хъусын дæм, – хæдзармæ куыннæ фехъуыса, ахæм хъæлæсæй загъта Уæтæрбег, – æмæ мæм афтæ кæсы, цыма хабар бæлвырдæй нæ зоныс.

– Цы ма дзы зонын хъæуы. Ницы та сарæзта, уæгъды та фæбадти. Дысон уыцы тыппырæй æрхæццæ. Фæрсгæ дæр æй нал бакодтон, сахуыр афон мын нæу?

– Маст адæймаджы къуырма кæны. Хабар куы базыдтаис, уæд нæм слæбурдтаис, афонмæ ректоры кабинеты дуармæ бадис.

– Æмæ мын кæд цы фæзæгъы. Æниу дын йæ сæрмæ истытæ хæссы. Иухатт фæцыдтæн горæтмæ. Адоны дард æрвад кæцыдæр институты кусы, æмæ дæ, зæгъын, ууыл бафæдзæхсон. Æмæ мæ кой дæр не суагъта, мæ гæххæттытæ, дам, нал ахæсдзынæн.

– Цæвиттон, Афинæты бафхæрын хъуыди æмæ æфхæрд дæр æрцыд. Йæхæдæг дын æй радзурдзæн. Ныр та... Истæмæты æркæсæд.

Уæтæрбег йæ блокноты сыгъдæг сыфыл афыста: «Афинæт, иннæбон институтмæ фæзын. Сæумæрайсом 9 сахатыл уыдзынæн институтмæ исæн къамисы уаты. Дуаргæсæн-иу зæгъ: «Уæтæрбег мæм сиды». Æрдæгконд хынцинаг кæронмæ скæнын хъæуы. Тыхсгæ ма кæн, дæхи цæттæ кæн. Уæтæрбег».

– Мæнæ йæм ацы гæххæтт ратт, – загъта Уæтæрбег. – Ныфсытæ йын авæр, æнæмæнг-иу рацæуæд.

Лæппу сыстади, йæ къух радта Афинæты мадмæ.

– Дæхи мауал хæр, хабæрттæ хъуамæ нывыл ацæуой.

– Æцæг зæгъыс? – мад йæ къухтæ йæ дæллагхъуыртæм сдавта, йæ цæстытæй рахъардта фæйнæ рæсуг цæссыджы. – Уæдæ нæ чызг нæ фæмæнг ис?

– Кæд æй, мыййаг, бафхæрдтай, уæд дзы хатыртæ ракур.

– Æмæ уæдæ... Хуыцау дæ сараза! – йæ цæссыгтæ куыд цæрдæг асæрфта, куыд ныррухс ис йæ цæсгом. Цæсты бынты цæхгæр æнцъылдтæ цыма амвæз сты. – Зæрдæ дарæн ыл ис, зæгъыс?

– Æууæнд ыл. Нæ фæфыдæнхъæл уыдзæн, зæгъгæ йæ афтæ банымай.

– Бахатыр кæн, ме ‘нæууылд ныхæстæй дæ дæ хъуырмæ скодтон. Сидзæрæй мын схъомыл. Æмæ уый тыххæй мæгуыры къултæ никуы бакодтон. Æнæсайд саби мын уыди. Йæ чысыл удæн æнцойдзинад никуы радта. Кæддæр мын иу хорз ус афтæ загъта: «Дæ чызг зæххон амондæй стыр хайджын уыдзæн». Йæ ном Госæзи хуынди. Зæгъæн ын нæй, ахæм хорздзинад мын ракодта. Æмæ йын æй æз та уæздан ныхасæй дæр нæ бафыстон. Нæ чызг куы фæкъуыхцы вæййы, уæд афтæ акæнын, кæд мын, зæгъын, Уæлладжы тæрхон у.

Уæтæрбеджы зæрдæ машинæмæ ахсайдта æмæ хæдзары хицауы ныхæстæм йæ хъус нал æрдардтаид, фæлæ Госæзийы коймæ фæкъæрцхъус.

– Уагæры цавæр хорздзинад зоныс уыцы Госæзийæ? – бафарста лæппу.

– Мæнæ кæй тыххæй сфыдæбон кодтай, уый Госæзиты хæдзары райгуырди. Зымæджы къæсæрыл. Хæсты тымыгъы. Цы уынгæджы бон мыл уыди, цы уынгæджы бон! Мæрдтæй мæ раздæхта Госæзи. Æмæ цас фертхъирæнтæ кодтон, зæгъын, цæуон, бацагурон æй. Æмæ ирон адæймаджы нæ зоныс, æмгъуыдтæгæнаг стæм. Фæсхæст рæстæг мæгуыр уыди. Цыбыркъух хастон. Лæвар кæнынхъом куы фæдæн, уæд та... Мæ цæсгом æм нал бахъæцыд. Æгæр бирæ рæстæджытæ аивгъуыдта. Æмæ ма ныр мæхи фæсмонæй бæргæ хæрын. Аивæй йæ, зæгъын, цæуылнæ бацагуырдтон. Хуыцау ын бирæ цæрæнбон раттæд. Цынæ вæййы, уæд та, зæгъын, гъе сæйгæ у, гъе... Бахатыр кæн, афтæ дзураг нæ вæййын. Фæлæ мæ æрцардтай...

– Афинæтыл дæ зæрдæ дар. Ацы хатт ын институтмæ æнæ бахаугæ нал ис, – загъта Уæтæрбег æмæ фысимы цонгмæ бавнæлдта, кæртæй цалынмæ ахызтысты, уæдмæ йæ не суагъта. – Цæй, хæрзбонтæ уал раут. Машинæйы куы сбадти, куы араст сты, уæд æмбал Уæтæрбегмæ æнæуæнк каст бакодта:

– Уыцы чызджы никуы федтон, уæддæр ын йæ сурæт сныв кæнин.

– Де уæны акастæ? – йæ ныхас ын ницæмæ æрдардта Уæтæрбег.

– Дæ цæстыты йæ сурæт баззад.

– Чызджы куынæ федтон.

– Раст ма зæгъ, рæсугъд чызгæн æвзæр бæрæггæнæн сæвæрынмæ дæ къух фæтасы?

– Рæсугъдтæн та цы у, тæригъæд кæд кæнæм, уæд фыдуындтæн.

– Уæддæр дæ цины сæр цы у?

– Де уæны цасфæнды куы фæкæсай, уæддæр ницы базондзынæ. Æмæ дæ цымыдис цыппардзæстон куынæ скодтаид, уæддæр дын æй радзырдтаин.

...Немыц Ирыстонмæ кæй æрбахæццæ уыдзысты, уый алкæй дæр бауырныдта. Адæм хъæдмæ лыгъдысты. Уæтæрбегты хъæуккæгтæ дæр искуы-иутæй фæстæмæ фæлыгъдысты. Уæтæрбегæн йæ мад Госæзи загъта: «Лæппу, уымæл ныккæнды цытæ кæндзыстæм. Фæлтау лæууæм. Ардæм чи æрбахæццæ уа, уый нæ уым дæр ссардзæн».

Сæ хъæу хъæдрæбын æрæнцад. Æмæ лигъдæттæй сæ уынгты бирæ ацыди. Чи дзамбас бæхы баифтыгъта, чи – йæ хуыскъаг стуры. Чи лæгуæрдонæй ласта йæ мæгуыр муртæ, чи сæ æккойæ хаста. Лигъдæттæ-иу хъæумæ æруадысты. Иухатт сæм цæхгур æрбахостой, иннæ хатт сæ хъæллæгъы куыристæ аластой. Цырагъ судзын афон-иу алчи йæ хæдзары рудзгуытæ бамбæрзта, æмæ уынгты уырзæй сгаргæйæ цæуын хъуыди. Суг сыстæм, æмæ адæм сæ бæлæстæ калдтой. Госæзи загъта: «Ихæнæй куы сæфæм, уæддæр уыцы бæлæстæм фæрæт нæ сисдзынæн. Ардыгæй-ардæм иу суджы къæцæл самал кæнынæн чи нæу, уымæн йæ мæлæт хуыздæр». Æмæ фæцыдысты хъæдмæ. Афоныл бæргæ бабастой сæ суджы куыристæ. Рараст сты. Уалынмæ кæцæйдæр фæзындысты немыцы хæдтæхджытæ. Цалдæр фæлтæрæны скодтой, хъæды сæрмæ-иу сæхи систой, æввахсдæр хъæутыл-иу сæхи раскъæрдтой. Бомбæтæ-иу æрызгъæлдтой. Сæ нæрын, æвæццæгæн, зæххы бынмæ дæр хъуысти. Куы фæталынггæрæттæ, уæд сæ сугтæ сæккой кодтой. Зæхх уыди лæхъир, йæ уазалæй буар руади. Уæтæрбеджы уырзтæ бандæвтой, йæ къæхтыл цыма дзабыртæ дæр нæ уыди, цыма бæгъæввад къахæй цыди зæххыл. Мад ын загъта: «Аппар де ‘ргъом. Сæумæраджы йæм æрбауайдзынæн». Фæлæ Уæтæрбег сæ сыхы лæппуты хъомылдæр уыди, æмæ уый йæ сæрмæ куыд æрхастаид. Улæфгæ-улæфгæ фæцыдысты. Хъæумæ куы бахызтысты, уæд цыма фæхъармдæр и. Сæхи уынджы куыд сзылдысты, афтæ айхъуыстой кауы къæрцц-къæрцц.

Сæ хъус æм æрдардтой.

– Чи стут? – фарста нæлгоймаджы хъæлæс.

– Ирæттæ бæргæ стæм, – дзуапп ын радта сылгоймаджы хъæлæс.

– Ацы æртафоны уæ цы æрæсырдта?

– Хъæдæй æрцыдыстæм. Уæ сылгоймæгтæй ма нæм исчи ракæсæд.

– Чи стут, цы стут – хæйрæг уæ дæсны, – бахъуыр-хъуыр кодта нæлгоймаг– Ацæут, нæ мæгуырыл нæ ныууадзут.

Дуары хъæр фæцыди. Цъусдуг ницыуал, стæй айхъуыстой хъæрзын, катайы ныхас: «Мæ бон бакалди, цы кæнон! Цы ма фæуон!» Иннæ хъæлæс: «Ма тыхс, бафæраз. Мæнæ афтæ кауы æнцой абад. Æз ма искæмæ бадзурон».

Цасдæры фæстæ та айхъуыстой рудзынджы авджы къуырцц-къуырцц.

– Хорз ус, Хуыцауы хатыр бакæн, – загъта æрдæбоны сылгоймаг кæуын хъæлæсæй. – Уынгæджы бон ныл ис, æмæ цы бакæнæм...

Дарддæр ныхæсты скъуыддзæгтæ ахста Уæтæрбеджы хъус.

– Ахсæв нæ бауадзут... зын раны бахауд. Хæстбойнон... Хæсты арты уын чи ис, уыдоны хатыр бакæн – сæфы сылгоймаг. – Ницыуал та райхъуыст дзæвгар рæстæг, стæй æввахсдæрæй: – Гъе, мæгуыр, гæвзыкк зæрдæтæ! Хуыцау дæр уын куынæ ис!

Госæзи Уæтæрбегæн афтæ:

– Лæппу, рæвдздæр-ма рацу.

Мад аразæй йе 'ргъомимæ, адзырдта:

– Фæлæуут-ма, хорз адæм.

Лæппу хъуыста, мад йæ къæхтæ цъыфæй тыхтынд куыд скæны, уый.

– Рахизут, нæ мæгуыр къуымыл уæхи бафæдзæхсут.

Уæтæрбегтæм дыууæ уаты уыди. Стырдæры-иу зымæгон æфсæйнаг пец сæвæрдтой, фæлæ уымæн згæ йæ фæрстæ бахордта, æмæ йæ раппæрстой. Чысыл уаты дурын пецы изæрæй баарт кæнынц æмæ ма сæумæрайсом дæр йæ къул хъæрмуст вæййы. Чысыл уаты хъæдын сынтæг æмæ нарæг тъахтъин йеддæмæ ницы ис. Сынтæгыл Госæзи фæхуыссы, тъахтиныл – Уæтæрбег. Æмæ лæппу скатай: уалæй кæмыты схъуысдзысты? Уазал уатмæ цæугæ сæ кæмæн æрцæудзæн?

Æнафоны сылгоймæгтæй иу арфæтæ кодта, Уæтæрбеджы сугты куырисæй сисинаг уыди, фæлæ йæ Госæзи нæ бауагъта, де 'мбалмæ фæкæс, зæгъгæ. Æмбал хъæрзыдта, уыцы иу ныхæстæ дзырдта, фæцудыдта-иу, фæцæй-иу хауди.

Хæдзары Госæзи зилæнтæ систа. Хъæдын сынтæджы хуыссæн бакодта æмæ рынчыны къухыл ахæцыд. Уæтæрбеджы та уазал уатмæ бадавта æмæ йæ хъæццулы бын нынномста. Лæппу сæнæхъару, ныккуыдтаид, фæлæ рынчын усы æнæфсарм богътæй дзурын дæр нал сфæрæзта.

Йæ хъусты йе 'нгуылдзтæ батъыста, уæддæр æм хъуысти.

Æрæджиау кæддæр йæ къухтæ куы стæфстысты, йе 'нгуылдзтæ тасын куы байдыдтой, уæд рынчын усы æрдиаг фенцади, æмæ лæппу

сонтæй айхъуыста фыдуынд æнахуыр лыстæг цъæхахст. Иуафон æм йæ мад æрбауади æмæ йын йæ къæхтыл цыдæр хъарм авæрдта.

– Нæ уазæгæн чызг куы райгуырди! – аппæлыди Госæзи. – Амондджын ирвæзт акодта, мæгуырæг.

Дыккаг бон Уæтæрбег хæдзармæ нæ бауæндыд. Мад ма йæм уазæг усы дæр барвыста. Пецмæ дæхи батав æмæ та рацæудзынæ, зæгъгæ йын фæлæгъстæ кодта, йæ цонгæй йæ ласта, фæлæ лæппу сынтæгыл ныззæгæл. Æртыккаг бон æй басайдтой хъарммæ: рынчын фынæй уыди. Ноггуырды мадæй дæр æфсæрмы кодта, тынгдæр та, ноггуырды куы ауына, уымæй тарсти. Æмæ хъæдын сынтæджы ‘рдæм цæсты кæронæй дæр нæ бакасти. Уый фæстæ бонты дæр сæ йæхи фæхызта. Барæй-иу ныффæстиат куы уынджы, куы сыхæгтæм, æмæ-иу æй фæндыди, изæры сæ сæхимæ куынæуал баййафид, уый.

Ноггуырды мад цæуынхъом фæци æмæ цæуыны къахыл ныллæууыди. Госæзи йæ бахъæрмттæ кодта. Фæндагмæ сын хæринаг арæзта. Уæтæрбег уаты ныхъхъус, ома мæ куы айрох кæниккой. Иурæстæджы дуар æрбайгом æмæ дын æм ноггуырды мад куы æрбацæуид.

– Алæ-ма, ацы фырнымд лæппуйы иу уынд уæддæр фæкæнон, – загъта фæллад хъæлæсæй ноггуырды мад. Уæтæрбег йæ сæрыл схæцыд, цъусдуджы бæрц ын ауыдта йæ хуыздзыд цæсгом. – Куыд дын раарфæ кæнон, нæ зонын. Дæ хъарм хуыссæнæй фæхауæггаг дæ. Цæй, ирон лæппутæ ус æрæгмæ кураг сты, æмæ, чи зоны, мæ сиахс бауай...

– Фæлæуу-ма, фæлæуу, – цымыдисæй сдзырдта машинæтæрæг. – Æмæ йын дæхи нæ бацамыдтай?

– Нагъ.

Машинæйы цыд фæкъуызыд, ныссындæг.

– Цы дæ зæрды ис? – афарста Уæтæрбег.

– Цом, фæстæмæ, – фидарæй загъта æмбал. – Дæхи бацамон, хæрам ма кæн.

– Æндæр хатт, – рулыл фидар æрхæцыд Уæтæрбег. – Æруайдзыстæм та сæм. Ацы хатт дæ уынджы нал ныуадздзынæн.

– Æдзæстуарзон дæ, Уæтæрбег. Зæхмæ дæ нал æруадзиккой, уый дын зæгъын.

– Уадз æмæ уал чызг йæ фæлварæнтæ ратта. Барæй йæ цæмæй къуыхцы кæнæм.

– Чызгмæ, æвæццæгæн, дæ хъус фæдардзынæ, уæдæ цы?

– Фендзыстæм.

Ӕндæраз йе ‘мхæрæфырт институтмæ цыди. Йæ мадыхо сæм къахихсыд баци. Ныссомы-иу кодта: «Нæ лæппу институтмæ куынæ бахауа, уæд кæрæдзийæн ницыуал бавæййæм!» Ӕмхæрæфырт бæрæггæнæн сайæн ахуыртæ фæкодта скъолайы, æмæ йæ йæхи бар ауадз, уæд фыццаг фæлварæны фæкъуыхцы уыдаид. Уæтæрбег дзы дзырд райста: «Институтмæ куы бахауай, уæд исты базмæлдзынæ?» Хæрæфырт ард бахордта: «Иу рæстæмбис бæрæггæнæн дæр нæ райсдзынæн». Бахауди æмхæрæфырт институтмæ, иу семестр фæцыди лекцитæм. Зымæджы фæлварæнты дыууæ хатты фæцудыдта. Уæтæрбегмæ æрбалæууыд æххуысагур. Уый йæм ницы сдзырдта, бацыди деканатмæ æмæ йе ‘мхæрæфырты ацух кæнын кодта. Искуы ма искæй сæрыл куы сдзурон, зæгъгæ, карз сомы загъта.

Уæтæрбеджы фæндыди, Афинæт институтмæ куы бахаудаид, уый. Йæ мад Госæзи йæ фыццаг хатт йæхи къухæй цынадта, Уæтæрбеджы хаст сугты арты хъарм ацыди йæ хырыз буары. Мад ма сæ-иу æрæджиау дæр æрымысыд. Цæмæ сæ ауагътон, зæгъгæ, йæхи азымы дардта. Кæд бынатмæ нæ фæхæццæ сты, кæд сыл искуы минæ фехæлд, кæд немыцы къухтæм бахаудысты.

Ис бæлвырд цыдæр, æрдзон сусæг хъомыс, адæймаджы зонд æй нæ ахсы. Хуыцауы комытæфæй райгуырд, зæгъгæ, нымад æрцæуы æмæ нæфæтчиаг агъуды бацæуы. Фыдæбонджын адæймаджы удæй цы ахауы, уыцы хъомыс уырдыгæй гуырдзæн, æндæр цы.

Уæтæрбегæн Афинæтæй йæхи иуварс аласæн нæ уыди.

Афинæты фыццаг фæлварæн фæрæстмæ. Дыккаг фæлварæн кæмæ лæвæрдта, Уæтæрбег уыцы ахуыргæнæджы рагацау бацагуырдта. Афинæты сурæт ын снывкодта æмæ йын æбæрæг хуызы загъта:

– Зоны, фыдæбон кæнын уарзы, фæлæ йæ зæрдæ йæхиуыл нæ дары.

– Ды та йын психолог дæ, æвæццæгæн? Афтæ хорз æй хуымæтæджы нæ зоныс.

– Цæй, æндæр хатт мæм-иу баджигул кæн.

– Чи дын у, чи?

– Хорз чызг у.

– Уæ уаты рæбинаг къуым кæмæй сфидаудзæн, уый ма уæд?..

Уæтæрбег ыл йæ къух ауыгъта, рауади йæ цурæй, æддозæй ма йæм мæстæймарæн дзагъул фæласта. Уый фæстæ Уæтæрбеджы хъæппæрисæй фембæлдысты. Фæкъæйныхдæр мæм уа, зæгъгæ, чызгмæ хионы ныхас скодта.

– Истæмæй тæрсыс? – афарста Афинæты.

– Цалынмæ мæ билет æртæ хатты бакæсын, уæдмæ мæ чемы не ‘рцæуын.

– Ныр зонындзинæдтæн аргъгæнæг робот куы уаид, уæд дын цавæр бæрæггæнæн сæвæрид?

– Цыма цыппар.

– Гъемæ æз дæр раст афтæ хъуыды кодтон.

– Бузныг.

Институтмæ исæг къамисы фæстаг æмбырды Афинæты ныффыстой студентты номхыгъды. Уæтæрбеджы йе ‘мбæлттæ хуыдтой хъæдбыны сатæгмæ. Чи, кæсагахсынмæ ауайæм, загъта, чи йæ цуаны цæуынмæ разæнгард кодта. Уæтæрбег та йæ мады æрымысыди. Афонмæ та йæ цæстытæ ныуурс сты, бонтæ æмæ та æхсæвтæ хæрзаг фæнымадта. Хъæумæ ма мæй иу хатт кæд ныфты, уæд хорз. Хорзау нал фæвæй-йы æмæ та йæхи атоны талф-тулф, æнуд горæтæй. Фæфынæй кæны, бæгъæввадæй азгъоры сæ кæрты, хъарм хойрагæй та йе ‘фсис базоны.

Хъæуы, автобуслæууæнæй сæ хæдзармæ иу гæпп йеддæмæ нæу, фæлæ Уæтæрбег нал æмæ нал хæццæ кодта.

Мæскуыйæ æрæджы ссыди, наукæты кандидат сси, æмæ йæ уыдæттæй ничи бафарста. Йæ сæры урсытæм ын амыдтой, уæртæ дæ чындзæхсæвы кусæрттаг уынгты рацæуын нал уæнды, зæгъгæ, йæ мæстæй мардтой. Уæтæрбег сæм хъуыста, йæ цæсгом æнхъырдтæ кодта, йе уæхсчытыл-иу схæцыд.

Сæхимæ баййæфта йæ мад æмæ йæ хойы. Хо моймæ æртæ азы размæ ацыди. Районы стырдæр хъæуы цæры. Ахуыргæнæгæй кусы. Уæтæрбег уыцы хъæуы нымадæй кæд уыди дыууæ хатты, уæддæр зоны, æртæ азы дæргъы сæм цал дипломджын чызджы æрæрвыстой, уый. Хо æргом ницы суæнды, фæлæ йæм куы тилифонæй сдзуры, куы йæм хонæг сæрвиты, тагъд мæм фæзын, зæгъгæ.

– Мæ чысыл хæрæфырты мын цæуылнæ рахуыдтай? – афарста Уæтæрбег йæ хойы.

– Дæ мæтæй мæлы. Æз, дам, ахæм æдзæллæгтимæ æмдзæхдон нал кæнын.

– Госæзи, ды дæр мыл нæ цин кæныс? – лæппу фездæхти йæ мадмæ. Мад йæ раздарæны фæдджитыл йæ къухтæ сæрфта, æмæ йæм хæлар цæстæй касти, цыма йыл цъæррæмыхст исты куы ауына, уымæй тарсти.

«Куыд æрæгмæ цыдтæ» дæр нæ загъта, афарста йæ:

– Æххормаг дын нæу?

– Бæгуыдæр мын у æххормаг. Ме ‘ндæрæбоны хæйттæ дæр ма мын рахæсс.

Фæсхæрд Госæзи сбадти йæ фырты фарсмæ æмæ загъта:

– Гъер мын истытæ радзур. Дæ экзаментæ ахицæн сты?

– Фæхицæн та сæ кодтам.

– Æмæ дын æнцойбонтæ нæ авæрдтой?

– Бонтæ мын уыйбæрц радтой, æмæ дын дæ картоф скъахдзынæн, хъæдур згъалынмæ дæм фæкæсдзынæн. Дæ пец дын райхалдзынæн...

– Пец ницы райхалдзыстæм!

– Цæуылнæ? Айфыццаг мæ куы баййардтай?

– Æндæр ранмæ лидзæм, – йæ ныхас æрбаппæрста хо дæр.

– Ды дæ бинонты къордимæ ралидз-балидз кæн, мах Госæзиимæ никæдæм лидзæм...

– Лидзæм, лидзæм, мæ къона, – йæ сæр батылдта мад. – Уæртæ нæ бакомкоммæ уыдон сæ хæдзар уæй кæнынц, æмæ нын цæмæй ма аирвæза, ууыл бацархайын хъæуы.

Нæ хæдзары æмбæрзæндуртæ ранæй-рæтты ивд куы æрцæуиккой, зæгъгæ, сæм-иу ныхас рауади. Кулдуары цæджындзтæ ивинаг сты, зæгъгæ, дæр-иу загътой. Се ставнæтæ ныггæрæм сты, æмæ ахорæн æлхæнинаг вæййынц.

Госæзийы ныхæстæ армытъæпæнмæ кæсæгау æнцонæмбарæн рауайынц.

– Цы ныхъхъус дæ? – бафарста хо. – Хæдзары хицауæн исты дзуапп раттын хъæуы.

– Уырнгæ дæр мæ дзæбæх нæ кæны, –загъта лæппу.

– Цы дæ нæ уырны?

– Уыцы хæдзар махмæ кæй æрхаудта, уый.

– Хъавджытæ йæм иу æмæ дыууæ нæ уыди, – загъта Госæзи. – Къаддæр уæддæр сæм бон дæс хатты бахойынц. Афтæ се ‘хца сæ дзыппыты...

– Гъемæ бафидауæм, æндæр ма цы! – загъта Уæтæрбег. – Æрмæст, Госæзи, иу хабарыл нæ ахъуыды кодтай.

– Ома цæуыл?

– Фондз æмæ дыууиссæдз азы кæмæн фæтабу кодтай, уыцы бынаты хицаумæ дæ уынаффæтæ рæсугъд куынæ фæкæсой, уымæй нæ тæрсыс?

– Табу йæхицæн! – алæгъстæ кодта Госæзи, цармæ скасти. – Йæ сыгъдæг ном ын ссардзыстæм. Нæ акъахдзæф амонддæжын уыдзæн.

Фæсахсæвæрты, Госæзи йæ хуыссæн куы бацагуырдта, уæд хо æмæ æфсымæр фæйнæ бедрайы райстой æмæ доны былмæ сæхи ныййистой.

Уæтæрбег былгæрон æрлæууыд, доны хæл-хæлмæ дзæвгар фæхъуыста, зыдæй улæфыди сатæг уæлдæф.

– Иучысыл абадæм, – загъта æфсымæр. – Фаллаг сыхæй ма-иу ардæм æдæрсгæ кæм рауайдзыстæм.

– Дæ изæры ныхæстыл дын уайтæккæ дæр фæдызæрдыг дæн, – загъта хо. – Дзыцца дæр сывæллонæй уæлдай нæу – хъазæн ныхас дæр не 'мбары, уайтæккæ цин кæнынмæ фæвæййы.

– Хæдзар куы балхæниккам, уый дæу дæр фæнды? Гъемæ фæуæд, – йæхи нæууыл æруагъта Уæтæрбег. – Абадæм уал.

– Æз дæ ницы домын, – загъта хо. – Æгъдау дæ домы. Цард йæ кæнонтæ кæны.

– Уæдæ æрмæст Госæзийы зондæй лидзæм фаллаг сыхмæ? – дис кодта Уæтæрбег.– Акса-ма, хъæбул йæ ныййарæджы нæ бамбæрста. Ахъуыды ма кæн...

– Госæзийы ницыуал хъæуы. Къæвда бон дæр йæ катай дæуыл у, кæд мын искуы мæ лæппуйы къæвда æрцахста, кæд йæ хæдзары æртдзых дæр нæй. Дæуимæ баст чи нæ уа, ахæм хъуыды йæм нал æрцæудзæн.

– Афтæ у. Æмбарын æй.

– Хъуамæ йæ æмбарис. Хъуамæ дæ-иу дæ мадмæ дæр равдæлид.

– Ныуайон, зæгъгæ, æмæ та... Ничердæм фаг кæны рæстæг.

– Æруайын диссаг нæу. Алы цыдæн дæр ын-иу йæ тæбæгътæй иу асæтт. Йæ зæрдыл иу цы дара.

– Уæддæр цы 'рцыди? Зæгъæм, уыцы хæдзар куы балхæнæм, уæд цы? Æниу дзы цæргæ та чи кæндзæн?

– Хæрз хуымætæджы хынцинаг, ссарын дзы хъæуы иунæг æбæрæг нымæц.

– Мауал мæ мæстæй мар. Мæ сæр ницы ахсы.

– Уæтæрбег, искуы моллойы конд чиныг дæ цæстæй федтай?

– Хъуыраны кой кæныс?

– Æртæдзыхон. Уырзты æхсæн ын бамбæхсæн ис, афтæ чысыл?

– Кæддæр не 'мбæлттæй иуæн йæ мад кæсгон моллойы конд чиныг йæ хъуырыл бакодта. Мæлæтдзаг рынчынтæ-иу фæци. Цæстдзыд æй хуыдтой.. Найынмæ ацыдыстæм. Йæ хæдон куы феппæрста, уæд ма йæ зæрдыл бæргæ æрбалæууыд... Цæмæн мæ фæрсыс?

– Зæгъ-ма, уе студенттæй искæмæ моллойы конд чиныг куы разынид, уæд æй институтæй нæ ацух кæниккат?

– Студентмæ моллойы чиныг?!

– Студент цы – уæвæн ис æмæ ахуыргæнæгмæ дæр разына.

– Аргъæуттæ мын ма дзур.

– Сæ ахуыргæнæг дызæрдыг кæнын кæмæн нæ зоны, уыцы студенттæ мæгуыр сты.

– Цæмæндæрты уæвæн нæй.

– Æз та зæгъын, ис. Мадæн уыди иунæг хъæбул. Мад – талынг адæймаг. Фырт ахуыры фæндагыл лæуд. Мады фæндиагæй фырт дæс къласы каст куы фæци, уæд хъуамæ хъуыддаг бакодтаид. Фырт æй кой дæр не суагъта. Институтмæ бацыди. Каст æй фæци. Мад цинæй марди, уæдæ ныр мæ хъæбулы æнæ чындзæхсæвæй нал ныууадздзынæн, зæгъгæ. Фырт та ныффæрск: æххæст ма акусон, æдзæллаг стæм. Фæкуыста иу ран, иннæ ран, æмæ та ног æфсон: æххæст аспирантурæмæ бацæуон...

– Мады ном – Госæзи, йе 'гоммæгæс фырт – Уæтæрбег, – сдзырдта æфсымæр. – Моллойы чиныг хъуамæ разына Уæтæрбегмæ. Цæвиттон, фыртæн хинтæ счынди, æмæ ус нæ куры...

– Цалынмæ йæ фæндзай азы арæнæй ахиза, уæдмæ йæ фæндаг æхгæд у. Госæзи молломæ фæцыди, уырдæм мысайнæгтæ фæхаста, фæстæмæ та – моллойы чиныг.

– Мæ хо, дæ ныхæстæй мæ буар ауазал. Фæллæуу-ма, ацы хабар ма исчи зоны.

– Цавæр хабар?

– Госæзи мын чиныг кæй æрхаста.

– Чиныг фæстæдæр уыдзæни.

– Куыд фæстæдæр? Цытæ ма дзурыс?

– Нæ ног цæрæнтæм аивдзыстæм, æмæ ма уым дæр куы ницы базмæлай.

Уæтæрбег йæхи уæлгоммæ аппæрста, йæ дыууæ армы кæрæдзиуыл ныкъкъæрц ласта:

– Гъеуый дын мæ ныййарæг мад Госæзийы митæ! Гъе, уæууæй-уæууæй, Госæзи, куыд фæстæзад дæ, куыд талынгæй баззадтæ! Ехх, ныр ды профцæдисы уæнг куы уаис, уæд дæ æз иумæйаг æмбырды мæ маст бæргæ райсин. – Лæппу рабадти æмæ йæ хомæ аздæхт. – Фæлæуу-ма, фæлæуу, æппындæр ын нæ бауайдзæф кодтай, нæ йыл фæхудтæ?

– Уайдзæфтæ искæй цур фæкæнынц, – загъта хо. – Фæдзурæм сыхæгтæм æмæ нæ мадæн алывыдтæ фæкалæм. Фæлæ дын уымæй

ницыуал рауайдзæн. Уый бæсты бацархай, æмæ моллойы ныхæстæ куыд фæмæнг уой. Госæзи йæхиуыл куыд æрхуда.

– Цæвиттон, атеистон куыст бакæнæм, зæгъыс? – афарста Уæтæрбег. – Гъемæ мын разамымд дæтт.

– Æнæ хъазгæйæ зæгъын.

– Ам, æвæццæгæн, чындзæхсæв скæнынæй хуыздæр мадзал ницы ис.

– Афон дæр дын у. Тæхуды, уæртæ уый нæхирдыгæй куы фæуид, зæгъгæ, дæ цæст никæуыл æрæвæрыс?

– Ис иу ахæм чызг.

– Кæрæдзи æмбарут?

– Нæма.

– Дæ зæрдæ дæм куыд дзуры: хъуыддаг сырæздзæн?

– Цыма о.

– Ме 'ххуыс дæ хъæуы?

– Нагъ.

– Къуырийы фæстæ дæ абæрæг кæндзынæн.

– Мæ тых, мæ бонæй базмæлдзынæн.

– Ныртæккæ бацу æмæ Госæзийы зæрдæ барухс кæн. Цæвиттон, нæ чындзаг сбæрæг, кæрæдзи æмбарут, а дыууæ боны минæвæрттæ барвитæн уыдзæн.

Фæстæмæ здæхтысты дзаг доны ведратимæ. Кæрты хо æфсымæрæн загъта:

– Хъусыс, моллойы кой нæм никуы рауад.

Тыргъты Уæтæрбег ведра æрæвæрдта æмæ мынæг хъæлæсæй загъта:

– Цæй, цæмæн ма йæ хъал кæнæм?

– Йæ дзырд чи фæсайа, уый адæймаг ма фæхуыйнæд.

Хæдзары дуары хъинц фæцыди.

– Оууа, бадгæ ма куы кæнут, – дуары зыхъхъырæй сæм радзырдта Госæзи.

– Дзыцца, рацу-ма, – сдзырдта чызг. – Мæнæ дæ фырт цытæ дзуры, уымæ-ма байхъус. – Мады йæ урс мидæггæгты тыргътæм радавта, бандон ын йæ быны авæрдта. – Æз ахсæв нал бафынæй уыдзынæн.

– Иухатт нæм хæсты рæстæг цалдæр боны цы дыууæ усы фесты, уыдон ма хъуыды кæныс, Госæзи? – бафарста Уæтæрбег.

– Цавæр устытæ?

– Сæ иуæн чызг куы райгуырди?

– Куыннæ, куыннæ. Гуарæйы куыннæ хъуыды кæнын.

– Æрæджы Гуарæйы федтон...

– Æхсызгон хорз дыл сæмбæла! Æмæ куыд у? Куыд ма дæ базыдта?

– Мæхæдæг æй базыдтон.

– Дæхæдæг?! Куыд хорз ма йæ базыдтай! Æмæ йæ чызг та, йæ чызг?

– Институтмæ бацыди.

– Институтмæ?! Æмæ уæддæр куыд уыди? Тæхуды, уыдоны фен.

– Гъемæ, Госæзи. Афинæт фæуæд...

– Афинæт та ма дзы кæцы у?

– Чызджы ном афтæ у. Нæхирдыгæй йæ фæкæнæм...

– Ныры ныййарджытæ цыдæр æнахъинон нæмттæ мысын байдыдтой, – загъта Госæзи. – Æз ахæм нæмттæ уарзын. Тынг дзæбæх ном...

– Госæзи, æмæ исты куы кæнæм, уæд ам, нæхи хæдзары, – загъта Уæтæрбег.

Госæзи мисхалы бæрц дæр ницæуыл фæгуырысхо. Йæ цæстыты рухсæй хæдзар фæрайдзастдæр. Йæ чызджы фæфæндараст кодта горæтмæ – кæм сæ чъыр алхæнын хъуыди, кæм копрадзтæ, кæм ахорæнтæ. Уæтæрбегæн царæй æрисын кодта фароны нартхорæй, сæ лыстæг кæрæттæ сын фæсаста, ома сæ мæнг гага фæхицæн уа. Базгъæлстой сæ къухæй, æмæ Госæзи задаг бафтыдта.

Рухсдзæсгомæй ахызти сæ кæртæй Госæзи. Уæтæрбег ын ныффæдзæхста: дæ цин уал дæхимæ фæуром, нæ кæрæдзи уал бамбарæм. Фæлæ дын цин æмбæхстæй лæууы.

Уыцы изæр Уæтæрбегыл сæ уæле уынджы тæккæ тигъыл дондзаутæ амбырд сты, радыгай йын йæ къух истой, йæ цæстытæм ын кастысты æмæ йын арфæтæ кодтой: «Хуыздæр кæй хъуыддаг рауади, уый æмбал æй Хуыцау фæкæнæд!»

Æгæр стыр ныхас загъта Уæтæрбег, æнæууылд ныхас, фæлæ ма йын ныр цы гæнæн уыди. Хъуыды кодта, хъуыды кодта, æмæ æппынæрæджиау йæхинымæры скарста:

«Фæлидзæн дын нал ис. Фæцу уыцы чызгмæ æмæ æфсæрмдзастæй йæ цуры æрлæуу. Усгуры зæрдæбын улæфтытæ ныккæн». Уæтæрбеджы зæрдæ æхсайдта уыцы бонмæ.

Хъуыдытæ кодта Уæтæрбег, йæ алы къахдзæф дæр барста. Афинæтимæ сæм æргом ныхас цы хуызы хъуамæ рауайа, уый дæр ын сбæлвырд. Йæ хъустыл уадысты, йæхæдæг цы дзурдзæни, уый дæр,

чызг ын цы дзуаппытæ дæтдзæн, уыдон дæр. Афинæт ын райдианы кадавар дзуаппытæ дæтдзæн, куы фемдзаст уой, уымæй йæхи хиздзæн, стæй йæм йе 'ргом фездахдзæн, иу дзагъул æм фæласдзæн æмæ йын зæгъдзæн: «Цы хорз мын ракодтай, уый мæ рох никуы уыдзæн. Фидын æй хъæуы, фæлæ дын ныртæккæ мæ бон ницы у... Кæд мæ уындæй фæлмæцыс, уæд мæ гæххæттытæ райсдзынæн æмæ мæ дæ цæст нал фендзæн».

Æмæ Уæтæрбег куыддæр аджих... Уыцы бон куыд хæстæгдæр кодта, афтæ йе уæны цыдæр тас бадти.

Сентябры фыццаг бон Уæтæрбег институтмæ афонæй раздæр æрцыди. Студенттæ бакъордтæ-къордтæ сты.

Лæппуты дæр-иу йæ цæст ацахста, чызджыты-иу сæ къæхтæй сæ сæрмæ сбарста. Кæрæй-кæронмæ сыл цалынмæ зылди, уæдмæ дæр студенттæ цыдысты æмæ цыдысты.

Иу хатт ма сыл азылдаид, фæлæ йæм фæфæдис сты, декан дæ агуры, зæгъгæ. Йæ фæстæмæ раздæхынмæ кæстæр курсыты студенттæй институты ничиуал уыди, стыр залмæ сæм фæсидтысты. Мæйы æмгъуыдмæ сæ быдырмæ кæй кæнынц, уый сын загътой æмæ сæ ауагътой.

Суанг изæрмæ Уæтæрбег куысты æддæдзастæй фæбадти. Йæ зæрдæ цæуылдæрты дардта. Боны кæронмæ ныффæллади, ныхасгæнæгæй хызта йæхи, дзурæгмæ нал касти. Институты кæртæй цæмæй тагъддæр федде уа, ууыл бацархайдта. Атындзыдта. Аййæфта, иунæгæй чи цыди, ахæм сылгоймаджы, йæ урс туфлитæ йын ауыдта, цæрдæг зæнгтыл йæ цæст андзæвыд... Тынг аив зæнгтæ. Йæ гуырыконд дæр ын куы ауынин, зæгъгæ, бацыбæл. Æмæ йыл фæллад цæстытæ схаста. Разынди физикæйы кабинеты лаборанткæ.

Уæтæрбеджы зæрдæ куыддæр ныссæххæтт кодта. Искæй уындмæ бабæлдзæн, ацы изæр уый æнхъæл нал уыди. Фæлæ уыцы цъусдуг фæхъуыды кодта, лаборанткæ йыл йе 'фсымæры кæй бафæдзæхста, уый. Сындæгдæр ацыди. Лаборанткæ аразæй, адард и. Ныртæккæ уæлæ тигъыл фæзилдзæн. «Хорз, ныр фæцарæхстæ, фæлæ дæ райсом дæ куыстмæ цæуын нæ хъæудзæн?» – йæхицæн бауайдзæф кодта лæппу æмæ аййæфта лаборанткæйы.

Йе 'мдзу акодта æмæ йæм сылгоймаг йæ хъус куынæ дардта, уæд сдзырдта:

– Дæ изæртæ хорз.

Лаборанткæ сонтæй фæкасти æмæ рухсдзæсгомæй загъта:

– Бахатыр кæн, нæ дæ фæхъуыды кодтон.

– Цыдæр æнувыд хъуыдыты ахæсты уыдтæ, æмæ дæ цурты ацæуинаг уыдтæн.

– Тынг æнахъинонхуыз дæн, æвæццæгæн.

– Цæмæн? Хъуыды адæймаджы фидауцджын кæны.

– Цæй хъуыдытæ. Нæ фыд Хъæрмæдоны уыди. А изæр хъуамæ фæзына. Æмæ, зæгъын, цымæ, мæхи куыд рæстытæ кæндзынæн.

– Иу ахæм ахуыргæнæг нæм, зæгъ, ис. Йæ ном Уæтæрбег. Фæсивæды туг, зæгъ, нуазы.

– Цæмæн зæгъыс? Æз дын æй уæддæр куы загътон. Ме 'фсымæр скъоладзауæн йæ ауæтты дæр нæ ауади.

– Хатыр дæр дæ нæ курын, – Уæтæрбег лаборанткæйы цæсты кæронæй хъахъхъæдта. – Мæ бон ын ницы баци. Дзæбæх бæрæггæнæн сæвæрынмæ мæ къух нæ батасыд.

– Фæсмон ма мæм бæргæ æрцыди, зæгъын, цы зæрдæйæ йæм бацыдтæн.

– Дæ фыды раз дæ дæхи сæназым кæнын нæ хъуыди?

– Æз мæ фыды раз мæхи сæназым кодтон. Ме 'фсымæры ахуыргæнджытæ сæхи æназым кодтой æмæ йæ иу къласæй иннæмæ ивтой...

– Афон у, бæргæ. Сауæй сау зæгъын хъæуы, урсæй – урс.

Уæтæрбег æнхъæл уыди, æмæ йын лаборанткæ трамваймæ лæууæны хæрзизæр зæгъдзæн. Проспектмæ сæхи байстой. Цыма дзырдгонд уыдысты, уыйау бульварыл цадæггай ацыдысты.

– Ауылты ма фæстаг хатт кæд ацыдтæн, уый нал æрлæууид мæ зæрдыл, – загъта лаборанткæ.

– Æз дæр проспектыл фестырзæрдæ дæн, – загъта лæппу. – Ардæм цæуын дæр нарæгфадыг хæлæфтæ дарæгау модæйы уыди.

– Проспект сценæйау уыди. Æрвылизæр дæр – спектакль.

– Йæ архайджытæй иу – дæхæдæг, – бахудти Уæтæрбег.

– Уыцы кары куыд сæртæг вæййæм. Алы изæр дæр цæмæдæр æнхъæлмæ кæс. Цыма, æнусмæйы фаг цин дын чи æрхæсдзæн, ахæм адæймагыл сæмбæлдзынæ.

– Цæвиттон, спектаклы сæйраг конфликт у, æнусмæйываг цинхæссæг кæд фæзындзæн, уымæн базонæн кæй нæ вæййы, уый.

– Цы нæ фæхъæуы, уый кæй нæ фæзонæм, конфликт кæд уый у.

– Растдæр зæгъгæйæ та, кæй нæ ницы фæхъæуы, уый.

Уæтæрбег фиппайдта: лæппутæ сæм-иу æнæ фæкæсгæ нæ фесты, йе 'мбалы йын сæ цæстытæй «ныхъуырдтой».

Чызг сæ æнæ æмбаргæ кæм уыди, фæлæ сæм йæ хъус нæ дардта. Уæтæрбегмæ уыди йæ каст, йæ хъуыды уымæй æддæдæр нæ ахызти.

Лæппуйы зæрдыл æрбалæууыд Афинæт. Æмæ ууыл нæ бадис кодта. Уæдæй нырмæ дзы кæй æрбайрох ис, уый йæ фæцагайдта. Йæхимæ иуварсæй æрбакасти. Йæ хойы авæрдта уайдзæфгæнæджы бынаты. Хæрзаг ын зæгъид: «Гъер ма дын уыдон та цавæр тезгъотæ сты? Æз дын иуæрдыгондæр æнхъæл уыдтæн. Афинæт загътай, уæд Афинæты кой кæн».

Проспекты кæрон лаборанткæ æрлæууыд.

– Цæуын афон мын у. Дæлæ кæнон, уæлæ кæнон, уæддæр мæ нæхимæ цæуын хъæуы.

– Дæхиуыл банафон кæн, фынæйæ сæ куыд баййафай.

– Мæ фыд ахсæв-бонмæ йæ цæстытæ не 'рцъынд кæндзæн.

Лæппуйы фæндыди, уæхимæ дæ бахæццæ кæнон зæгъын, фæлæ йæ ныхас уæгъды загъд æрцыдаид. Лаборанткæ кæм сбадти, уыцы трамвайы фæстæ касти æмæ йæ хъуыдытæ нывæзта: «Æнусмæйы фаг цинхæссæг æй иуизæр ардыгæй ахуыдтаид, йæ æнувыд чызг-æмбæлттæм фæстæмæ дæр нал фæкастаид... Нæ фæрæстмæ йæ балц. Цымæ цы уыдаид?»

Раздæр загътой: зæнæг сын нæ цыди, ныр та æрыхъуыста: йæ мой йыл къæсæрæй дуармæ не 'ууæндыд, йæ фæдыл ын-иу цæстдарджытæ бафтыдта. Æмæ чызг лидзæг фæци.

Уæтæрбег иутыл дæр нал æууæндыд, иннæтыл дæр.

«Цымæ уый кæцы фæзилæн у? Дыууæ адæймаджы кæрæдзи æмбарынхъом уыдзысты, уый цæмæй базонæн ис? – хъуыды кодта лæппу. – Адæймаджы цы хъæуы, уый цымæ кæд сбæрæг вæййы?»

Хъæумæ Госæзимæ ныууайон, зæгъгæ, лæппу абон-райсом кодта. Ацы аз фыццаг хатт лекцитæ кæсдзæн. Сæдæ сахаты – иу курсы, сæдæ – иннæ курсы. Æмæ дæлармыдзаггай библиотекæйæ чингуытæ хаста. Йæ цуры-иу æрæвæрдта æнæфыст тетрæдтæ. Æнæвдæлон уыди бæгуыдæр Уæтæрбег, фæлæ уый Госæзийæн радзурыны аккаг æфсон кæцæй разындаид. Иухатт æм сыхæгты чызджы сæрвыста, иннæ хатт – æрвадæлты лæппуйы. Уалынмæ йæм йæ хо фæзынд. Бонхорз дæр нæ загъта. Къæсæргæрон лæууыди, къулбæрзæйæ йæм дзæвгар фæкасти, стæй æнæфснайд уаты къуымты йæ цæстытæ æнæбары ахаста.

Уæтæрбег ын стъолы цурмæ бандон байста.

– Цæй, гъо, æз афтæ дæр дæн, уфтæ дæр дæн,– загъта лæппу.

– Хуыцауæн табу, – загъта хо. – Удмидæг ма дæ кæй сæййæфтон.

– Рацу мидæгдæр. Сбад.

– Дæ куыст кæн. Чи дæ хъыгдары.

– Уæд та мыл хъоды бакæн.

– Дæ мæтæй мæлын. Цæй, кæд дæм, мыййаг, исты ныстуан ис. Дзур. Госæзийæн цы зæгъдзынæн?

Уæтæрбег йæхи бандоныл æруагъта.

– Сбад-ма æмæ исты уынаффæ бакæнæм. Зæрдæйæ зæгъын. Сфæлмæцыдтæн. Госæзимæ ма цы цæгом равдисдзынæн.– Хо сбадти, йæ цонг стъолыл æрæвæрдта. Уæтæрбег ын йæ цонджыхъул æрцахста. – Уыцы чызгæй ницы уайы.

– Уæвгæ а зæххыл ахæм чызг уыди? Афтæ фæдфæливæнтæ кæныс.

– Ныртæккæ быдыры ис. Дыууæ хатты йæм ныуудтæн. Кой дæр мæ не суагъта. Æз, дам, ахуыр кæнынмæ ссыдтæн. Йæ фыды карæн дæр ма мæ схуыдта...

– Ныццу дæлæ æмæ сæ дæхæдæг дæ мадæн фæдзур...

– Хъус-ма. Кæй мын нымыгътай, уыцы чызджытæй дæ цуры ничиуал ис? Ацы минут демæ цæуын.

– Æз никæмæн никæй нымудзын.

– Уæтæрбегæн искуы хъуыддаг кæнын хъæуы æви нæ?

– Госæзи мæ-иу баййардта: искæйы йын бацамон...

– Æмæ-иу ды дæр дæхи сæназым кодтай?

– Дæ бынатæй дæр нæ фезмæлдзынæ, уый зыдтон, æндæр мæ былалгъæй уддзæф дæр никуы суагътаин.

– Гъемæ тынг раст бакодтай.

– Ехх, ныр та ма уыдæттæ куы фехъуса! – ныккæрзыдта хо. – Æппынфæстæг, удгоймаг у Госæзи дæр, æмæ йын иучысыл уæддæр фæтæригъæд кæн.

– Цæй, бæстысæфт нæу. Базмæлдзынæн. Мæхи тыхтард акæндзынæн.

Хо ацыди тæргайгондæй, уымæлдзастæй. Уæтæрбеджы къух ницæмæуал батасыд. Йæ сынтæгыл дзагъулдзæстæй уæлгоммæ хуыссыди. Цыдæр æбæрæг хъуыдытæ йæм скъуыддзæгтæй цыдысты, саджилзæрдæ йæ кодтой. Афинæтимæ æнæ сæмбæлгæ кæм фæуыдзæн. Фæлæ цыма ныфсджынæй, æнхъæлцауæй йæ цуры нал æрлæудзæн.

Куыд ныуужзбын, куыд сзивæггæнаг! «Усгуры митæй мæм ницыуал ис,– дзырдта йæхицæн лæппу.– Хъуамæ иубон ме стъолы уæлхъусæй астъæлфыдаин. Æмæ быдыры балæууыдаин. Афинæты уынæг. Иу хатт чи нæ фæсонт уа, уый цавæр усгур у?»

Кæстæр курсыты студенттæ сыздæхтысты быдырæй æмæ та æмдзæрæны тыргъты цæуæг сарæх ис. Уæтæрбеджы æмкъул уатæй хъуысти сынтæджыты хъыррыстытæ, æмыр гуыппытæ, куы – сонт пыррыччытæ, куы – гуым-гуым.

Уæтæрбег тыргъты азылдаид, фæлæ нырма студенттæй алчи йе ‘мбалы дæр нæма ссардта, сæ сынтæджытæ дæр нæма æрцарæзтаиккой. Æфсæнттæ агуырдта, къуылымпытæ кодта Уæтæрбег. Чидæр ын къухы уæлармæй йæ дуар æрбахоста.

– Мидæмæ, – адзырдта лæппу. Дуар æнгом ссыдæй лæууыди, æмæ та ахъæр кодта: – Мидæмæ рацу!

Дуар дыууæ уыдисны бæрц байгом, æмæ йæ сæр æрбадардта Афинæт. Чызджы цæстытæм фæкомкоммæ лæппу, рухс æм дзы ракалд, фæлæ, куыд æнхъæл уыди, ахæм агайæг, донзоныггæнæг нæ рауади, йæ зæрдæйы цæф нæ фæкъуызыд. Арæх æм чи æрбауайы, æфсæрмыйаг чи нал у, ахæм адæймаджы размæ цыма цыди – нæ фæтыхст, нæ фæкъуыхцы, йæ хъæлæс нæ асаст. Æгасцу загъта чызгæн, йæ къух ын райста. Афинæт мидæмæ ныгъуылдхуызæй кæй æрбахызт, уый дæр ницæмæ æрдардта Уæтæрбег. Бандонмæ йын ацамыдта.

– Æмдзæрæны дæ бынат сбæрæг? – бафарста Уæтæрбег.

– О, – загъта чызг. Бандоны тигъыл бадти æмæ йæ къабайы фæдджитæ ивæзта, æнæмарзт пъолмæ нымдзаст.

– Стипендийы хабар та дын куыд рауад?

– Стипенди исдзынæн.

Æвдæлон бадт скодта Уæтæрбег – чызг мауал тыхса, кæд æм исты ныхасаг ис, уæд æй зæгъа.

– Де ‘мбал та цы баци? – бафарста лæппу. – Дæ хъæуккаг чызг? Фыццаг фæлварæны рæстæг дæм йæ хынцинаг куы баппæрста.

– Конкурсы нæ ацыди...

– Æмæ йæ бæрæггæнæнтæ афтæ цауд рауадысты? Кандидатæй йæ нæ айстаиккой?

– Профтехучилищемæ бацыди. Хуыйæгыл ахуыр кæндзæни.

Уæдæ ма йæм цæй тыххæй хъуамæ æрбацыдаид Афинæт? Лæппу хъуыды кодта, фæлæ йæ сæр ницы æрцахста.

Цæуыл дзырдæуа? Дзурын та хъуыди. Æмæ Уæтæрбег рахъавыди уыцы фæззыгон уазал æхсæвы кой ракæнын. Уæд райхæлид Афинæты æвзаг, йе 'рбацыды сæр дæр дзы айрох уаид.

Рæстæг æрвитыны тыххæй уыцы ныхас ракæнын йæ цæст нæ бауарзта Уæтæрбегæн.

– Уæтæрбег, – загъта Афинæт. – Æз... – чызджы уадултæ ссыгъдысты.

– Зæгъ æй, зæгъ, – фæцарæхсти йæм лæппу. – Мах цæуыл нæ бафидауæм, ахæмæй ницы ис.

– Институты кафджыты ансамбльмæ мæ хонынц...

– Ахæм курдиат дæр дæм ис?

– Быдыры хъазт сарæзтам... Æртыккаг курсы чызджытæ мæ баййардтой...

– Дæхи дæр фæнды, æвæццæгæн?

– Фæрсынмæ æрбацыдтæн...

– Дæ мад дын цы загъта?

– Хуыцаубоны нæхимæ цæудзынæн... Бафæрсдзынæн æй…

– Кафын аивад у. Цы дын зæгъон, нæ зонын. Дæхи зæрдæ дæм куыд дзуры? Рæстæгæн аргъ кæнын чи зона, уый къухы бирæ æфты.

Чызг сыстади.

– Нæ бацæудзынæн. Нæ сын сразы уыдзынæн.

Чызг ахызти уатæй. Уæтæрбег æдзынæг хъуыста, фæлæ Афинæты къахдзæфтæ йæ хъустыл не 'рцыдысты. Цыма дуары фæстæ лæууы, цыдæр зæгъын ма йæ зæрды ис.

Уæтæрбег ма афæстиат ис йæ æдзæм уаты, стъолæй райста йæ сахат. Куысты кæронмæ ма баззади ссæдз минуты. Афтæ йæм касти, цыма афонмæ лаборанткæ дæр йæ сахатмæ æркæс-æркæс кæны.

# ИУ ХАТТÆЙ ИННÆМÆ

*Мысинæгтæ*

Мæ дзæбæх, мæ сабыр æмбал… 1950 азы нæхи techinstitutмæ

куы бацыдтæн, уæд уайтагъд бахæлар дæн Грисæимæ. Истытæ фыста, æз уый нæ зыдтон; æз дæр цыдæртæ кæй фыстон уый та, Грисæ нæ зыдта, уæддæр бахæстæг стæм – цыдæр нæ бонæй-бонмæ æввахсдæр кодта кæрæдзимæ. Стæй рабæрæг, цы нæ иу кодта, уый – фысджытæ нæ куы рауаид, уымæ кæй бæллыдыстæм, уыцы тых уыди нæ иугæнæг.

Ныр мын уыди æмбал, нæуæг æмбал, студент æмбал, сабыр æмæ æфсæрмыгæнаг æмбал. Йæ уæлæ – галифе хæлаф, йæ къæхтыл – сæракхъус цырыхъхъытæ. Мæ зæрдæ мæм цы дзуры, уымæй йæ фыды уыдаиккой хæлаф дæр æмæ цырыхъхъытæ дæр – йæ райст-бавæрды дæрæс, – æмæ Грисæ цæм цыдаид институтмæ, уый йын нæ уыд, æмæ йын сæ радта. Уæдæ йыл уый фæстæ никуыуалдæр гæлифе федтон, никуыуалдæр – цырыхъхъытæ.

Æмдзæрæны бынæттæ нæ фаг кодта, фатер баххуырса, уый йæ къухы не ‘фтыд, æмæ уал Черменыхъæуæй цыди институтмæ. Куыннæ-иу айрæджы кодтаид, æмæ-иу ын нæ курсы бæрнон Карсанаты Бимболат уайдзæфтыл куы схæцыд, уæд-иу куыд ныфсæрмытæ и Грисæ!.. Æмæ диссагæй цы кæныс – фидаугæ йыл кодта, афтæ-иу кæй ныфсæрмытæ и, уый дæр.

Уæд Грисæ æмдзæвгæтæ фыста, æмæ, мæнмæ куыд зыны, афтæмæй æвзæр нæ фыста. Зæгъæм, прозæмæ нæ рахызт æмæ дарддæр дæр фыста æмдзæвгæтæ, уæд ын прозæйы цы æнтыстытæ уыд, поэзийы дæр ын къаддæр æнтыстытæ нæ уыдаид. Æз ын дзы бахъуыды кодтон, хицæн рæнхъытæ, хицæн куплеттæ æмæ сæ абон дæр фæдзурын мæхицæн.

Уыцы æмдзæвгæ Сталиныл фыст уыди:

*Ды нæ хур дæ, мах дæ хъармæй тавыс.*
*Бон дæу тыххæй рухс вæййы æрмæст.*
*Ды сызгъæрин царды тынтæ уафыс.*
*Цардæн уымæн у бæрзонд йæ рæзт.*

Дыууæ азы, дыккаг æмæ æртыккаг курсы куы ахуыр кодтам, уæд фатеры цардыстæм иумæ, немæ ма Бирæгътæй дыууæ æфсымæры – Лев æмæ Хадзымурат.

Цæргæ кодтам Сомихы уынджы, раст Сомихы аргъуаны ныхмæ рагон дыууæ уæладзыгон хæдзары фыццаг уæладзыджы.

Мах нæ уат уæд хъарм, фæтæгенæй цы пецгæндтæ куыста, ахæмæй кодтам. Хæринаг дæр ууыл фыхтам. Æниу цастæ хæринаг – дыууæ армыдзаджы макъаронтæ рафыц, цæхх сыл акæн, маргарины къæртт сыл ныппар, æмæ хæринаг – цæттæ. Хæринаг скæнын зын нæ уыд. Зын уыди тæбæгътæ æхсын. Лев йæхи тылиф кодта уыцы куыстæй: цалдæр азы – иу-фондз азы бæрц – хистæр кæмæй уыд, уыцы 'фсымæры цур тæбæгътæ куыд хъуамæ æхса! Æмæ та иу æнцойбон Лев тæбæгътæ æхсын Хадзымураты бар куы бакодта, уæд дын Грисæ куы ракъæрцц кæнид, мæ сынтæджы тигъыл куыд бадти, афтæмæй:

*Адамтæм цæргæйæ-иу къустæ,*
*Уый не 'хсадта, уыди-иу арæзт.*
*Гъе уый тыххæй йæ декан Кустов*
*Нæ курсæн равзæрста старост.*

Поэзийы уд чи не 'мбары, уый ахæм рæнхъытæ никуы ныффысдзæн. Кустов нæ декан уыди, бæрзонд, урссæр лæг. Адам та, – кæм цардыстæм, уыцы стыр хæдзары хицау. Уый – кæддæр. Ныр ма йын ацы иу уат уæле уыд, дыууæ къаннæг уаты – бынæй.

Грисæ сабыр адæймаг уыди, иу уæлдай ныхас дзы нæ фехъуыстаис, куыд фæзæгъынц, хæснагыл дæр. Чи йæ зыдта, уыдон æй зыдтой уыцы сабырæй.

Кæмдæр не 'мбæлттæ районы автобусмæ лæууыдысты. Уырдæм сæм бафтыд, иу дзæбæх, фынгыл æгæр чи афæстиат, ахæм нæлгоймаг. Уым лæппутæн йæхицæй æппæлыныл ма схæца! Æз, зæгъы, Сабыр океаны цалдæр азы касагахсæн науыл кæсагахсæгæй куыстон. Æмæ йæ Малиты Васо, парахатзæрдæ æмæ хъазаг æмбал Васо, бафарста:

– Ныр, цымæ, уыцы Сабыр океан Бицъоты Грисæйæ сабырдæр у?

Лæг бамбæрста, хынджылæг кæй кæны Васо, уый æмæ йæхи фæных кодта:

– Гъей, лæппу! Ды мæнæн острый ныхæстæ ма кæн!

Ехх, Грисæ, Грисæ! Ныр-иу дæ кой куы кæнæм – кæдмæ ма цæрæм мах, уæдмæ, – уæд хъуамæ дзурæм: уыди, дзырдта, фыста!.. Куыд зын у уый, куыд зын!

Бæргæ, ныр иу хурварс куы æрбадиккам, зæронд лæгтæ куыд æрбадынц, афтæ æмæ куы мысиккам, иумæ цы бонтæ арвыстам,

уыдон. Ӕмӕ та-иу куы нӕ иу, куы не 'ннӕ куы бафӕрсид: «Хъуыды ма кӕныс?»

Хъуыды ма кӕнис, иухатт ӕз куы фӕуазалдзыд дӕн – уӕд ӕмдзӕрӕны цардыстӕм, ӕмӕ мӕ не 'мдзӕрин Кокойты Викторимӕ куы рахид кӕнын кодтат? Фыццаг мыл цыппар фӕлысты хуыссӕнтӕ куы самадтат, стӕй хуыссӕнты сӕр, нӕ уаты цы даргъкъах стъол уыди, уый куы сӕвӕрдтат, йӕ даргъ къӕхтӕ хӕрдмӕ, афтӕмӕй. Уый фӕстӕ та бандӕттӕ куы сӕппӕрстат стъолы сӕрмӕ. Уӕ хъӕрӕй худын ӕмӕ хъӕлӕбамӕ, нӕ уӕладзыджы цыдӕриддӕр студенттӕ уыди, уыдон куы ӕрӕмбырд сты ӕмӕ циркмӕ кӕсӕгау куы кастысты нӕ уатмӕ?

Кӕнӕ иухатт Лев раздӕр куы ссыди кӕсӕндонӕй фатермӕ. Нӕ фӕтӕгенӕй кусгӕ пецыл хӕринаг бауӕларт кодта, йӕхӕдӕг йӕхи ӕруагъта йӕ сынтӕгыл, ома, цалынмӕ рафыца, уӕдмӕ аулӕфа. Лев тарф фынӕй аци, нӕ пецгонд та мингай сатӕгсау гӕлӕбутӕ калынмӕ бавдӕлд йӕ хъӕлӕсӕй. Уыйбӕрц скалдта уыцы гӕлӕбутӕй, ӕмӕ сӕ нӕ фатер йӕ тӕккӕ дзаг баци. Цырагъ нал зынди. Левыл ныббадтысты, сӕ быны фӕци, улӕфӕн ӕй нал уыди. Мӕнӕ, не схӕццӕ стӕм, уӕд, куыд фӕзӕгъынц, Левӕй лӕг пайда нал уыди.

Кӕнӕ иухатт… цал уыдысты уыцы иухаттытӕ ӕмӕ кӕмдӕр куыд баззадысты, куыд. Институты цы дзӕбӕх литературон къорд уыди! Разамынд ын Хъазыбегты Хъазыбег лӕвӕрдта – хӕстон лӕг, поэт лӕг. Къорды сӕрӕндӕртӕ уыдысты Тедеты Ефим, Косты Тотырбег, Уырымты Петка, Боциты Солтан, Тыджыты Юри ӕмӕ ма ноджы чидӕртӕ. Бирӕтӕ сӕ литературӕмӕ не 'рбахӕццӕ сты. Ахӕм литературон къорд уыди Фысджыты цӕдисы дӕр. Уырдӕм цыдысты иннӕ институттӕй дӕр, стӕй кусӕндӕттӕй дӕр. Мах уырдӕм дӕр цыдыстӕм Грисӕимӕ. Тынг ӕнувыд уыдыстӕм уыцы къордтыл. Кӕс, ӕмӕ та фӕцӕуӕм ӕмбырдмӕ. Студенттӕй нӕ чидӕртӕ Тедо ӕмӕ Симон дӕр рахуыдтой. Ӕцӕг нӕ Тедо чи уыди кӕнӕ Симон, уый нӕ зыдтам, стӕй нӕ афтӕ чи хуыдта, уыдон ӕй сӕхӕдӕг дӕр нӕ зыдтой, ӕвӕццӕгӕн. Ноджы Тедо ӕмӕ Симон бадгӕ куы кодтой, мах та – цӕугӕ, уӕд цы хуызӕн Тедо ӕмӕ Симон уыдыстӕм?..

Институт каст куы фестӕм, уӕд Грисӕйӕн «Рӕстдзинад»-ы рацыди радзырд, цалдӕр номыры йӕ рауагътой. Цы гонорар райста, уымӕй костюм балхӕдта ӕмӕ Мӕскуыйы балӕууыд.

Уыцы цӕхгӕр ныззылдтытӕ ӕнхъӕл ын чи уыди!

Хӕдзарӕй йын ӕххуыс нӕ уыд – мад ӕмӕ фыд сӕ кары уыдысты, куыстой колхозы. Йӕ хо ӕмӕ ӕфсымӕртӕ уыдысты Грисӕйы кӕстӕртӕ.

Цæмæй йын æххуыс кодтаиккой! Ноджы Грисæмæ хæццæ кодта иу хивæнд – нæ бакуымдтаид æххуыс. Фæстæдæр ын республикæйы хицауад снысан кодта Коцойты Арсены номыл стипенди.

Æз иу аз Лечъы бакуыстон ахуыргæнæгæй, стæй æз дæр ацыдтæн Мæскуымæ. Цалынмæ фæлварæнтæ лæвæрдтон, уæдмæ бафæлладтæн Мæскуыйы æмызмæлд хъæлæбайæ æмæ фæсаууонмæ ахуырыл ныллæууыдтæн.

Уæдмæ фæци Грисæ каст Литературон институт, диплом бахъахъхъæдта. Æрæмбырд стæм ирæттæ: Æгъуызарты Æхсарбег, Мыртазты Барис, Дзаболаты Хазби, Хостыхъоты Зинæ æмæ æз. Куывтам Грисæйæн, æнтыстытæ йын куыд уа, стæй нæ уырнгæ дæр кодта, бирæ йын кæй бантысдзæн, уый.

Мæскуыйæ куы ‘рцыди, уæд сæхимæ царди, Черменыхъæуы. Кæрæдзимæ цыдыстæм – æз Черменыхъæумæ, уый – махмæ, Тарскæйы хъæумæ. Уæлдай тынгдæр бахъуыды кодтон уыцы ныццыд Бицъотæм. Автобусы баиу стæм Грисæйы хо Тамарæимæ. Бинонты баййæфтон тымбылæй. Æхсæвæрыл хæргæ цы кодтам, уый нæ хъуыды кæнын, фæлæ нуазгæ кодтам æмбисонды ирон бæгæны, къухтыл мыдау æндæгъди. Хъæлæс та судзгæ кодта цыдæр хъæлдзæг æфтауæг сыгъдæй. Тынг дæсны уыд Грисæйы мад Джизалон ирон бæгæны фыцынмæ. Стæй бадтыстæм кæройнаг къаннæг уаты. Грисæ дзы гыццыл зест пец сæвæрдта æмæ дзы нартхоры хъузджытæй арт кодтам. Æз уæд цыдæр поэмæгонд ныффыстон, æмæ йæ Грисæ мыхуыр кодта, Мæскуыйæ цы мыхуыргæнæн машинкæ сласта, ууыл. Амыхуыр-иу кодта, æмæ та-иу ныхæстыл бафтыдыстæм. Бонмæ бирæ нал уыди, уæдмæ фæбадтыстæм.

Стæй кусын райдыдта Грисæ. Куыста газет «Рæстдзинад»-ы литературон кусæгæй, чиныгуадзæн «Ир»-ы редакторæй, журнал «Ногдзау»-ы бæрнон секретарæй, журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редакторы хæдивæгæй. Æцæг дзы бирæ никуы бафæстиат. Йæ зæрдæ сфæлдыстадон куыст агуырдта, æмæ йын рæстæг нæ фаг кодта. Уæд бавдæлд æмæ Ставд-Дуртæм алыгъд йæ райгуырæн хъæумæ, хæдзар дзы сарæзта. Цæхæрадон дзы скодта, фæлæ рынчын кæнын райдыдта. Фехъуыст, ам горæты ис, рынчын у. Камал æмæ йæ Гæстæнимæ бабæрæг кодтам. Йæхи нæ уагъта, фæлæ йыл зынд – æцæг рынчын уыди. Фынгыл нæхи хъæлдзæг дарыныл архайдтам, фæлæ нæй, нæ бахъæлдзæг и нæ фынг. Йæ бинойнаг Казетæйы æнкъард цæстæнгас нын уæз кодта не уæнгтыл. Грисæ-иу исты куы дзырдта, уæд-иу хъуамæ загътаид: мæнæ куы фæдзæбæх уон…

Фæлæ нал фæдзæбæх ис Грисæ.

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# ФЫЦЦАГОН ИРОН ЛÆГ-ФЫССÆГ

*Мысинæгтæ*

Уæуу мæнæ, Грис, Бицъо-йы фырт Грис! Бахъуыди мæ дæу тыххæй дæр та, куыд уарзондæр адæймаджы æмæ куыд æцæг фыссæджы тыххæй, мысинæгтæ ныффыссын, зындарæн æмгæртты дæр дарын чи фарæзта, йе 'рбацыд, йæ ацыд, йе сныхас, йе 'дзæмæй лæуды кад-намыс кæмæн уыд, цæвиттон, йæ алы æгъдауæй дæр фыццагон ирон лæг кæй уыд рахонæн… Æмæ – æцæг фыссæг.

Æгæр бирæ сты демæ 'рвыст бонтæ, æмæ се 'ппæт цаутæ-ныхæстæ кæцæй æрлæудзысты зæрдыл, фæлæ уал мын цы зæгъа мæ уд æрымысын, уый дæм-иу, Грис, хъыг ма фæкæсæд…

Вæййы, куыд нæ, ома, вæййы афтæ дæр, æмæ дæ бахъуыд иу бæрæг кæйдæр тыххæй исты ахадгæ ныхæстæ зæгъын, фæлæ дæхи лæмарыс, архайыс се 'рымысыныл, æрмæст – нæй, нæй, зæрдæбынæй дзы цы рахæссай рæгъмæ, уый. Уыд зæххыл уыцы чидæр, нæ уыд – нæу уæлдай.

Иннæрдæм фæзилæн та ахæм рауайы, æмæ дæм æндæр кæйдæр тыххæй разыны уыйбæрц арфæйаг цыдæртæ ранымайынæн, æмæ стæрсыс, исты ахсджиæгтæ мæ дзы куы айрох уа бацамонын, зæгъгæ. Уыцы уавæр хауы Грисмæ дæр, фæлæ рагацау мæхи фæдзæхсын, цæмæй алы цаутыл ма дзурон, уымæн æмæ уыдæттæ 'взæрст адæмæн лæгæй-лæгмæ дзуринагыл нымайын – æндæртæм ницы уыйас цымыдисаг фæкæсдзысты, уæвгæдæр сæ нæ хъæуынц… Ирон чиныгау…

Æрмæстдæр иуæй-иутæй рауайы ахæм хоры мыггагау æвзæрст-æхсæст адæймæгтæ – сæ дзыллæйæн ном æмæ кадгæнджытæ. Стæй ма алы дæсныйæдтæн дæр: бацамыдтай дзы искæцы, уæд йæ номгæнæг уадидæгæн зæрдыл æрбалæууы, æцæг, æмбæлгæ хуызы, о, дæхæдæг дæр размæцыд у. Зæгъæм: поэзи. Уæд – Къоста, Георги, Нигер, Грис, Алыксандр, Æхсар, Шамил, Камал… (Æмæ дыууæ Хазбийы, Мухарбег, Бестау, Нафи æмæ…)

Наукæ. Уæд – Вассо, Гогки, Макс, Руслан…

Музыкæ. Уæд…

Фыссæг. Уæд – Куыдзæг, Чермен, Дæбе… Æмæ – Грис, Бицъоты.

Алы цытджын нæмттæ æмæ хæрзиуджыты уæлбæхæй нымадæй

нæ, фæлæ дзырдаивады бæрзонд курдиаты нымадæй уыд, у æмæ уыдзæн æцæг фыссæг, цалынмæ нæм, – кадаварæй дæр! – ирон аив дзырды бындурон ад æмæ мидис æмбарæг чиныгкæсджытæ уа, уæдмæ.

Грисæн Хуыцау йæхæдæг дæр уыд уырнинагæй табуйаг æмæ аргъуыцгæнинаг, стæй йын дзырд дæр уыд уыцы Дзырд, мæнæ рагзаманты Хуыцау цы дзырд схуындæуыд, раст тæккæ ахæм! Æмæ йæ къорд чиныджы дæр «Кæрдæджы стъалы»-йау никуы ахуысдзысты ирон аивадон литературæйы арвыл – хатыр мæ рæсугъд ныхасы тыххæй…

Уый кæд æмæ кæд уыдис, уый – Грис мæ æппæты фыццаг дисы куы бафтыдта, уыцы аз: уæд ын газет «Рæстдзинад» иу бонæй иннæмæ дынджыр хæйттæй мыхуыр кодта йæ уацмыс «Цæргæс тæхгæйæ фидауы». Ахæм бæлвырд фыст уыд, бæзджын-æнгом – мæнæ уырыссагау «плотное письмо» цы хуындæуы, – æмæ мæн, институты филологон факультеты студенты, стыр дисы ‘фтыдта уымæй дæр, æмæ, зæгъын, æппæт уыдæттæ йæ сæр куыд ахсы…

Стæй йæ чингуытæ кæрæдзи фæдыл рухс уыдтой. Æз ын иуахæмы йæ роман «Арвы айдæн»-ыл зæрдиагæй æмæ арфæйагæй критикон уац ныффыстон: «Арвы айдæны – зæххон цард». Уый – æз… Уалынджы дын рацæй-рабон, æмæ йыл ныккалдтой иу бæлвырд кæйдæр сау-сауид дзыхæй, зæгъгæ, дам, йæ роман уартæ цавæрдæр Авдеевы чиныджы – «Гурты на дорогах»-ы нывтыл карст у! Афтæмæй Грис та уыцы уацмыс уæды онг йæ цæсты кæронæй дæр нæ федта…

Хуыцауы цæст та нын кæд дыууæ-æртæ фыссæгау фысджыты бауарза, уæд та нæм сæ сау чъырæй цæгъдæг зоилтæ дæр æнæ райгуыргæ – хæдæвзæрдæй! – кæм уыдзæн…

Аивады фæрæзтæ, мадзæлттæ, миниуджытæй парахат ифтонг уацмыс йе сфæлдисæгæн балæвар кæны амæндты амондджындæр сахæттæ æмæ мæстыты-мæстджындæр бонтæ. Æмæ сын Грис лæгау лæгæй быхста, фæрæзта сæ дыууæ æууæлы уавæрæн дæр. Æмæ йæ бæрнон куыст – Хуыцауы ‘рдыгæй бæрныгонд! –æвæллайгæйæ кодта, аив дзырды раз йæхи стыр хæсджынæй нымайгæйæ. Йæ фæллой та уыд æцæг титаникон – зæгъæм, абоны онг чингуыты кад кæмæ нæма архаудта, уыдон: йæ райгуырæн æмæ уарзон хъæу Ставд-Дурты тыххæй публицистон очерктæ æмæ «Царды аууæттæ

кæнæ фыссæг мæ цауылнæ рауади». Дыккаг уацмыс суанг типографимæ дæр ныххæццæ, фæлæ уæдмæ чингуыты рауагъдады ног сæйраг редактор æрбынатон æмæ йын æй уый боны рухсмæ нал ауагъта – вульгарон-социологон галиутæгæнаг цæстæй йæм æркаст, уартæ XX æнусы æртынæм æмæ фæндзайæм азты хæрæмттæгæнæг идеологон цæстæй.

Кæд рухс-рухсид, хурвæлыст адæм фæзынд æмæ ма цыфæндыйæ дæр фæзынинаг у ацы дунейы, уæд уыдонмæ хауы Грис дæр, Бицъоты мыггагæй.

Ирон аив дзырды хъысмæт та йæ фæндиаг уæд!..

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ГАДЖИТЫ ГЕОРГИ: 90 АЗЫ



**(1932 – 1986)**

*Æз никуы ‘взæрстон над фæндæгтæ царды.*
*Фыдыбæстæ – мæ цард æмæ мæ бон.*

*ГАДЖИТЫ Георги*

# ÆЗ ЦАРДÆЙ ÆНЦОЙАД НÆ ДОМЫН

## КЪОСТА

Фыдохы бон ирон адæммæ рагæй
Лæгау-лæгæн куы ахуыссы йæ зынг,
Уæд ын фæзæгъынц «рухсаг у» æнкъардæй
Æмæ ныккалынц судзаггаг цæссыг.

Фæлæ дæуæй нæ дзыллæтæ куыд зæгъой:
«Дæ ном уæд рухсаг, дзæнæты фæбад!»
Лæгæн кæд искуы йе стыр ном, йæ хорз кой
Уæлæуыл баззад, уый у уæд Къоста!

Фыдæй-фыртмæ ирон адæммæ рагæй
Кæд искуы ‘рцыдис зондджын ныхас загъд,
Кæд айхъуысти ирон лæджы зард дардмæ
Нæ талынг хæхтæй, уый у уæд Къоста!

Къоста йæ цард нæ сæрвæлтау æрхаста,
Нæ буц сабиты авдæнтæ уызта,
Нæ адæмæн рæсугъд æвзаг ныууагъта,
Йæ тугæй нын «Ирон фæндыр» фыста.

Ныр дæр мах йемæ фидæнмæ фæбырсæм
Зæрдæрухсæй æфсымæртау æнгом.
Мæлæт дын ма уæд, дзыллæйы тырыса!
Мæлæт дын ма уæд, дзыллæйы цæсгом!

Зын уыдысты уæлахизы фæндæгтæ...
Ирон салдат-иу карз тохы куы ‘рхауд,
Уæлахиз-иу куы фæцæйкодтой знæгтæ,
Зæгъын ын хъуыд ирон ныхас: Къоста.

Æмæ-иу слæууыд йе ‘мбæлттæн сæ фарсмæ,
Мæлæтыл-иу фæуæлахиз и цард,

Рæстдзинады зын фæндæгтыл æй размæ
Хуыдта нæ Иры стыр поэт Къоста.

Къостайы цыт нæм стыр хъуыддæгтæм сиды,
Къостайы номæй дзыллæ ард хæры,
Къостайы туг нæ къабæзты æхсиды,
Къостайы зард нæ зæрдæты цæры.

Цæй, размæ, уæдæ, фидæнмæ фæбырсæм
Зæрдæрухсæй æфсымæртау æнгом:
Мæлæт дын ма уæд, дзыллæйы тырыса!
Мæлæт дын ма уæд, дзыллæйы цæсгом!

## СУСÆГ УАРЗОН

Æз авд азы дæргъы мæ судзгæ зæрдæйы
Хæххон дидинæгау дæ сурæт фæхастон,
Нанайы рæсугъд чызг, дæ алы фæзылд дæр,
Дæ алы фезмæлд дæр къахдзæфтæй куы барстон.

Сæрдыгон æхсæвтæ, цæй даргъ-иу ныййистут,
Æндæры куы уарза, уæд уымæй тæрсгæйæ.
Мæ сау дыуумæ цæсты, куыд нæ рахаудыстут,
Чызгайы куы хастой, уæд уымæ кæсгæйæ.

Кæйдæр лæппумæ мын кæд моймæ фæцыдтæ,
Æмæ кæд дæ зарæг мæ уатæй нæ хъуысы,
Уæддæр дæ рох ма уæд, мæ хæххон æхсинæг,
Мæ хъаймæты бонмæ æдзухдæр дæу мысын.

Кæй фæрныг хæдзар у ныртæккæ дæ къона,
Тæхудиаг æрбауа, дæ зæрдæ кæй уыдзæн!
Сусæг уарзон ма уæ цы лæппу ыскæна,
Уый райсом мæ хуызæн фæсмойнаг фæуыдзæн.

## ХÆРЗБОН, ПАРИЖ!

Хæрзбон, Париж! Ды дæ рæсугъд, хæрзконд,
Гуырвидауц чызгау ахадыс цæсты.

Дæ аккаг дзырдтæ не скæрддзæн мæ зонд,
Æмæ мæм ма кæн уый тыххæй мæсты.

Хæрзбон, Париж, æз рагæй уарзын дæу,
Дæ хъысмæт мын кæронмæ у зындгонд,
Фæлæ æнæ Советон бæстæ нæу
Мæнæн фæцæрын иу минут мæ бон.

Мæнæн ныр ам мæ сурæт и æрмæст,
Мæ зæрдæ та ис Райгуырæн бæсты,
Гъе уымæн дæн æнкъард æмæ фæлмæст,
Фæлæ мæм ма кæн уый тыххæй мæсты.

Мæ къæхтæ мæн ыскæсæнмæ хæссынц,
Кæм ныззылд дардыл Райгуырæн Цæдис,
Кæд мæм нæ дзыллæ не 'нхъæлмæ кæсынц,
Уæддæр мæ зæрдæ Иры хæхты ис.

Кæд афонмæ мæ буц хотæ тыхсынц,
Æмбарынц мын мæ сагъæстæ, мæ рис,
Фæлæ, мыййаг, кæд не 'нхъæлмæ кæсынц,
Уæддæр мæ зæрдæ Иры хæхты ис.

Кæд афонмæ сæ рудзынгæй кæсы
Кæйдæр рæсугъд, æнæхуыссæг фæцис,
Кæд мæм, мыййаг, уый не 'нхъæлмæ кæсы,
Уæддæр мæ зæрдæ Иры хæхты ис.

Мæ къæхтæ мæн ыскæсæнмæ хæссынц,
Кæм ныззылд дардыл Райгуырæн Цæдис,
Кæд мæм Ирыстон не 'нхъæлмæ кæсы,
Уæддæр мæ зæрдæ Иры хæхты ис.

## ЧЫЗДЖЫ САГЪÆС

Баталынг и, хур фæсхохмæ ахызти,
Хъæугæронæй зонгæ зарæг райхъуысти.
Уый мæ уарзон 'ндæр чызгимæ рацæуы,
Судзгæ мæт мæ сонт зæрдæйы нал цæуы.

Ферох ысты лæппуйæ йæ ныхæстæ,
Фæззæджы кæй уыдзæнис нæ чындзæхсæв,
Баззадис мæ урс къухыл йæ къухдарæн,
Зæрдæйы та карз сомытæ – удхарæн.

Фæлæ æз куыд ферох кæнон уыцы бон,
Ды мæнæн куы райхæлдтай дæ рухс фæндон.
Загътай мын дæ цин æмæ дæ мæстытæ,
Кастæ-иу мын комкоммæ мæ цæстытæм.

Кæд мæнæн цытæ дзырдтай æцæгхуызæй,
Уыдон ныр фæкæнын ды æндæр чызгæн,
Кæд мæныл фæхудыс ды æндæримæ,
Уæд дæуыл æрцæудзæнис мæ тæригъæд.

Æз дæуыл нырма мæ зæрдæ не сивтон,
Хъуамæ ма дыл иу ныхасмæ фембæлон.
Раздæрау дæ стъалытимæ бардзынæн,
'Рмæст дæу тыххæй, зон, мæхи нæ мардзынæн.

## ИУ ИЗÆР КУЫНÆ ФЕНАЙ ДÆ УАРЗОНЫ

Иу изæр куынæ фенай дæ уарзоны,
Æхсæв дæм фæкæсдзæнис æнус.
Дард балцы куы цæуа, уый куы базонай,
Атайдзæн дæ сау цæстыты рухс.

О мæ зæрдæ, ма райхал дæ карз фæндтæ, –
Сусæг удхар раппæлинаг нæу.
О, фæлтау куынæ уаиккой уарзæттæ,
О, фæлтау куынæ федтаин дæу.

Урс бæрз бæлас цады былыл мæйрухсы
Къулсæрæй зыд уылæнтæм кæсы...
Искуы мын куы бауарзай æндæр чызджы,
О мæ къона, уымæй дын тæрсын!



Казетæ, Левæ, Фузæ æмæ Геор



Мæрзойты Сергей, Георы фыд Барис æмæ Геор



Литературон къорд «Суадон»-ы уæнгтимæ




Ирон фысджытæ. Геор фæсте галиуырдыгæй æртыккаг

# ÆМДУГОНТÆ ГЕОРГИЙЫ ТЫХХÆЙ

Æрыгон курдиатджын фыссæг Гаджиты Георги у, аивадон æмæ нын критикон уацмыстæй ныфс чи æвæры, ахæм ирд æмæ хæдбындур фæзынд ирон литературæйы. Йæ цахъхъæнтимæ абаргæйæ, уый хицæн кæны йе сфæлдыстадон бæллынады удæгасдзинад æмæ хъæздыгдзинадæй, йе 'лвæст æмæ рæстдзæвин хъуыдыкæнынадæй, поэтикон уынынад æмæ уæрæх цæстæнгасæй. Гаджиты Георгийы ахæссæн ис, нæ рæзгæ ирон литературæйы æууæнк æвæрæн кæмæй ис, уыцы стæм æрыгон литераторты номхыгъдмæ.

*Плиты Грис*

Георгиимæ сæмбæлдтæн, Мæскуыйы литературон институты ахуыр кæнгæйæ. Тынг зæрдæргъæвд æмæ ныфсхаст уыд Георги ахуыры рæстæг. Фæсурокты ма кодта æндæр вазыгджын куыстытæ дæр. Кæд æрыгон уыд, уæддæр ыл сæ цæст æрæвæрдтой йе 'мбæлттæ, литературæйы дæснытæ. Уыцы рæстæг ын фæзынд бирæ литературон зонгæтæ Болгарийæ, Венгрийæ, Чехословакийæ æмæ æндæр рæттæй.

Арæх-иу мæ куырдта, цæмæй йын исты бæлвырдæй радзурон йе 'мхъæуккаг Хозиты Яковы тыххæй. Тынг-иу æй мысыд, стыр аргъ кодта йæ литературон бынтæн.

Аспирæнтурæ каст куы фæцис, уæд йæ бон уыд лекцитæ кæсын институты, фæлæ йæ нæ бафæндыд…

*Цæрукъаты Алыксандр*

Искæй рис æнкъарын, искæй зынæй риссын, искæй цинæй райын уыдис поэтæн йе сфæлдыстады сæйраг суадон. Уыцы суадоны сатæгæй-иу чи фæхъæстæ, уыдон-иу æй бамбæрстой, бауарзтой, базыдтой хæларæй, уарзонæй, рæстæй…

Георгийæн йæ уарзт, йе 'фсарм, йæ дунембарынад æмæ йæ рæстдзинад ис йе 'мдзæвгæты. Уый та дзурæг у, йæ рæдау зæрдæйы тæгтæй нывæст уацмыстæ йæ иубæстон адæмы хъуыдыйы кæй баззайдзысты, ууыл.

Хъысмæт ын скодта цырагъау судзыны тæрхон. Чи зоны, йæ царды бонтæ дæр цыбыр уымæн рауадысты. Фæлæ йæм иннæрдыгæй та æнхъæлмæ каст, æнкъарæнтæ æмæ бæллицтæй дзаг чи уыдис, ахæм цард.

*Хозиты Барис*

Георги хорз арæхстис поэтикон уацмыстæ халгæй равзарынмæ. Уый кæйдæртау уæхскуæзæй йæ фæринкæй нæ дзæнгæл кодта, фæлæ йæ ныфсы ныхасæй æвзонг литераторты уæлмонц кодта. Искæй чысыл æнтыстыл дæр цин кодта сывæллонау, мæнæ цыма йæхи æнтыст уыд, уый хуызæн.

Куыд критик, йæ уацтæ нæ уыдысты, мæнæ иуæй-иу критиктæ куыд гуымиры æвзæрст ракæнынц фыссæджы уацмыстæ, афтæ. Уыдон уыдысты цæстуарзон фыст, искæй истæмæй бафхæрыны нæ, фæлæ йын баххуыс кæныны охыл.

*Абайты Эдуард*

Бирæвæрсыг курдиаты хицау Георги литературæйы загъта йæ уаз ныхас. Ирон драматургийы, публицистикæйы, поэзийы, критикæйы ныуагъта арф фæд.

Алы æмдзæвгæйы ныхæстыл зарæг саразæн нæй. Георгийы поэзи та у мелодикон, æмæ сыл Ирыстоны композитортæ сарæзтой фæндзай зарæгæй фылдæр…

*Агънаты Гæстæн*

Ме 'фсымæр Жорæ цардæй ницы федта. Царды гуыргъахъ фæндæгтыл цæуын ын æнцонæй нæ уад, фæлæ-иу уæлахизы рындзмæ кæдфæнды дæр схызт ныфсджынæй. Нæ мад Ксеня-иу афтæ загъта: «Йæ рæузæрдæйы тыххæй бирæгъау куы – æфсæст, куы – æххормаг. Цы йæм вæййы, уый æмгæрттыл æмхуызон байуары». Мæнг æрдхæрдтæ та йын тынг бирæ уыд æмæ йын кæмдæр йе сфæлдыстадон царды къуылымпыйы хос дæр уыдысты. Йæ хуыздæр æмгæрттыл нымадта Плиты Грис, Ардасенты Хадзыбатыр, Мæрзойты Сергей, Мурасты Махар, Дзæхаты Игорь, Бериты Алыбег, Хаджеты Таймураз, Царионти Резван, Хозиты Барис, Кокайты Тотырадз æмæ æндæрты.

Скъолайы ахуыры рæстæг Жорæ бакаст хъæууон æмæ скъолайы

библиотекæты чингуытæ се ‘ппæт дæр. Аив литературæ бауарзын кодта махæн дæр, ома, йæ хотæ æмæ ‘фсымæртæн. Не ‘ппæт дæр каст фестæм педагогон институты филологон факультет.

Жорæ йæ удхæссæг уыдта мæнгарддзинадæй. Сæ мæнгард миты тыххæй нæ уарзта партократты, æмæ та-иу сыл йæ сисыбынæй критикон уацтæ уайтагъд фæзынд.

Жорæ бирæ уарзта йæ райгуырæн хъæубæстæ æмæ скъола. Ахæм æрцыд нæ уыд, æмæ Жорæ скъолайыл йæ фæндаг ма ракæна, йæ фыццаг ахуыргæнæг Сихъоты-Тегкаты Катяйыл ма баузæла, ахуыргæнджытæ æмæ скъоладзаутыл ма фæцин кæна. Адæмы уарзта, æмæ йæ хъæубæстæ дæр хъулон уарзт æмæ, уæлдай кад уымæн кодтой. Бæргæ, куы ма ацардаид, уæд ын ноджы фылдæр бантыстаид.

*ГАДЖИТЫ Илья*

Нæ адæм фынджы уæлхъус – хъайтартæ æмæ патриоттæ, фæсаууонмæ та бирæтæ – дамдумгæнджытæ æмæ хахуыртæ фысджытæ.

Хистæрæн йæ ныфс – йæ фæстæ фæдонтæ куы уа. Георги агуырдта уырзæй агурæгау Ирыстоны къуымты æрыгон сфæлдыстадон талатæ, йæ арм сыл дардта, æххуыс сын кодта. Уыдонæй бирæтæ йæ узæлдæй бакъахдзæф кодтой литературæйы хуыммæ. Йæ уацмысты ис нуар, апп, æмæ сыл бирæ композитортæ фыссынц рæсугъд мелодитæ. Азты сæрты рахызтысты ног фæлтæртæм æмæ фидæны дæр нæрдзысты кæстæрты руаджы…

*КЪАДЗАТЫ Станислав*

Гаджиты Жориччы тыххæй бирæ ныхæстæ дзурæн ис. Фыццаджыдæр, уый уыдис, куыд бакастæй, афтæ йæ миддунейы скондæй, йæ характерæй тынг интеллигентон, хæларзæрдæ адæймаг. Уымæ гæсгæ, кæдæм-иу бацыд фысджыты номæй, уым ын кодтой стыр аргъ.

Афтæ зæрдæхæлар уыд, æмæ-иу æм исчи бацыд æхца курынмæ, уæд «нæй» зæгъын нæ зыдта. Йæхимæ куынæ уыдаид, уæддæр-иу кассæйæ систа æмæ-иу сын сæ тыхст сарæзта. Уыд афтæ, æмæ-иу мызд исыны бон цы райстаид, уый нæ уыд. Иухатт ын афтæ зæгъын: «Жорæ, ныр дæ æхца чи ракуры, уыдон дын сæ фæстæмæ рат-

тынц?» Уый мæм æрбакаст æмæ йæ къух ауыгъта. Уый дзурæг у йæ хæларзæрдæйы миниуæгыл. Ахæм къуыри нæ уыд, æмæ нын Жорæ дидинджыты баст ма 'рбахæсса. Кæннод та, Æрхонкæйы фæндагыл цæугæйæ, æрхонкæйаг бæрзонд хæрзад колхозон дзултæ ма балхæна, уымæн уæвæн нæ уыд.

Гергийæн кæд йе сфæлдыстадон фæллæйттæ бирæ не сты, уæддæр ын сты ахадгæ, зæрдæмæдзæугæ. Йæ зарджытæ, йæ поэтикон уацмыстæ, йæ пьесæ «Нæ усгур алыгъд» æдзух дæр уыдзысты адæмы зæрдæты.

Кæд æз хуымæтæг машинисткæ уыдтæн, уæддæр, 40 азы дæргъы фысджытæ æмæ ахуыргæндтимæ кусгæйæ, раиртæстон, иуусылдæр иухызон ахуыргонд кæй не сты, иуæй-иутæ дзы грамматикон æгъдауæй уырыссагау (хатгай иронау дæр) раст фыссын дæр нæ зыдтой, фæлæ уыдысты зындгонд, аивадон æгъдауæй æхххæст чи уыд, ахæмтæ.

Жорæ та уыдис бирæвæрсыг ахуыргонд, уырыссаг æвзаг æмæ литературæ зыдта тынг хорз, бирæ каст периодикон мыхуыр. Уырыссагау куыд фæзæгъынц, «очень грамотный, всесторонне образованный».

Мыхуыр кæнгæйæ-иу бирæ æнæзонгæ дзырдтыл æмбæлдтæн æмæ-иу Жорæйы куы бафарстон, уæд мын-иу æдзухдæр бæлвырдæй бацамыдта дзырды нысаниуæг æмæ растфыссынад…

Георги æхсæнадон куыстыл хардз кодта бирæ рæстæг. Фæсивæдмæ йын уыд уæлдай цæстæнгас. Алы къуыри дæр арæзта семинартæ суинаг курдиатджын фæсивæдæн. Уыдонæй абон бирæтæ кусынц бæрнон бынæтты, чи – радиойы, чи Ирыстоны газеттæ æмæ журналты редакциты, чи та фыссы æмдзæвгæтæ (Хозиты Барис, Къадзаты Славик, Абайты Эдик, Черчесты Хъасболат, Хадыхъаты Фатимæ…) Се 'хсæн æрмæст ирон лæппутæ æмæ чызджытæ нæ уыд, фæлæ уырыссæгтæ дæр.

Фæсивæд æй бирæ уарзтой. Уымæн – иу ахæм дæнцæг. Георги куы фæзиан, уæд иу уырыссаг лæппу (хъыгагæн, уый дæр амард, йæ ном мæ ферох) тынг хъыг кодта æмæ кæугæйæ дзырдта: «Кому я теперь нужен? Это он мне помогал…»

Георги уарзта шахмæттæй хъазын. Цырыхаты Михалимæ-иу суанг æнафонтæм дæр баззадысты хъазгæйæ. Йæ кабинеты уазал

уыд, æмæ-иу Георги арæх электрон пец бакодта. Иуахæмы та сыл Михалимæ æнафонтæм шахмæттæй хъазт бацайдагъ. Уыд уазал рæстæг, æмæ электрон пец ссыгътой. Михал йе уæхсчытыл йæ пъалто æрбакодта, йæ фæдджи пецмæ хæстæг фæци, æмæ иуафон сыгъды тæф скалд. Георги йæм дзуры: «Горишь!» Михал æнхъæл уыд, æмæ йæ фæливгæ кæны, цæмæй фембылды уа æмæ йæм дзуры: «Ходи, ходи!». Уалынмæ сыгъды тæф тынгдæр ракалд, æмæ уæд бамбæрста хабар.

*ГУЫТЪИАТЫ-ДЕГЪУАТЫ Фузæ,*
*Фысджыты Цæдисы къорд азты*
*машинисткæ*

Мах, литературон къорд «Суадон»-ы уæнгтæ, æппынæдзух æмбырдтæ кодтам Георгийы алыварс газет «Молодой коммунист»-ы редакцийы. Диссаг та куыд нæу, ахуырты рæстæг-иу йæхи афтæ дардта, раст цыма уый нæ уыд хицау, мах та раст цыма фыццаг къахдзæфгæнджытæ не стæм, фæлæ йе ‘мсæр поэттæ.

Уый уыд рог уддзæфы хъуыррыттау. Мæ царды бонтыл мæ цæст куы ахæссон, уæд фидарæй зæгъдзынæн, мæ царды рухсдæр бонтæ кæй уыдысты, литкъорды куы архайдтон, уæд. Георги бæгуыдæр карз критик уыд, фæлæ – зæрдæхæлар, цæстуарзон. Абон дæр йæ ном рухс мысинагæй цæры нæ зæрдæты.

*ХЪАНЫХЪУАТЫ Валентинæ,*
*ахуыргæнæг*

Мах цардыстæм иу сыхы. Нæ сабибонтæ арвыстам иумæ, æнæ кæрæдзи нæ лæууыдыстæм: хъазыдыстæм хъулæй, пыхсæй хус сугтæ хастам хæдзармæ, ахстам кæсаг къухæй… Георги йе ‘мгæрттæй раздæр базыдта фыссын, кæсын. Кастис бирæ чингуытæ, ахуырмæ уыд разæнгард.

1942 азы фæззæджы хæст ‘рбахæццæ Æрыдонмæ, Кировыхъæуы та уыдысты нæхи æфсæдтæ. Дих сæ кодта Фыййагдон 2 – 3 километры нæ хъæуæй (передовая линия). Немыц Кировыхъæуыл æппæрстой бомбæтæ, æхстой сармадзанæй. Бирæ хæдзæрттæ пырх цыдысты, уыдис лæгмæрдтæ. Скъолайы бæстыхай дæр хъыгдард æрцыд…

Къадаты Петя (нæ сыхаг лæг), кæд хæсты быдырæй сахъатæй ссыд, уæддæр йæ къухтæ не ‘руагъта æмæ Жорæйы æххуысæй æмбырд код-

той 10 – 14-аздзыдты бригадæтæ акъоппытæ къахынмæ. Иу къордæн разамынд лæвæрдта Жорæ (йæ уæнгтæ уыдысты Сихъоты Адæбе, Хъазыбег æмæ Уырызмæг, Мурасты Георги æмæ Махар, Къадзаты Ладемыр, Алекси æмæ Тугъан, Абойты Андрей æмæ Коля, Хъайтмазты Мысост æмæ иннæтæ). Æхсæв-иу цы акъоппытæ скъахтам, уым æмбæхстысты нæ сыхбæстæ, уымæн æмæ тæссаг уыд хæдзæрттыл бомбæтæ ‘рхауынæй.

Хъæуы скъола хæсты бонты хъыгдард æрцыди, æмæ цасдæр рæстæджы ахуыр нæ кодтам. Быдырты кусæг адæм нæ фаг кодта. Æнахъомтæ æвиппайды айрæзтысты. Георги нæ разæй, афтæмæй скъоладзаутимæ æмгуыппæй цыдыстæм рувынмæ, нартхор тонынмæ, картоф уидзынмæ. Дон ластам кусджытæн, карстам хос, иуæйиутæ прицепщиктæй дæр куыстой. Цыбыр дзырдæй, хъазуатонæй нæ фæллойы хай хастам хæдзарады рæзтæн.

Георгиимæ дæс къласы иумæ фестæм каст. Нæ къласы уыд фараст лæппуйы æмæ иу чызг. Фæстæдæр ма нæм нæ ахуыры хайады сæргълæууæг Мелыкаты Хадзыбатыр æрбакодта заманхъуйлаг лæппу Хъæстуаты Булкъоны.

Георги уыдис канд нæ къласы нæ, фæлæ иууыл скъоладзауты раздзог. Уыд ахуыры раззаг, æхсæнадон царды активон архайæг, цæстуарзон æмæ зæрдæхæлар æмгар. Уыдис къулы газеты редактор. Йæ рауагъдты кæдфæнды дæр кастыстæм йæхи æмæ скъоладзауты æмдзæвгæтæ, радзырдтæ æмæ цымыдисаг æрмæджытæ. Георги нæ уарзта йæхицæй æппæлын, цæстмæхъус æмæ гæды ныхæстæ кæнын, уыд дардмæ уынаг.

Скъола каст фæцис æвзист майданимæ. Мæскуыйы Литературон институты ахуыры рæстæг дæр йæхи хъæппæрисджынæй æвдыста. Сæрды каникулты рæстæг-иу арæх фембæлдыстæм æмæ-иу æхсызгонæй нæ хабæрттæ фæкодтам кæрæдзийæн. Иузаман фæиппæрд стæм, фæлæ, Магаданæй фæстæмæ куы сыздæхтæн æмæ Тагъд æххуысы рынчындоны кусын куы райдыдтон хирургæй, уæд та нæ фембæлдтытæ сарæх сты. Дыууæйæ дæр бирæ уарзтам шахмæттæй хъазын æмæ-иу нæ уæгъд рæстæг æрвыстам «Шахмæтты клуб»-ы, цыдыстæм театрмæ, кинотæм... Хорз æмгæрттæй фæцардыстæм, кæрæдзи зæрдæхудты никуы бацыдыстæм, æмгардзинады фарн не ‘хсæн фидарæй фæхастам.

Георги уыд стыр курдиаты хицау. Дисы мæ æфтыдта, куыд тагъд каст чингуытæ, уый. Кæсгæ та кодта рæнхъгай нæ, фæлæ цæстытæй иста фыстыты хуыз, уайтагъд ын-иу йæ мидис ацахста, æвæццæгæн ын æнтысгæ дæр бирæ уымæн кодта чингуытæ кæсын.

Георгийы комедион пьесæтæ «Нæ усгур алыгъд», «Терк зары», «Кæркгæсы чызг» æнтыстджынæй цыдысты Ирыстоны æмæ æфсымæрон республикæты театрты сценæтыл. Дзырдта мын, Плиты Иссæйыл, Кировыл ын пьесæтæ æрдæгфыст кæй сты. Хъыгагæн, афтæмæй баззадысты...

Жорæйы хуызæн æмгæрттæ зæрдæйы ныууадзынц арф фæд. Ахæм курдиатджын адæймæгтæн сæ цард вæййы цыбыр, фæлæ нывджын.

*МУРАСТЫ Мухтар,*
*Цæгат Ирыстоны сгуыхт дохтыр*

*Æрмæджытæ бацæттæ кодта МУРАСТЫ Риммæ*



ДЖИМИТЫ Кларæ

# ЗАЛИХАНЫ ФЫРТ

*Уацау*

Фæсæмбисæхсæв рауарыд. Уæззау æртæхтæ фæдисонтау æрхостой Залиханы ног хæдзары зестæй æмбæрзт сæр, цыма йæ зæронд удмæ уæларвæй минæвæрттæ уыдысты, уыйау.

Нæрыд арв, æмæ-иу рæстæгæй-рæстæгмæ рынчыны уат арухс, стæй та-иу сауталынг фестад. Залихан тыхтæ-амæлттæй йæ нывæрзæн фæбæрзонддæр кодта æмæ къулы ‘рдæм азылд. Фæлæ йын уый дæр ницы ахъаз фæци. Фыццагау ын низ æмæ зæрдæхалæн маст дардмæ сырдтой йæ хуыссæджы хай. «Тæхудиаг, йæ ингæны къæсæрыл сыгъдæгзæрдæ æмæ æвæсмонæй чи æрлæууы, кæнæ та йæ царды чи уыд гуырысхойаг хъуыдытæй ивгъуыд», – кæмæдæрты бахæлæг кодта.

Стæй сылгоймаджы хъуыдытæ фескъуыдысты. Афынæй, æмæ йæ цæстытыл ауад сау æндæрг. Афтæ дзы фæтарст, æмæ цыма тар мигъы баленк кодта, уыйау уазал хид фестад йæ буар.

– Æгъгъæд фæцардтæ, Залихан. Цом ныр мемæ! – сусæг хъæлæсæй йæм сдзырдта уазæг, æмæ рынчыны гом цæнгтыл сæмбæлд йæ уазал комытæф.

– Нæ, мæн ма иу хъуыддаг ис, æмæ…

– Хъуыддæгтæн кæрон никуы уыдзæн, Залихан. Рæстæг дын уыд.

– Раздæр мæ цины рухсæн йæ тых афтæ бирæ уыдис, æмæ мын мæ судзаггаг маст дард сырдта. Ды зоныс, хъæбулыл цин куыд тыхджын у, уый? Андрей, Зауырбег, Солтанбег…

– Кæрон алцæмæн дæр вæййы, Залихан! – фæтызмæг уазæджы ныхас.

– Кæрон, зæгъыс? – æнкъард йæ мидбылты бахудт рынчын.– Уымæй дæхи сайыс! Æз мæ зæрдæ уал æмæ уал азы, зæххы хоры мыггаг куы тауай, уыйау рæвдаугæ æвæрдтон мæ хъæбулты туджы æмæ, бирæ азты дæргъы цы хъæуы сабиты ахуыр кодтон, уыдоны дæр æвæрдтон мæ рухс хъуыдытæ. Æз ныууадздзынæн мæ фæстæ æртæ бындуры æмæ уыдон цырагъау судздзысты ме ‘мбæстонтæн æмæ дарддæр хæсдзысты мæ зæрдæйы рухс.

– Мæн не‘вдæлы дæ дæрдтыл ныхæстæм хъусынмæ! Цы ма дæ зæрды ис?

– «Цы ма» куы зæгъай, уæд иу хабарыл гуырысхо кæнын, – сабыр хъæлæсæй сдзырдта Залихан æмæ къухæй ацамыдта æндæргмæ, дæ хъус мæм æрбадар, зæгъгæ, стæй ноджы сусу-бусуйæ загъта: – Мæ фырт Андрейæн йæ райгуырды тыххæй æцæгдзинад кæй не схъæр кодтон, уымæй раст нæ бакодтон? Мæ зæрдæйы цин бахъахъхъæдтон? Кæд-иу нæ фыдæлтæ цы дзырдтой, уый æцæг у, æмæ мæрдты бæсты тæрхоны лæгты кæнæ иунæг Хуыцауы раз æрлæудзынæн, уæд…

– Æнæмæнг! Æнæмæнг! – æндæрджы хъæлæс арвы нæрынимæ баиу.

– Уæууа! – бакатай кодта Залихан. – Уæдæ куыд? Дзантемырмæ куынæ фæдзурон, уæд мæхи бон нæ бауыдзæн раст тæрхон рахæссын…

– Дæ кæддæры лæгмæ? Хы-хы-хы! – бачыр-чыр кодта æндæрг. – Ферох дæ ис, æнхъæлдæн, уыцы бонты æфхæрд? Хорз лæг йæ куыдзы дæр ехсæй нæ фæнæмдзæнис, фæзæгъынц… Æз алцыдæр зонын, Залихан.

– Уыцы маст мæ рох нæ фæцис, мыййаг. Уæдæй абонмæ дыууиссæдз азæй фылдæр рацыд, фæлæ ма ныр дæр мæ хъустыл ауайынц йе ‘фхæрæн ныхæстæ, æмæ ссудзынц мæ уадултæ кæддæрау. Æз Дзантемырæй нæ курын хатыр, нæ йын барын йæ ракæнд дæр уæдæ. Фæлæ уал æмæ уал азы мæ зонды къуымы цы сусæгдзинад æмбæхсын, уымæн æрмæстдæр Дзантемырыл ис бауæндæн. Тынг дзыхылхæцгæ у æмæ зæрдиаг уарзт кæны Андрейы…

– Мæнæй дзыхылхæцæгдæр ничи у! Бауæнд мыл дæ сусæг…

– Нæ! Иу бон ма мын ратт, стæй, Хуыцау цы зæгъа, уый уыдзæн …

Арв ныннæрыд, æмæ Залихан фехъал. Тарстхуызæй акæстытæ кодта йæ алфамбылаймæ: «Кæд, мыййаг, исты хъæрæй сдзырдтон? Мæ зонд дзæгъæлтæ кæнын райдыдта, æвæццæгæн, æмæ райсом Зауырбегимæ аныхас хъæуы. Дохтыр куы у, мæ фæстаг сахатмæ дæр мæ зонд мæхимæ куыд уа, уымæн æм кæд исты хос разынид», – ахъуыды кодта ус æмæ æдых къухæй асæрфта йæ ныхы уазал хид.

Рынчын акаст диваны ‘рдæм. Уым æд дарæс æркъул кодта Андрейы бинойнаг Катя.

– Чындз! – бадзырдта йæм Залихан, фæлæ бамбæрста, Катя тарф фынæй кæй у, уый. Астæуккаг фырт Зауырбеджы ус дæр уыцы бонты горæтмæ куыстмæ хъæуæй цыдис, фæлæ уый æхсæвиуат сæ ног хæдзары фæкæны сывæллæттимæ. Катяйыл рынчын йæхæдæг дæр сахуыр, бауарзта æнæхин сылгоймаджы, æмæ, ахæм тыхст рæстæг æппынæдзух йæ уæлхъус кæй вæййы, уый æхсызгон уыд Залиханæн.

«Йæ цæсгом кæуынæй барæсийы. Æвæццæгæн ын Зауырбег загъта, Дзыцца, чи зоны, æмæ нал фервæздзæн, æмæ хæдзар бацæттæ кæнут, зæгъгæ. Мæгуырæг, нæ зоны æмбæхсын йæ зæрдæйыуаг»… Къуырийы размæ дæр ма Залихан йæ зæрдæ дардта адзæбæхыл, фæлæ бонæй-бонмæ тадысты йæ тыхтæ. Нæма йæ æвдæлд мæлынмæ: кæрт фос æмæ маргъæй йедзаг. «Иунæгæй сын цытæ кæндзæн йæ тæнтъихæг чындз?» – батыхст Залихан.

Андрейы лæппуты хистæр фæззæджы æфсадæй ссæудзæн æмæ ма уымæн ус уæддæр куы ‘рхастаид. Катяйæн æххуысгæнæг уаид. О, фæлæ кæй фæрсы, кæй, мæлæт! Æмбары, æвæццæгæн, ничи йын ратдзæн разыйы дзуапп, уый æмæ сау æндæргæй фæзыны амондджынмæ дæр æмæ æнамондмæ дæр.

«Цы фесты, цы, ме ‘нæниз амондджын бонтæ та? Бынтон мæ мæйдар æхсæв æмæ мæтæйдзаг хъуыдыты æвджид куы ныууагътой, – бахъынцъым кодта рынчын. – Мæ чындзæхсæвы рæстæг афтæ æнхъæл куы уыдтæн, æрмæст уыцы боны цин мын ме ‘ппæт царды зындзинæдтæ дæр рох кæндзæн, зæгъгæ»…

Ферттывта та арв. Ус ауыдта йæ къухдарæны мынæг цæхæр. Барухс йæ цæсгом, йæ зæрдыл æрбалæууыдысты уыцы зымæгон æхсæвы цаутæ…

* * *

Мит тымыгъ хаста. Фондз азы цардысты иумæ, семæ ма уыдис зæронд нана дæр. Дзантемыры фыдыхо сыл афтæ цин кодта, афтæ уарзта йæ чысыл бинонты, æмæ Залиханæй рох кодтой йæ сидзæры бонтæ. Уыцы æхсæв нана сæхимæ нæ уыдис, æмæ йæ гуырæн бон æртæ чъиригийы бæргæ æрæвæрдта фынгыл, уæдæ уыцы бонмæ сфыхта бæгæны дæр. Æрмæст Дзантемыр йæ фысты дзугимæ дард Науыры куы ис... Залихан иунæгæй фæбадт.

Дзантемыр æмбисæхсæв фæзынд, бацыди сæ уатмæ. Йæ уæлдзарм худ æмæ кæрцы æфцæггот халас сæвæрдтой, фæлæ амондджын худт кодта.

– Исты æрцыд, мыййаг? Æнæниз дæ, Дзанте? – хъарм халаты цæппузыртæ æвæргæйæ, йæ размæ рауад Залихан. – Ацы фыдрæстæг куыд ссыдтæ?

Дзантемыр йæ уæлæдарæс фелвæста æмæ усы йæ хъæбысы ныккодта:

– Диссаджы бæрæгбон куы у, Зали!

– Бæрæгбон? – скаст æм Залихан. Æрбайрох дзы ис фыр цинæй йæ бæрæгбон. Стæй йæ дыууæ армы авæрдта Дзантемыры уазал рустыл:

– Мæнæй афтæ дæ ферох.

– Æмбисонды бæрæгбон! Зæдты уæздандæртæй иуы гуырæн бон куы у!

– Уаих æрбауай, Дзанте! – ныххудтис Залихан. – Ахæм фыдæхсæв лæг йæ куыдзы уынгмæ куынæ ауадздзæн, уæд дæхи цæуылнæ хъахъхъæныс?

– Уый дæуæн загъдæуа! Ахæм фыдæхсæв дын иунæгæй уадзæн нæй, – хъæлдзæг худт кодта лæг.

– Æцæг зæгъыс, Дзанте! Мæн хуызæн амондджын сылгоймаджы гуырæн бон хъуамæ зымæгон хур афтæ æрæндава зæхх, цæмæй йыл фæзыной дидинджытæ, – хъазæн ныхас кодта Залихан дæр.

Дзантемыр ын раст уæд балæвар кодта къухдарæн.

– Сырх дурджын! – бацин ыл кодта сылгоймаг.

– Мæнæ ацы сырх дуры мæ уарзæгой зæрдæйы зынгтæ нывæрын кодтон, Зали. Хæтæнты хæтын, цæуæнты цæуын мæ дзуджы фæдыл, фæлæ мæ уд дæуимæ ис кæддæриддæр, æмæ йын ацы къухдарæны цæрæнбынат скодтон. Макуы йæ раппарай де 'нгуылдзæй!

– Куы нал мæ уарзай, уæд та? – цæмæндæр йæ дзыхы абадт æнæхъуаджы фарст.

– Райсомы бон кæмæ цы æнхъæлмæ кæсы, уый ничи зоны. Æрмæст абон афтæ æнхъæл дæн, цыма дыл никуы сивдзынæн мæ зæрдæ. Искæдбон мæрдтæм ме стæгдармæ исчи дæ ном куы ныдздзура, уæд уыдон дæр хъæлдзæг змæлд бакæндзысты фыр цинæй.

– Раздæр мын никуы загътай ацы рæсугъд ныхæстæ!

– Раздæр дæ æрмæст уарзгæ кодтон, Зали. Адæймаг афтæ уарзы, рæсугъддзинад, кад æмæ фидар зондыл хæст чи вæййы, ахæм удгоймæгты, номдзыд æмæ хъуыстгонд рæсугъдты… Æмбарыс мæ? Ныр та ма дын стыр аргъ дæр кæнын, ахæм хæзна мæ бинойнаг кæй у, уымæй сæрыстыр дæн æмæ дыл æууæндын. Æууæндын мæ хъысмæт, мæ кад, мæ цард æрмæст дæуыл…

Залиханæн æруадысты йæ цæстысыгтæ. Рынчын нæ кодта гуырысхо, йæ лæг ын сайæн ныхæстæ нæ кодта уыцы 'хсæв, ууыл. «Фæлæ мæ æцæгæй нæ уарзтай, Дзантемыр, уый йæддæмæ мæ бамбæрстаис, бауæндыдаис, æз дыл гадзрахатæй кæй никуы рацыдаин, ууыл дæр.

Дыууæ уды куы баиу вæййынц, уæд сæ куыд тагъд ферох вæййы уарзондзинады цин! Уыцы стыр мулкæн аргъ цæуылнæуал фæкæны адæймаг?» – ахъуыды кодта мæнæ ныр Залихан.

Уарын куыд æвиппайды райдыдта, афтæ боныцъæхтыл цæхгæр фæхъус. Бæстæ ныссабыр. Залиханы раздæр никуы равдæлд хурыскасты нывтæм афтæ бæлвырд акæсынмæ. Никуы федта, сæ кæрты астæу æнгуз бæласыл уарыны æртæхтæ сызгъæрин хердоджытау цæхæртæ куыд калынц хуры тынтæм, уый дæр. Хæдзары æфсинæн никуы фæцис рæстæг зæрватыччыты хъæлдзæг цъыбар-цъыбурмæ байхъусынмæ дæр. Мæнæ уыцы райсом цины цъыбар-цъыбурæй нал æнцадысты сырддонцъиутæ дæр. Ус бахудт: уыдон афтæ амондджынæй зарыдысты сæ чысыл цъиутæн, æмæ сæм бахæлæг кодта.

Андрей æрæджы Дзантемыры æххуыс æмæ уынаффæйæ уынджы 'рдыгæй сарæзта фыхдурæй амад ног стыр хæдзар. Йæ парахат фондз уаты се стыр рудзгуытæй кæсынц уынгмæ. Иуы дзы чындзытæ æрæвæрдтой диссаджы рæсугъд æмæ зынаргъ дзауматæ, йæ пъолыл ын байтыдтой стыр гауыз.

– Дзыцца, цæттæ у дæ уат. Цом, æрцæр дзы, – цингæнгæ йын загъта Катя.

– Бузныг, мæ хуртæ, – тынг æхсызгон уыдис уыцы хабар мадæн, раст ын цыма йæ фырттæ æмæ чындзытæ йæ номыл кады мæсыг самадтой, афтæ сæ фæбузныг.

– Ног хъæццултæ та дын Зариффæ æрбахаста. Теуайы къуымбилæй конд, дам, сты, – цингæнгæ йын дзырдта Катя. – Сæрдыгон дын бæзджын хъæццулы бын тæвд куы уа.

– Зауырбегæн горæты æртæ хæссинаджы, мæ къона. Ды сæ хистæр дæ чындзытæн æмæ дзæгъæл хердзтæ кæнын ма уадз дæ файнустыты. Ног хæдзары уаттæ дæр хъуамæ иухуызон арæзт уой дзаумайæ. Ма мыл фæхудæд дæ зæрдæ, чындз. Мæ уатмæ гыццыл фæстæдæр балидздзынæн. Сывæллæттæ уал дзы ацæрæнт.

– Таму уал дæ сынтæджы йæ баз сæвæрдта. Сæрмæт æрбынат кодта йæхицæн дæ иннæ фарс. Астæуæй баз сæвæрдтой æмæ дæумæ æнхъæлмæ кæсынц.

– Мæ чысыл хуртæ…

Уый уалдзæджы уыдис. Залихан ма уæд йæ зæрдæ дардта, тагъд æй йæ дохтыр фырт кæй адзæбæх кæндзæн, ууыл. Тыргъты кæрон хъуамæ

æрцардаид Дзантемыр. Куыствæллад зæронд лæг хъуамæ æрбынатон уыдаид йе стыр бинонты ‘хсæн. Ныр дæр Дзантемыр сæхимæ куы вæййы, уæд нал ацæуы Солтанбеджы хæдзармæ, Катя ног хæдзары уаты бакæны хуыссæн, фæлæ тыргъты иннæ кæрон. Андрейы цыппар лæппуйæ хæдзары чи вæййы, уыдон парахат сынтæджы сæ дадайы фарсмæ ныббырынц.

Залихан мæнæ ныр дæр хуыссы зæронд хæдзары æмæ чысыл рудзынгæй кæсы йæ кæртмæ. Зæронд усы стырдæр мысинæгтæй иу куы у уыцы уат. Уырдæм æркуывта кæддæр, самандурæй конд къултæ уыдысты йæ амонды бонтæн æвдисæнтæ. Уæртæ къулæнцой – зæронд къамод, йæ фарсмæ – айдæн. Дзантемыр ын æй балæвар кодта сæ чындзæхсæвы афæдзы бон. «Æмбисонды кæсæн у, уындзынæ дзы арвы зæдты рæсугъддæртæй иуы! Стыр стъол та мæхи къухтæй скодтон», – загъта Залиханæн…

– Нæ бирæ цот гыццыл стъолы уæлхъус куынæ бацæуой, – хъазгæйæ загъта ног чындзæн лæг. Залихан ыл уыцы изæр æртæ чъиришы æрæвæрдта, фæлæ хъæбыстыл фесты æмæ се ‘хсæвæр æнæ ‘внæлдæй баззад…

Уыцы стъолыл-иу ралæууыд йæ чысыл æрмттæй Андрей, «æлима баппа», зæгъгæ. Сывæллоныл дыууæ азы куы рацыд, уæд ын бандоныл баз сæвæрдтой æмæ стъолы фарсмæ сæрмагонд бынат æрцахста. «Дыккаг хистæры бынат æрцахстай, мæ хур, æмæ дзы фæрнæй фæбад!» – раарфæ йын кодта Дзантемыр…

Нæ, йæ амонды æвдисæнтæ йын бирæ азты дæргъы фехъуыстой тар æхсæвты йæ кæуын дæр, фæлæ йæ маст зыдта æмбæхсын адæмæй дæр æмæ Андрейæ дæр. Цард цыдис размæ, хæсты фыццаг азтæй иуы амард Дзантемыры дыккаг ус Анычкæ, æмæ се ‘нахъом дыууæ лæппуйы дæр æрцардысты Залихан æмæ Андреимæ. Изæрыгæтты цыппарæй уыцы стъолы алыварс æмбырд кодтой бинонтæ, дзырдтой сæ кæрæдзийæн сæ маст, сæ цин бирæ азты дæргъы. Фæстæдæр ацы стыр уатмæ æркуывтой Залиханы арфæйаг чындзытæ æртæйы. Фыццаг æрбахызт Катя. Сæхи хъæуккаг чызг уыдис, Залиханы скъоладзау, Андрейы иунæг уарзон. Куыд амондджын уыдис хæдзары æфсин, сауцæст, сауæрфыг рæсугъд æм куы бахудт хызы бынæй, стæй йын диссаджы амондджын хъæлæсæй куы загъта Дзыцца, зæгъгæ, уæд!

– Мæ къона! Ме стыр цин, куыд цардаин, цымæ, æнæ дæу? – кæддæры цаутæ æрымысгæйæ, загъта Залихан æмæ фæлмæн йæ мидбылты бахудт Катямæ.

Чызг йæ къабатæ куыд ива, уыйау йе 'мбæрзæнтæ ивта уаты астæу стыр стъол, æмæ фæразонæй лæггад кодта мæнæ ацы уалдзæгмæ йе стыр бинонтæн Залихан. Цыппæрдæс адæймаджы йæм бабадт ног азы изæр хæрз æрæджы: йæ фырттæ, чындзытæ æмæ уыдоны цот. Хистæрæн дзы бадти сæ уарзон дада Дзантемыр. Андрей Залиханы номыл сидт куы рауагъта, уæд бинонтæ стырæй, гыццылæй сыстадысты æмæ бирæ арфæйы ныхæстæ загътой сæ уарзон Дзыццайæн. «Арфæйы акkаг у уæ Дзыцца æмæ бирæ азты цæрæд зæрдæрухсæй!» – раарфæ йын кодта Дзантемыр дæр…

Нæ, мæ хуртæ, ног хæдзармæ мæ нæ ауадздзысты мæ рацарды бирæ æвдисæнтæ. Абон мæ цинтæ сбирæ сты, æмæ мæ ныфс ис, мæ мастыл кæй фæтых уыдзынæн, уымæй. Никуы зыдтон хатыр кæнын, æмæ уый у ме 'стырдæр рæдыд, фæлæ иу минут дæр нæ фæцудыдта мæ уарзондзинады тых…

Уасджытæ се 'хсæвы фынтæ кæрæдзийæн дзырд куы фесты, афтæ рынчыны уатмæ, йæ хæдоны æгънæджытæ æвæргæ, бацыд Андрей – бæрзонд, фæтæнуæхск, бурхил æмæ цъæхдзæст лæппулæг.

– Дзыцца, куыд дæ? – афарста мады æмæ сынтæджы раз бандоныл æрбадт.

– Ницы мын у, – цыбыр дзуапп ын радта.

– Дзæгъæлы нæ бауагътай дысон Зауырбеджы дæхицæн укол скæнын, – аив мидбылхудт æм бакодта Андрей.

– Тухæнæй марын уый дæр. Дыууæ мæйы дæргъы Зариффæимæ сæ фатеры нал цæрынц. Сæхæдæг нæ, фæлæ ма хъæуæй горæты скъоламæ сывæллæты дæр ласынц, – батыхст Залихан.

– Кæд чи бафыста йæ мады хæс?

– Сымах æй бафыстат! Бауырнæд дæ.

– Уæдæ! Ныр дæр ма иу минут удæнцой нæ зоныс! – бахудт æмæ мады базы бынæй раласта æрдæгконд къуымбил цъында, баппæрста йæ диванмæ.

– Тамуйы у. Фæстаг дыууæ боны мæ къухты тых нал ис, æмæ…

– Иу бон мын дæ фарсмæ фæбадыны рæстæг нæма фæцис, Дзыцца. Мæнæ ацы къуыри нæ мæнæу æфснайд фæуыдзыстæм, æмæ мæ уæд февдæлдзæн.

– Изæр хæдзармæ афойнадыл куы цæуис, – загъта Катя худæнбылæй æмæ рабадт. – Афынæй та дæн, Дзыцца. Цæй рынчынгæс ис мæнæй?

Стæй дæхæдæг дæр стыхсыс. «Афынæй кæн, афынæй кæн» байдайыс…

– Дзыцца, тагъддæр адзæбæх у, кæннод дæ чындзы худинаджы кой адæммæ айхъуысдзæн. Знон ыл Таму йæхи худæгæй схаста, кæд, дам, федтат дзуакатыл агмæ сæкæр кæнгæ.

– Адзырдта йæ мæнæн дæр. Чындз, цу. Сауфагæ афыц сывæллонæн æмæ ма, кæд уагъылытæй баззад, уæд ын уыдонæй дæр сфыц, кæннод та æлхæнгæ адджын дон фæнуаздзæн, – бафæдзæхста Залихан.

Катя ацыд.

– Зауырбег абон тынг раджы ацыдис йæ куыстмæ. Æрбадзырдтой йæм рынчындонæй, дæ мады хостæ æмæ ног диагноз схæццæ сты, зæгъгæ, æмæ дæ нæ райхъал кодта. Уколтæ æрцæттæ кодта æмæ дын сæ чындз скæндзæн. Кæд дæм исты хæрын цæуы, уæд мын æй зæгъ, æмæ йæ Зауырбег изæры æрласдзæн, – загъта йын Андрей æмæ сыстад бандонæй.

– Ницы мæ хъæуы! Æрмæст мын абон дадамæ куы фæдзурис, – къæмдзæстыгхуызæй загъта рынчын.

– Дадамæ?! – æнæнхъæлæджы дисгæнæгау æй афарста уый.

– Йæд у… Ныхасæн мæ хъæуы уæ фыд, – сабыр хъæлæсæй загъта Залихан, æмæ асырх сты йæ мæллæг рустæ фыр æфсæрмæй. Фырт, мыййаг, афтæ куы фенхъæл уа, йæ амæлыны размæ мæ мады йæ лæджы фенын æрфæндыдис,зæгъгæ.

– Ислам æм ацæуинаг уыд абон. Хуыцаубоны сæм минæвæрттæ æрбацæудзæн йæ фырты чызджы фæдыл, – æрæджиау сдзырдта Андрей.

– Нæ, абон æм дæхæдæг ацу. Йе ‘фсымæрæн нæ ракомдзæн. Ма фæзивæг кæн, – бафтыдта ма Злихан йæ ныхæстæм кæуын хъæлæсæй.

Ислам у Дзантемырæн йæ хистæр æфсымæр. Уый фырт Петройы цотæн ма сæ кæстæр сæхимæ уыдис æмæ ныхас ууыл цыдис.

– Хорз, Дзыцца, хорз, ныртæккæ йæм цæуын, æрмæст ма тыхс.

Андрей фехъуыста йæ мады зæрдæйы рис. Йæ быны цыма зæхх нынкъуысыд æмæ дунейы райдзаст нывтæ хæлдысты, афтæ бакатай кодта. Зæронд мæлы, саби рæзы. Æрдзы кондæн ивæн нæй. Æрмæст Андреймæ йæ мад зæронд нæма каст. Фырт йæ сывæллоны бонтæй ырмæ тындзы Залиханы тыхджын зонд æмæ кады аккаг суæвынмæ. Андрей колхозы сæрдар куы ссис, уæд æм йæ куысты фаг зонындзинæдтæ уыдис, фæлæ уæддæр йæ фарсмæ лæууыд мад. Уый йæ ахуыр кодта адæмыл аудын, сæ цин æмæ зын зæрдæйæ æмбарыныл.

«О, фæлæ сæ цы маст фæсырдта афтæ дард кæрæдзийæ мæ уарзон ныййарджыты? Дадайы хуызæн æнæаипп адæймаг чысыл хъуыд-даджы тыххæй йæ бинонты цард нæ фехæлдтаид. Уæдæ цы зæгъæн ис Дзыццайæ та? Дыууиссæдз азæй фылдæр комкоммæ йæ цæстытæм кæмæн нæ бакаст, уыцы нæлгоймаг æй абон цæмæн бахъуыд? Цы йын фæдзæхсы мæлæты сахат Дзыцца?» – фарста йæхи Андрей. «Дыцца, Дзыцца, уыцы тыхстæй дæр ма мæнæй тыхджындæр дæ! Æз та æнæ-фсарм кæуын удæгас адæймагыл».

– Исламмæ сывæллæттæй искæй арвитдзыстут, цæмæй уый хохмæ мауал ацæуа. Дæ фыдыфсымæры цард цæргæ-цæрæнбон æгад кæны йæ бинойнаг. Цот дæр сæ мад Варкайы зондыл хæст сты, – загъта Залихан.

– Варка нын хæсты рæстæг нартхоры ссады литр туджы аргъæй кæй уæй кодта, уый йын нæ барыс, Дзыцца?

Залиханæн æхсызгон уыд, лæппу ныхасы сæр кæй аивта, уый. Йæ цотæй никуы æмбæхста, тиуы бинонты кæй нæ уарзы, уыцы хъуыддаг. Фæлитой æмæ тынг æдзæсгом уыд йæ файнуст. Варкайы фырты чызг Надиффæ цалдæр азы сæ хъæуы дуканийы куыста. Стæм товартæй-иу йæ къухы цы бафтыд, уыдон æмбæхста æмæ сæ Варка се ʻмхъæуккæг-тæн зынаргъæй уæй кодта.

Ныр Надиффæйы агурæг фæцис. Æмæ сæ сыхæгтæ æндæр дис нæ кодтой, уымæн Варка цы зынаргъ лæвæрттæ æрцæттæ кодта, ууыл.

– Нæ йын барын. Мæнæ цалдæр боны размæ дыууиссæдз туманы аргъ гауыз мин сомыл æрбауæй кодта нæхи Солтанбегæн.

– Сылгоймаг уæвгæйæ, дыууæ азы ахæстоны фæбадт æмæ уæддæр йæ митыл нæ фæсмон кæны?! Мах та кæдæм кæсæм, Дзыцца? Æз уыцы хабар нырмæ цæуылнæ фехъуыстон? – тызмæг уыд Андрейы хъæлæс.

– Мæ тыхстæй мæ æрбайрох. Знон мын æй Госа дзырдта. Æрмæст зон дæхæдæг, уæ фыдыфсымæр лæмæгъ разындис, æмæ йæ налат усы уынаффæтæ æххæст кæнынц бинонтæ иууылдæр.

–Уæдæ та нæхимæ адæмы æрхъусын кæндзыстæм? Мæ фыды кадджын ном мын æгад кæнынц, Дзыцца, фæлæ мæ абон уыдæттæм нæма æвдæлы.

Уыцы рæстæг рудзынгæй æрбакаст Катя æмæ загъта лæгæн:

– Машинæ дæм æрбацыд.

– Уæууа, ныхæстыл дæ фæдардтон, лæппу. Æххормагæй ма ацу.

* * *

Машинæ дугъ кодта фæндагыл. Андрейы размæ цыма цингæнгæ уадысты донæфсæст хъæд, ног чындзыты æнгæс сæ тæмæнтæ калгæ дарæсы æхсæрдзæнтæ, стæй айнæг къæдзæхтæ. Быдираг уазæгмæ-иу йæхи хæстæг æрбайста хæххон фыдуаг дон, стæй-иу дзы алыгъд дардмæ. Амбæхст æрхы.

Андрейы зæрдæ кæддæриддæр рад хæхтæ æмæ хъæды нывтæй, фæлæ йæм уыцы бон ницыуал хъардта. Иунæг минут дæр дзы нал рох кодтой йæ ныййарджытæ.Йæ иннæ сагъæсты æхсæн дзы æгæр бирæ рæстæг рохуаты кæй аззадысты, уый хæстæ дæр дзы цыма ныр истой. «Цы маст сæ ис кæрæдзийæ? Цæргæ-цæрæнбон мын æрмæст уыцы фарстайæн нæ лæвæрдтой дзуапп сæ дыууæ дæр!»

Дзантемыр кæд хъæумæ арæх не ‘фтыд, уæддæр сывæллæттæ зыдтой фыды рæвдыд. Лæг йе ‘ппæт фæллой дæр хаста сæ хæдзармæ. Сæрды мæйты сывæллæтты ласта хæхбæстæм.

– Хур æмæ къæвдамæ тæригъæд не сты? – фарсой Дзантемыры иннæ фыййæуттæ.

– Ницы сын у. Лæппутæ хъуамæ алцæмæн дæр фæразонæй хъомыл кæной. Стæй дæ фарсмæ чи нæ рæза, уыцы сабимæ никуы уыдзæнис дæ зондахаст, – дзуапп сын лæвæрдта Дзантемыр.

Андрей йæ кæстæр æфсымæртимæ куы къуыбыртыл хъазыд, куы æххуыс кодтой фыййæуттæн. Афтæмæй сæ уарзон хистæры фарсмæ æрвыстой сæ бонтæ. Изæрыгæтты та сын Дзантемыр кодтаид мидхæсты æмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хабæрттæ. Æмбарын кодта лæппутæн, куыд зынаргъ у фыдæлты зæхх, куыд зын хъахъхъæнæн у лæджы кад. Иуæй-иу хатт Дзантемырмæ уыдаид Залиханы кой дæр. Афтæ сын иуизæр радзырдта, кæддæр хъæуы лæгтæ сылгоймаг-фæсивæды куыд нæ уагътой æхсæнады куыстытæм, уый.

– Фæлæ фæзынд æмбырды уæ мад. Æрыгон ахуыргæнæг йе ‘гъдау æмæ кады фæрцы ссис нæ фæсивæдæн фæзминаг. «Кæд Залихан бацыд фæскомцæдисы рæнхъытæм, уæд мæ чызг дæр бацæуæд», – дзырдтой уый раныхасы фæстæ хистæртæ.

– Æмæ Дзыцца хъæздгуытæй куы уыд! Ахуыргæнæг дзы куыд амалæй рауад? – бафарста йæ Зауырбег.

– Стыр ахуыргонд лæг уыдис йæ фыд, уый æцæг у. Хъæздыг уыд, фæлæ фыццаг революционертæй разынд æмæ йæ куы агæрах кодтой, уæд

ма уæ мад сывæллон уыдис, – диссаджы фæлмæн хъæлæсæй йын дзуапп радта Дзантемыр. – Сæ ныййарæг мад йæ дыууæ сабиимæ горæтмæ йæ хъæздыг æрвадæлтæм ссыд. Залиханыл дыууадæс азы куы цыдис, уæд йæ мад дæр амард, æмæ уыцы кары бынтон сидзæрæй баззад. Йæ кæстæр æфсымæримæ цалдæр азы сæ мадырвадæлтæм гуыбыныдзагыл фæкуыстой. Æрвад йæ цотæн ахуыргæнджытæ æххуырста æмæ сæхи цот нæ, фæлæ зæрдæргъæвд разынд Залихан, æмæ, мæгуыртæ куы фæуæлахиз сты, уæд уæ мад æнцонæй сахуыр кодта æмæ ссис ахуыргæнæг.

Нæ, Дзантемыр никуы рафаудта цотæн Залиханы…

«Куыд никуы батыхстæн зæрдиагæй, мæ ныййарджытæ цæмæн ахицæн сты, уый раиртасыныл», – æфхæрдта йæхи уыцы бон Андрей. Скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд иу хъарм фæззыгон изæр бафтыд Исламтæм. Лæг сæ кæрты астæу бадт, цыргъ кодта йæ сæрдасæн æмæ зарыд йæхицæн.

– Дадайы никуы равдæлы афтæ йæ фæллад уадзынмæ, – рахъаст ын кодта лæппу æмæ йæ фарсмæ æрбадт.

– Лæппу, æз арæх цæуыл фæхъуыды кæнын, уый зоныс? – лæг йæ хъуынджын æрфгуыты бынæй бакаст Андреймæ æмæ йæхæдæг йæхицæн дзуапп радта: – Дæ фыды æнæсæр митыл. Ныр ды саби нал дæ æмæ мæ бамбардзынæ.

– Дада æнæсæр ми бакæна, уый мæ нæ уырны, – асырх Андрей.

– Бауырнæд дæ уæдæ! – Ислам æркæстытæ кодта йæ сæрдасæнмæ, асæрфта йæ йæ уæрагыл æмæ дзырдта дарддæр: – Ды ма чысыл уыдтæ, уæд фæуагъта Залиханы, зæды хуызæн сылгоймаджы! Æнæхъæн хъæуы цæрджыты дæр æмæ стыр мыггаджы дæр уыцы рагфæззæг дæ фыды ракæнд дисы бафтыдта. Æвиппайды йæ сæры фæкуысси йæ фыдзонд, æвæццæгæн. Рагæй дæр ахæм хивæнд уыдис Дзантемыр! Цалдæр азы сын цот нæ рæстмæ кодта, æмæ йын мæхæдæг дæр дзырдтон, æрхæсс æндæр ус æмæ æнæ бындарæй ма базæронд уай, зæгъгæ. Æрмæст дæ фыд сныхас дæр никуы никæй бауагъта. Залиханы, дам, ницæй тыххæй уадзын. Ислам абадтис æнæдзургæйæ, стæй бахудт йæ мидбылты. – Зын бамбарæн нæ уыд уыцы хабар. Залиханæй зондæй дæр æмæ бакастæй дæр цы загътаис! Фæзминаг уæдæ йæ кад дæр хъæубæсты. Ахæм æнæаипп ахуыргæнæг нæм æндæр нæ уыдис уыцы азты. Уалынмæ йæ ме ‘нæсæр æфсымæр фырыхъулы хуызæн лæппуимæ фæуагъта, мæн, дам, бирæ цот хъæуы, балхæдта нæ хъæуы иннæ кæрон хæдзар æмæ Анычкæйы ракуырдта.

Андрейæн зын уыд, бæргæ, йæ фыды йын кæй æфхæры Ислам, уый, фæлæ цы загътаид? Æнæкæрон бирæ йæ кæй уарзы, уый йын загътаид æрмæст?

– Афтæ фæуæд! – дзырдта дарддæр Ислам. – Ныр та хæдзары æртæ лæппуйы! Æртæ! Сæ иуæй иннæ фæзминагдæр не скъолайы. Мæнæ нæ ус куы æрбацæуы скъолайы æмбырдæй, уæд уый фæдзуры, уыцы лæппутæй æппæлынæй фылдæр не сты ахуыргæнджытæ, цы сæ ахуырæй, цы се ‘гъдауæй, зæгъгæ. Ме ‘фсымæрæн уæддæр йæ цард йæ гуыбыны нæ цæуы. Анычкæйы амарды фæстæ азтæ рацыд. Дзантемыр хæстæй сыздæхт. Цалдæр азы та ацардис йе ‘мхæстон Таняимæ дæр уæдæ æмæ йын уый дæр йæхи райгуырæн бæстæмæ фæлыгъд, лæг йæ куыст куынæ аивта, уæд. Залиханы æккойы уæ бафтыдта æмæ афæдзгæйттæ йæ хæдзармæ нæ цæуы! Кусгæ, дам, кæнын. Æз ме ‘фсымæрæй тынг сæрыстыр дæн, Андрей, куысты кадджын хъæйтары аккаг нæ мыггагæй æндæр ничи ссис, уæдæ хæсты быдырæй дæр тынг бирæ хорзæхтимæ сыздæхтис, фæлæ йæ не ‘мбарын…

– Æз дæр не ‘мбарын мæ ныййарджыты, Ислам, – дзуапп ын радта уыцы бон Андрей, фæлæ йæ хъуыдытæ æргом не схъæр кодта.…

Азтæ цыдысты. Андрей йæхинымæр раст кодта фыды. Чи зоны, æмæ куынæ базыдтаид æфсымæры ад, уæд хъыг дæр бакодтаид фыды уынаффæтыл. Фæлæ æнæ Зауырбег тынг мæгуыр уыдаид Андрей. Солтанбегæн дæр ницы уыдис, фæлæ йæ кæддæр тынг мæстджынæй Дзантемыр «йæ мадау æдылыгонд» рахуыдта. Йæ бинойнаг хæстæг нæ цыдис стыр бинонтæм æмæ Солтанбег дæр куыста колхозы шофырæй, кастис Дзыццайы коммæ, æхxуыс кодтаид фыды хæдзарæн дæр, фæлæ уыд æнæмæт адæймаг.

* * *

Мæнæ ныр дæр Андрейы цæстытыл уадысты йæ ныййарджыты царды нывтæ. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, Дзантемыр хæстмæ куы цыд, уыцы сæрдыгон бон…

Хъæуы астæу фæрсæй-фæрстæм лæууыдысты дыууæ уæзласæн машинæйы. Стырæй-чысылæй йæ къæхтыл лæууынхъом чи уыд, уыдон æрæмбырд сты фæдисы бæлццæттæн фæндараст зæгъынмæ. Нæ уыд се ‘хсæн æрмæст Залихан.

Дзантемыр йæ алыварс бирæ фæракæс-бакæс кодта, стæй бафарста Андрейы:

– Дæ мад æнæниз у?

– Цы дзы кæныс?! – сбустæ йыл кодта Анычкæ. Дзантемыр æм цæхгæр фæзылд, æмæ, ус лæджы тызмæг цæстæнгас куы ауыдта, уæд ма сабырæй бафтыдта йæ ныхæстæм: – Дæхи мæт кæн.

– Хи мæт кæнын сырддонцъиу дæр зоны! – дзуапп ын радта лæг.

Андрей скаст фыды æнкъард цæсгоммæ æмæ сæхимæ адугъ кодта. Залихан, кæрты астæу лæугæйæ, арвмæ ныдджих.

– Дзыцца! Дзыцца! Рох дæ фæцис? Дадаитæ абон хæстмæ цæуынц! –базгъордта йæм Андрей æмæ, мад йæ бынатæй куынæ сызмæлыд, уæд æй йæ хъæбысы æрбакодта æмæ фæрсы: – Дæ сæр та риссы?

– О, мæ чысыл къона, фезмæлын дæр мæ хъару нæу, – кæуынхъæлæсæй сдзырдта мад.

– Уæдæ куыд, Дзыцца? Анычкæ загъд кæны, æмæ тæригъæд у дада! Цом-ма!

Лæппуйы тынг фæндыд, йæ фæлмæн мад хæстоны куы барæвдыдтаид, уый æмæ ссардта æндæр мадзал.

– Дыцца, уæдæ цы зæгъон дадайæн дæ номæй? Ма тæрс, æз рох ницы фæкæндзынæн!

– Мацæуыл-иу мæт кæн, зæгъгæ йын зæгъ. Цы йæ бахъæуа, уый йын мах æрвитдзыстæм. Фыссæд нæм арæх.

– Дзыцца, æз ма йын ноджы зæгъдзынæн, бирæ йæ кæй уарзын, уый дæр. Стæй фыдуаг митæ кæй нал кæндзынæн, уый дæр!

Ууыл Андрей дуарæдде фæцис. Адæм хъæуы астæу æмызмæлд кодтой. Бæлццæттæн фæндараст зæгъынмæ æрцыдысты районæй дæр æмæ, машинæйы гуыффæйы лæугæйæ, дзырдтой адæмимæ. Лæппу йæ фыды ссардта. Бахудт æм. Æнæдзургæйæ алæууыдысты, стæй Анычкæ иуварсмæ куы фæкаст, уæд Андрей фыдæн ацамыдта, æргуыбыр мæм кæн, зæгъгæ, æмæ йын усы сусæгæй адзырдта:

– Дзыцца кæуы. Йæ сæр риссы, фæлæ загъта, мацæуыл, дам, мæт кæнæд, мах ын алцыдæр æрвитдзыстæм.

– Æндæр ницы? – бахудт æм фыд.

– Мах дæ дыууæйæ дæр тынг бирæ уарзæм! Дзыцца загъта, цæмæй нæм арæх фыссай…

– Хорз, – загъта лæг æмæ ма æрæджиау бафтыдта йæ ныхæстæм. – Бинонты хистæр нæлгоймагæн дæу уадзын, Андрей. Амæй мæ сыздæхынмæ дæ бар кæнын дæ кæстæрты. Дæ цæст-иу сæм фæдар, дыккаг куы райгуыра, уæддæр.

– Ма тыхс. Æз сæ хъахъхъæндзынæн…

– Уымæ куы æрхауæм, уæд нæ хъуыддаг цæуы! Басудзид нæ йæ мад зæрондæй-ногæй! Дæхимæ дæр дын хицауадæй ничи фæдзырдта, ацу хæстмæ, зæгъгæ, фæлæ дæ фыццаг усы цæстмæ ахæм митæ кæныс! Мах дæм зынгæ дæр нæ кæнæм, – æлхынцъæрфыгæй загъта Анычкæ.

Уыцы рæстæг ныхасы бар радтой хъæусоветы сæрдар Дæхцыхъойæн. Иунæг удгоймаг дæр цыма нал уыдис хъæуы стыр фæзы, уыйау адæм ныссабыр сты: ахæм кадджын лæг уыд дзурæг. Ногæй ма сын цы загътаид сæрдар дæр? Загъта, бæстæйыл стыр бæллæх кæй сæмбæлд, æмæ уый бæрнон хæстæ кæй æвæры сæ алкæй размæ дæр. Стæй систа арвмæ йæ цæнгтæ æмæ кувæгау бакодта: «Дунейы фарн, æгадæй нын бахиз нæ бæлццæтты, афтæмæй уæлахиз кæнæд знæгтыл…»

– Мæлæтæй нæ, фæлæ æгадæй? – афарста Андрей йæ фыды.

– Фыццаджыдæр, æгадæй! – фидар дзуапп ын радта Дзантемыр.

– Ды дæхи бахъахъхъæн! Мах цы фæуыдзыстæм? – дзырдта Анычкæ. Уый йæ иу къухæй гыццыл Зауырбегыл хæцыд, иннæмæй та йе стыр гуыбынмæ амыдта лæгæн – уым бæрæг дардта, дыккаг сывæллон дæр сын кæй уыдзæн, уый …

Залихан æрлæууыд йæ зонгуытыл æмæ, кæугæйæ, скуывта:

– Табу уæхицæн, Стыр Хуыцауы зæдтæ! Фарн уæм бадзурæд, Сызгъæрин Лæгтыдзуар æмæ Мады-Майрæм, Хуыцауы раз сымах стут нæ хæрзгæнджытæ, æмæ уæ курын, бахъахъхъæнут мын мæ сæрыхицауы мæлæтæй, ма ныл ахуысса хуры рухс, ма мыл æркæлой удæгасæй мæ царды мæсыджы уæззау дуртæ. Æз та уæм алы бон табутæгæнгæйæ кувдзынæн…

Куывта Залихан, æмæ ныххуылыдз цæстысыгтæй йæ риу.

* * *

Андрейы зæрдыл æрбалæууыд ивгъуыд бонтæй иу зымæгон изæр. Хæсты сау æндæрг схæццæ сæ хъæугæронмæ. Адæмæй иутæ лыгъдысты хъæдмæ, иннæтæ – уынгæг ныккæндтæм. Бон-изæрмæ сармадзанты гæрæхтæ æмæ хæдтæхджыты гуыв-гуывæй бæстæ не ‘нцад. Талынгты фæллад салдæттæ апырх сты хæдзæрттыл. Андрей æмæ Залихан дæр сыхæгты устытимæ Госайы хæдзары фæкастысты хæстонтæм, салдæтты цæфтæ чи баста, уыцы дохтырмæ, стæй сæм иуафон Ислам бадзырдта:

– Чындз, Андрей, рацæут-ма уæхимæ. Уемæ мæ аныхас фæнды.

– Цу, мæ хур, райс арфæйы нуазæн дæ тиуы къухæй! – мæстыйæ сдзырдта Госа.

– Уæууа, Госа, цæмæн æфхæрыс адæймаджы нæ зонгæйæ, – бакодта иннæ сыхаг ус Фарикка.

– Зонын ын йæ файнусты! Варкайы дзыхæй дзуры лæг дæр. Залихан салдæттæн йæ уæныг кæй радта абон, уый тыххæй йын уайдзæфтæ кæнынмæ æрбахæццæ, æвæццæгæн, Ислам, – дзырдта Госа æмæ бакаст Залиханмæ: – Фæстæмæ-иу фездæх!

– Куыддæр равдæлон, афтæ мæ ардæм хъæуы, – загъта ма Залихан æмæ ацыдысты Андреимæ сæхимæ, Ислам æнæдзургæйæ сæ разæй цыд, афтæмæй.

Сæ хæдзары сæм æнхъæлмæ каст Варка дыууæ æнахъом сабиимæ. Бызгъуыртæ – сæ дарæс, æнкъард æмæ тарстхуыз – сæ бакаст.

– Анычкæ йæ цæгаты амардис, уый ды нæма фехъуыстаис, – загъта Ислам.

– Мæнæ йын абон йæ дыууæ сидзæры махмæ схæццæ кодтой, – рынчын хъæлæсæй бафтыдта лæджы ныхæстæм Варка æмæ былысчъилæй бакаст сывæллæттæм. – Æз сæм мæ ныфс нæ хæссын. Низджын сты сæ мады хуызæн, фыдуынд æмæ мæллæг…

– Ды сæ райс дæхимæ, – загъта Ислам Залиханæн. – Дзантемыр дæр ма кæд сæрæгасæй ссæуа, уæд сывæллæтты монцмæ кæд демæ фæстæмæ бацæрид. Уый сывæллон бирæ уарзы.

Дыууæ сывæллоны дуары цур лæууыдысты æмæ тарстхуызæй кастысты хистæртæм. Лæппуты хистæр йе 'мраст сау æрфгуыты бынæй каст Залиханмæ тызмæг цæстæнгасæй. «Хистæр йæ фыды халдих у уындæй» – ахъуыды кодта Залихан æмæ цæмæндæр йæ зæрдæ æрбауынгæг, иу дзырд нал хаудта йæ дзыхæй. Æнæдзургæйæ каст йæ къæхты бынмæ.

Андрей уайтагъд нæ базыдта Зауырбеджы. Иуæй йæ дыккаг аз уынгæ нал фæкодта, иннæмæй та, лæппу афтæ смæллæг, æмæ дзы раздæры хуызæй баззадысты æрмæст сау фæтæн æрфгуытæ бæрзонд ныхыл. Йæ фарсмæ цы саби лæууыд, уый та уыд, нырма йæ къахыл æрæджы чи ауад, ахæм лæппу. Андреймæ диссаг фæкаст, кæстæр лæппуйæн уыцы æвирхъау стыр сæры уæзæй йæ лыстæг къубал куыд нæ къул кодта, уый.

– Зауырбег æмæ Солтанбег дæр Дзантемыры фырттæ сты, – загъта Ислам.

Андрей фембæрста хъуыддаг æмæ бацин кодта:

– Дзыцца, æз нал базыдтон Зауырбеджы! Адон ме ‘фсымæртæ сты! Дзыцца!

Залихан каст йæ къæхты бынмæ æнæ исты дзургæйæ. Цæмæндæр æй ныббогъ кæнын фæндыдис, сывæллæтты афтæ æдзæллагæй фенгæйæ, – фæлæ йæхи урæдта. Андрей бауад лæппутæм. Хистæр йæ цонг фелвæста, амбæхста дзы йæ сæр æмæ тызмæг цæстытæй скаст фысыммæ. Над ыл арæх цыдис, æвæццæгæн. Солтанбег амбæхстис æфсымæры фæстæ æмæ уырдыгæй хъавгæ ракаст Андреймæ.

– Ма мæ тæрсут, æз уе ‘фсымæр дæн! Уæ хистæр æфсымæр. Дадайæн дзырд радтон, сымах кæй хъахъхъæндзынæн, уымæй…

– Ма дзы тæрсут, ма! Ай уæ фыды хæдзар у. Андрейæн дзы цы ис, сымахæн дæр дзы уыцы хай æмбæлы, – загъта Варка.

– Зауырбег, нал мæ хъуыды кæныс? – бафарста Андрей, æрбадт дзуццæджы сывæллæтты цур. – Æз уæ агуырдтон, фæлæ уæ уæхимæ ничи разынд. Дадамæ дæр ныффыстон, уæхи хæдзары нал цæрут, зæгъгæ.

– Цæй, мах цæуæм, – Варка сыстад æмæ бакаст Залиханмæ. – Зынг зæгъынæй ком нæ судзы, фæлæ, мыййаг, Дзантемырыл исты куы ‘рцæуа, уæд лæппуты сидзæрты хæдзармæ ратдзыстæм…

– Нæ ратдзыстæм, Ислам! Æз кусдзынæн æмæ сæ Дзыццаимæ схæсдзыстæм! – загъта Андрей, æрхæцыд сывæллæтты къухтыл æмæ бацыд мадмæ. – Дада сæ мæныл бафæдзæхста. Æз сæ нæ дæттын сидзæрты хæдзармæ... Уæд фегад уыдзыстæм, стæй тæригъæд сты, Дзыцца.

Ууыл уазджытæ сæ хæдзармæ ацыдысты.

Залихан æрбадт, Зауырбеджы риуы йæ цæсгом амбæхста æмæ ныккуыдта: «Дзанте, куыд зын мын у æнæ дæу, мæ цæугæ хох!» … Уый ахæм зын сахат дзырдта йæхинымæр сывæллæтты фыдимæ, стæй стыр аргъ скодта Андрейы уынаффæйæн æмæ загъта:

– Раст дæ, мæ къона. Æфсымæртæ хъуамæ иумæ цæрой…

Зауырбег разынд йæ фыды халдих æрмæст уындæй нæ, фæлæ зондæй дæр. Иуизæр дын лæппу банкъардта æнæзонгæ сылгоймаджы рыст æмæ, йæ мæллæг цæнгтæ Залиханы хъуырыл æрбатухгæйæ, загъта:

– Ма ку. Æз куы байрæзон, уæд амардзынæн Гитлеры. Ды ма ку…

* * *

Андрейы хъуыдытӕй иунӕг минут дӕр нал хицӕн кодта йӕ мад. Ӕфхӕрдта йӕхи, фаг ӕй кӕй нӕ рӕвдыдта, уый тыххӕй. Никуы йын фӕцис рӕстӕг йӕ мадимӕ горӕттыл ӕрзилынӕн. Ӕрмӕст иунӕг хатт ацыдысты Ленинградмӕ. «Мӕнӕй афтӕ, ӕрмӕст аргъӕутты ис ахӕм рӕсугъддзинад, ахӕм галуантӕ ӕмӕ фӕзтӕ!» – цин кодта мад горӕты бӕстыхӕйттыл. Иннӕ хатт та хъуамӕ федтаиккой Астӕуккаг Ази, фӕлӕ сӕ нал равдӕлд. «Фӕстаг азты мӕ амал уыд, афтӕмӕй Дзыццайӕн Хъӕрмӕдон ӕмӕ Тӕмискъӕй дарддӕр ницы фенын кодтон. Хӕдзары куыстытӕ, сывӕллӕттӕ, уазджытӕ ӕмӕ уыцы арынг! Нӕ цотӕн дӕр ма удӕнцой хӕссӕг! Нӕ зонӕм нӕ фӕллад уадзын дӕр ӕмӕ нӕ хистӕртыл ауыдын дӕр, сомбонмӕ ахӕссӕм нӕ уынаффӕтӕ, фӕлӕ цард йӕ кӕнонтӕ кӕны», – ахъуыды кодта Андрей, ӕмӕ та йӕ цӕстытыл ауад кӕддӕры бонтӕй иу ныв…

Хӕсты фӕстӕ хъӕумӕ здӕхтысты, ӕгас ма чи баззад, уыцы бӕлццӕттӕ. Дзантемырӕй афӕдзы ‘рдӕг ницы хабар уыдис, загътой, фесӕфтис, зӕгъгӕ, ӕмӕ тӕссаг хъуыдыты уӕзӕй ӕнӕхъӕн бинонтӕй дӕр тынг нынкъард сты. Дзантемыр сыздӕхт. Диссаджы мӕйрухс изӕр уыд. Залихан ӕмӕ ӕртӕ сывӕллоны кӕрты астӕу бадтысты. Уыцы рӕстӕг сын сыхӕгты лӕппу сӕ дуар ныххоста ӕмӕ хъӕр кӕны:

– Залихан! Хӕрзӕггурӕггаг мын! Дзантемыр ссыд!..

Мад йӕ бынатӕй фӕгӕпп кодта, азгъордта дуары ‘рдӕм, йӕ цӕнгтӕ хӕрдмӕ фелвасгӕйӕ, табутӕ фӕкодта, арвмӕ йе ‘рмттӕ сивазгӕйӕ, комы дзуӕрттӕн, цыма фыр цинӕй арвмӕ стахт, стӕй кӕугӕйӕ фӕстӕмӕ йӕ бынатмӕ сӕргуыбырӕй ӕрбаздӕхт ӕмӕ загъта сывӕллӕттӕн:

– Хъусут?! Удӕгас у уӕ фыд! Бакӕнут ын кӕрты дуар! – ӕмӕ нал баурӕдта йӕ кӕуын: – Хуыцауӕй разы, бахъахъхъӕдта уын уӕ фыды…

Андрей раздӕр сагъдауӕй аззад уыцы изӕр: хӕсты азты йӕ зӕрдӕ фӕрыст се ‘мхъӕуккӕгты хъарджытӕм хъусынӕй. Йӕ бӕлццон-иу кӕмӕн сыздӕхт, уыдонмӕ та хӕлӕгӕй мард.

Андрей фегом кодта кӕрты дуар ӕмӕ бӕрзонд, фӕтӕнуӕхск Дзантемыр сыхӕгты устытӕ ӕмӕ сывӕллӕттимӕ ӕрбацыд мидӕмӕ. Ӕртӕ лӕппуйы йӕ зӕнгтыл атыхстысты.

– Андрей! Ралӕг дӕ! – ӕрбахъӕбыс ӕй кодта фыд. Дыууӕ гыццыл лӕппуйы хӕстонӕй уайтагъд амбӕхстысты Залиханы фӕстӕ ӕмӕ уырдыгӕй кастысты фыдмӕ.

Æмбисæхсæвтæм сæм фæцыдысты сыхæгтæ. Цин кодтой бæлццоныл, нымадтой йын, сæ цæссыгтæ сæрфгæйæ, сæ хъæуккæгтæй чи нал сыздæхт хæстæй, уыдоны. Фехъуыста цины хабар Ислам дæр, æмæ йæ бинойнагимæ уайтагъддæр балæууыдысты æфсымæры хæдзары.

Ислам бæлццоны иуварс акодта æмæ йæ бафарста:

– Цы уынаффæ дæм ис? Æууæндын, ныр кæй бацæрдзынæ Залиханимæ æмæ иумæ хæсдзыстут сывæллætты. Ракур хатыр Залиханæй æмæ æрбынатон у! Æрцæрдзынæ мæнæ дæ цотимæ?

– Наы!

– Фыдзонд! Хæст дæр дæ ницæуыл сахуыр кодта. Æнæ дæу фесæфдзысты дæ цот, – загъта хистæр æфсымæр.

Дзантемыр ын æмбæрста йæ сагъæстæ, фæлæ йæ хъуыдытæ уыдысты Залиханимæ: «Нæ мæ уарзы, нæ бацин кодта ме ссыдыл дæр. Ислам, ды нæ зоныс куыд мæ афæлывта! Фегад мæ кодта, æмæ йын мæ зæрдæ нæ хатыр кæны! Фæлывд разындис!»

– Мæ куыст нæ уадзын, Ислам. Цæргæ та кæндзынæн ме 'мхæстон Таняимæ. Æнæ сылгоймаг мын уыдзæнис зын цæрæн. Уый зондзынæ æрмæстдæр ды. Иннæтæн та уыцы сылгоймаг уыдзæн æрмæст фыййæутты хæринаггæнæг.

– Æдылы уыдтæ рагæй дæр, – Ислам йæ къух ауыгъта, ацыд йæ хæдзармæ. Райсомæй Андрей æмæ Зауырбег райхъал сты сæ фыды дыууæ фарс. Солтанбег Залиханæй атонын нæ бакуымдта. Алыгъд мады уатмæ, хæстоны хызынæй йæ хайыл куы фæхæст, уæд.

Райсомæй Дзантемыр йæхи хохмæ рарæвдз кодта æмæ æрлæууыд кæрты астæу.

– Бадзурут мын уæ мадмæ! – загъта тызмæг хъæлæсæй.

Залихан рацыд сарайæ, дæрддзæф æм æрлæууыд æмæ каст йæ къæхты бынмæ: йæ тых йæ бонæй урæдта йæ буары зыр-зыр, йæ бирæ азты судзгæ бæллицц: лæджы риумæ йæхи нылхъивын.

– Дзыцца, нæ дадайы нын зонгæ нал бакодтай? – бахудт Андрей йæ мадмæ, стæй бауад йæ фыдмæ: – Дада, ма мæт кæн, Дзыцца-иу арæх дзырдта: «Удæгасæй нын ссæуæд, æндæр мæ дзы ницы хъæуы». Тынг æхсызгон ын у дæ фенд…

– Дзыцца, æз дæр нал базыдтон дадайы! Уый нæхи дада у! – цингæнгæ бауад Залиханмæ Зауырбег дæр.

– Бафæллад уæ Дзыцца, мæ хуртæ, – загъта фыд æмæ æрсæрфта

йæ армæй Андрейы сæр. – Ма йæм хæрам кæнут, кæсут йæ коммæ.

Лæппуйы цæссыгтæ æрызгъæлдысты: зын ын уыдис, йæ мад бæлцонyл кæй нæ бацин кодта, уый, фæлæ цы акодтаид, уый нæ зыдта.

– Хæсдзыстæм нæ сабиты, – загъта Дзантемыр, Залиханмæ кæсгæйæ, стæй йæ бафарста тызмæг хъæлæсæй: – Æви дæумæ æндæр зонд ис?

Залихан йæ сæр батылдта, нæй, зæгъгæ. Андрей батыхст:

– Дада, мацæуыл мæт кæн…

– Уæдæ афтæ: иумæ хъомыл кæндзыстæм нæ сывæллæтты. Адæмы ницы хъуыддаг ис нæ хæдзары хабæрттимæ. Бинонты хистæр æмæ хæдзары хицау æз кæй дæн, уый æмбарын кæндзынæ лæппутæн дæр уæдæ.

Дзантемыр ацыд. Андрей дæр йæ дыууæ æфсымæримæ фыды фæдыл араст, æмæ колхозы правленимæ иумæ бахызтысты. Æмхъæуккæгтæй фæндагыл кæуыл æмбæлдысты, уыдон иууылдæр тынг цин кодтой Дзантемырыл, æмæ лæппутæ дæр гыццыл фæхъæлдзæгдæр сты.

– Уый та куыд, Дзантемыр? Дæ фæллад уал суагътаис! – бадис кодта колхозы сæрдар бæлццоны уынаффæйыл.

– Фæллад уадзыны рæстæг куы ‘рцæуа, уæд мæ бар уадз, Дæхцыхъо. Ныр та нæ нæ цард дарддæр аразын хъæуы.

– Уый афтæ у, бæргæ. Бæгуы, фидар разындысты нæ сылгоймæгтæ иууылдæр, бынтон та мæ дисы æфтауы Залихан. Горæтаг чызг, ахуыргæнæг! Фæцис фæсауонмæ институт. Аивта директоры, фæлæ быдыронтимæ – быдырон, сугласджытимæ – сугласæг, уæдæ скъолайы дæр йæхæдæг цалцæггæнæг, йæхæдæг зымæгмæ суг сæттæг, афтæмæй ма цалдæр къласы дæр йæхи бæрны, – колхозы сæрдар фæлмæн йæ мидбылты бахудт, сæрæй ацамыдта Андреймæ. – Хæдзар æмæ дыууæ сабийы та бон-изæрмæ – сæ хистæр æфсымæры бар! Хорз лæджы бындзæфхад разынд дæ хистæр фырт, Дзантемыр.

Уыцы бон Дзантемырæн радтой бæх æмæ йыл ацыд хохмæ…

– Дзыцца, дадаимæ хыл фестут? – куыддæр сæхимæ æрбахæццæ, афтæ афарста йæ мады Андрей.

– О, – цыбыр дзуапп ын радта мад. Дыууадæсаздзыд уыд уыцы бонты лæппу, æмæ йын мад кæддæриддæр лæвæрдта раст дзуæппытæ.

– Хатыр дзы цæуылнæ ракуырдтай? Афтæ куы фæзæгъыс, уарзаг зæрдæ бараг у, зæгъгæ! Æз дадайæн тæригъæд кæнын – тынг æнкъардæй ацыд…

– Андрей, ды нырма сывæллон дæ æмæ дын алцы зонын не ‘мбæлы! Мæ хъæбул, макуыуал мæ бафæрс ацы хабарæй! – æрбахъæбыс æй кодта. – Мæ царды мæнæн сымах æмæ уæ фыдæй зынаргъдæр ницы ис. Уæ фыд хуыздæрты-хуыздæр у, уый зон æрмæст, – загъта Залихан æмæ скуыдта.

– Дзыцца, ма ку. Нæ бацин кодтай мæ фыдыл. Мæнмæ гæсгæ, ды раст нæ бакодтай!.. Мæнæн уый ахæм хъыг у, æмæ!..

«Тугкалæн хæстæй ссæуæд дæ бинойнаг æмæ йын комкоммæ йæ цæсгоммæ дæр ма бакæс! Уый цавæр маст у, уагæр? Дада дæр уæдæ хæрзæрæджы мæ фарстæн радта цыбыр дзуапп. Загъта: «Гадзрахатæн нæй хатыр!» Фескъуыдта ууыл нæ ныхас».

Уæдæ хъомыл кодтой лæппутæ, æмæ иу уынаффæ мад йæхæдæг никуы рахаста. Бинонтæн уынаффæгæнæг уыдис Дзантемыр. Андрей дæсæм къласы куы ахуыр кодта, уæд хъуамæ райстаид сызгъæрин майдан. Лæппуйы фæндыд базонын, цæуыл сахуыр кæна институты, фæлæ иу хъуыды йæ зонд нæма ахста. Мад ын загъта, цæмæй бафæрса йæ фыды:

– Уый дыууæ тугкалæн хæсты уыдис, фылдæр федта æмæ зоны абоны цард. Дæ бæсты равзара исты, уый мæ нæ фæнды, фæлæ йын ды бамбарын кæн дæ хъуыдытæ, дæ фæндон, байхъус фыды ныхæстæм дæр æмæ уый фæстæ æнцондæрæй равзардзынæ дæ сомбоны фæндаг.

Дзантемыр байхъуыста лæппумæ тарæрфыгæй. Андрей йæхицæй æгæр æппæлыд: тынг хорз – йæ ахуыры бæрæггæнæнтæ, ис æм спортивон разряд, районы скъоладзауты ‘хсæн цы чемпионат уыдис шахмæттæй, уым фыццаг бынат бацахста…

– Ныр та мæнмæ байхъус! Уыцы хабæрттæ æз куы зонын, уæд ма мын сæ цæмæн нымайыс? Йæхицæй æгæр чи æппæлы, уыдонæй ницы рауайы царды. Ницæмæуал фæтындзынц! – фескъуыдта Андрейы ныхас Дзантемыр, стæй йæ бафарста. – Дæхи цы дæсныйадыл фæнды сахуыр кæнын?

– Тæхæг, инженер, дохтыр, агроном… Ацæуин ахуырмæ Мæскуы кæнæ Ленинградмæ, фæлæ æнæ Дзыцца куынæ бафæразон, æхсайдзæн мæ зæрдæ ме ‘фсымæртæм дæр уæдæ…

– Нæма равзæрстай! – бахудт æм лæг. – Мæн фæнды, цæмæй ахуырмæ бацæуай нæхи горæты институттæй иумæ. Балхæндзыстæм хорз мотоцикл æмæ æмдзæрæны нæ, фæлæ нæхи хæдзарæй цæудзынæ

горæтмæ. Дæ дыууæ æфсымæры ахæм кары сты ныртæккæ, æмæ сын зонд амонын хъæуы æрвылбон дæр. Уый дæ æз курын. Лæппутæй исчи куы фæцуда, уæд фегад уыдзыстæм иууылдæр. Уæдæ дæ мадæн дæр удæнцой дæ. Зауырбегæн нæ тæрсын, фæлæ уæ кæстæр нæ зондæй фидар у, нæ фæллоймæ æмхиц цæуы. Дæ лæджы кары нæма бацыдтæ, фæлæ мæ зæрдæ дарын, лæппуты раст фæндагыл кæй араздзынæ, ууыл. Мæн бафарстай, æмæ дын мæ хъуыдытæ загътон. Æндæр уынаффæ рахæссын дæр дæ бон у. Искуы афтæ хъуамæ ма зæгъай, тæхæг куы суыдаин, уæд зæрдæрухсæй фæцардаин,зæгъгæ.

– Дада. Хъыг дæм ма фæкæсæд мæ ныхæстæ, фæлæ мæ мады фарсмæ æз зæрдæрухсæй хъомыл кæнын. Дзыцца мын æмбары мæ цин æмæ мæ гыццыл маст дæр. Ды ма мын нæ фаг кæныс æрвылбон, фæлæ…

– Мæ бынат мын æрцахстай, – бакодта Дзантемыр, стæй ауыгъта йæ къух: – Фæталынг кæны. Цом, хос бафснайæм йæ бынаты.

Андрей фыды уынаффæ фехъусын кодта Залиханæн. Мадæн тынг æхсызгон уыдис хабар. Андрей кæддæриддæр йæ фарсмæ уыдзæнис, уындзæн æй. Андрейы зæрдæмæ дæр фæцыдысты фыды уынаффæтæ æмæ агрономыл ахуырмæ цыдис хъæуæй горæтмæ, уыд уынаффæгæнæг кæстæр æфсымæртæн æмæ хæдзары æнæкæрон куыстытæй рог кодта йæ мады къух.

*Уыдзæн ма*

ХУЫГАТЫ Сергей

# ХЪИСФÆНДЫР

*Радзырд*

*Плиты Грисæн*

МАХ ДУГ Литературон журналы дунеон преми

## 1

Стъол уыди рагон æмæ даргъ, йæ уæлæ цы кæрдæгхуыз хъæдабæ ныхæст уыд, уый ранæй-рæтты баихсыд, æмæ сау дардтой уыцы ихсыд бынæттæ, æмæ сæ цыдæр æнкъард бадти зæрдæйыл.

Стъолæн йæ бæрæгастæу дæргъæй лæууыди хъисфæндыр, йæ фæйнæ фарс та, сæ цæсгæмттæ стъолмæ здæхт, афтæмæй бадтысты дыууæйæ. Сæ иу уыди иннæмæй къаннæгдæр, зынгæ къаннæгдæр. Йæ тымбыл кæсæнцæстытæ-иу, цыма цин кодтой фæндырыл, уыйау ферттывтой, лæг-иу йæ сæр исчердæм куы фæзылдта, уæд.

– Хорз, дам дзы цæгъды, – загъта кæсæнцæстджын.

– Цæгъды дзы, цæгъды. Уæдæ дзы нæ цæгъды! – загъта иннæ.

Йæ ныхасæй афтæ зынд, цыма йын тынг æхсызгон у, кæй дзы цæгъды, уый.

– Цæгъдгæ дæр дзы кæны. Стæй йын заргæ дæр бакæны йæ цагъдмæ. Стæй зарджытæ дæр фыссы. Уæдæ!

Лæг йæ зæгъинæгтæ куы загъта, уæд йæ тъæпæн армыл схæцыд æмæ йæ йæ сæры фахсыл бафæлдæхта, кæйдæр уыгæрдæны кæрон цы халагъуд уа, уый фарсыл хосы тъыфыл куыд бафæлдахай, афтæ. Лæгæн йæ сæр даст уыд, æмæ, цы тымбыл уыд йæ сæр, уымæй ноджы зынди тымбылдæр. Тымбылдæр æмæ стырдæр.

Стæй фæлæууыдысты сæ ныхасæй. Æмæ кастысты фæндырмæ, фæйнæрдыгæй йæм кастысты. Дастсæр чи уыд, уый йæм цыма бавналынмæ дæр хъавыди, афтæ зынд, æмæ иннæйы нæ фæндыд, кæсæнцæстджыны, бавнала йæм дастсæр, уый. Уымæн æмæ йæм лæджы хуызæн зынын байдыдта фæндыр – цыма фæллад лæг уыд, кæмдæр уыгæрдæны кæрон йе уæнтыл йæхи æруагъта, йæ зæнгтыл æрбахæцыд, йæ цæнгтæ йæ сæры бын бакодта… Æмæ йæм касти лæг, æмæ та-иу йæ кæсæнцæстытæ дæр ферттывтой, стæй загъта, цыма фæндырæн йæхицæн дзырдта, уый хуызæн:

– Фæндыр хорз у, хъисфæндыр, – лæг йæ сæрыл схæцыд æмæ, йæ цæстытæ йæ ныхмæ бадæджы сæрыл куы æрæнцадысты, уæд æм нал фæлæууыд, бафарста йæ:

– Горький цы фыста хъисфæндыры тыххæй, уый нæ хъуыды кæныс?

– Горький та чи у?

– Уыди. Максим Горький.

– Фыссæг Горькийæ зæгъыс?

– Уæдæ, уæдæ. Стыр фыссæг. Сылгоймаджы кой кæны иу ран æмæ афтæ зæгъы: «Уый рæсугъд æрмæст хъисфæндыры бон бауыдаид равдисын». Кæсыс: ома, нæдæр ныхæсты бон бауыдаид, нæдæр – ахорæнты бон, фæлæ – мырты бон, мырты азæлды бон. Уæдæ уæд, уый бон цы нæу, ахæм æппындæр ницы и. Афтæ диссаг у хъисфæндыр, гъе!

– Ныхæстæ кæнын цыди дæ Горькимæ.

– Нæ, хъисфæндыр диссаг у, – йæ цонг фæхъил кодта кæсæнцæстджын. – Уый куыд ныккæса адæймаджы зæрдæмæ, афтæ – ницы. Уый йæм куыд ныдздзура, афтæ йæм ницы ныдздзурдзæн.

Æмæ ныр та уадзгæ æркодта йæ тъæпæн армæ йæ даст сæр иннæ лæг.

– Хъæугæ йæ цæмæн бакодта йæ фæндыр? Ам нын хъазт аразын йæ зæрды ис? – йæ цæстытæ хылгæнæджы здæхт бакодта кæсæнцæстджынмæ. Стыр фæныкхуыз цæстытæ афтæмæй цыма уæгъдызмæлд кодтой сæ къуырфыты мидæг.

– Уæдæмæ-ма йæм фæдзурæм. Арвитæм æм мæнæ радгæсы, æмæ нын æй скæна.

– Стæй нын æй куы скæна, уæд цы?

– Уæд æм бахатдзыстæм, æмæ нын ацæгъддзæн.

– Стæй нын куы ныццæгъда æмæ нын куы ныззара, уæд нæм фæдисы нæ фæцæуудзæн æгас комитет?!

– Кæдæм нæм цæудзæн фæдисы æгас комитет?!

– Ацы хæдзарæн йæ къултыл дæр хъустæ и. Уый дæ рох ма уæд.

– Цавæр хъустæ у? – ралæмарæгау кодта йæ ныхæстæ лæг æмæ сыстад. – Афтæ мæм æрцыди хъисынфæндыры цагъдмæ байхъусын, æмæ дын æй куыд загъон! – Уæд йæ цæстытæ æрхæцыдысты хъисфæндырæн йе ‘рдыныл: йæ артæнтæ кæмæн сриссынц, уый куыд агуыбыр вæййы, афтæ гуыбырæй хуыссыди йæ фарсыл. Æмæ бадис кодта, нырмæ йæ куыд нæ федта, ууыл. Стæй æввахсдæр балæууыд стъолмæ.

– Нæма нын æй хъуыд ахсын. Фæтагъд кодтам.

Дастсæр бахудæгау кодта, æмæ йыл нæ фидыдта, кæй бахудæгау кодта, уый. Уæлæмæ скасти кæсæнцæстджынмæ. Йæ бæрзæй иу цалдæр раны фесчъилтæ ис.

– Мах нæ батагъд кодтам, нæ, уый рæстæг тагъд кæны. Рæстæг, рæстæг! Рæстæгмæ хыртт-мыртт нæй – æнхъæлмæ кæсын нæ зоны. Бæргæ, цуанон, цалынмæ йе 'мбал йе 'рчъийы рæхсæн бæтта, уæдмæ йæм куыд фæлæууы, афтæ фæлæуууын куы зонид рæстæг дæр. Фæлæ нæ зоны рæстæг афтæ лæууын.

– Ӕгæр стыр у, æгæр у, æгæр номдзыд.

– Номдзыд кæй у, йæ цырв уый мидæг и, гъе. Иугæр уыцы номдзыд лæг ног цардæн знаг разынд, уæд нæ бæззы уыцы ног цард. Ӕмæ тох кæнын хъæуы йæ ныхмæ. Уый хуымæтæджы арифметикæ у – дыууæ 'мæ дыууæ бафтау!..

Кæсæнцæстджын йæ сæр разыйы тылд кодта, фæлæ, бæрæг уыд – йæ гуырысхо бынтон нæма ссыд, æмæ загъта йæхицæн дзурæгау:

– Ӕгæр мызыхъхъ, æгæр советон, æгæр коммунистон.

Ӕмæ дастсæр чи уыд, уый та комкоммæ уымæ дзырдта, цыма йæ истæмæй азымджын кодта, уый хуызæн:

– Уæдæмæ, кæм цы музуккаг и, уыдоныл зилын кæныс? Нæ, махæн музуккæгтæй ницы пайда ис, мах сæ сæрджынтæ хъæуынц, сæрджын сагтæ хъæуы мах! – уыцы ныхæстæ куыд кодта, афтæ стъолы тигъыл дзæнгæрæджы сæр фелхъывта.

Уайтагъд дуар байгом, æмæ радгæс æрбахызт мидæмæ, хъæуккаг лæппу чи уыд, ахæм. Цы 'фсæддон дарæс ыл уыд, уыдонæй дæр бæрæг уыди, хъæуккаг лæппу кæй уыд, уый.

– Мæнæ адон айс, – йæ къух бадаргъ кодта стъолмæ. – Далæ сæ бынмæ ахæсс æмæ сæ ахæстоны хицаумæ ратт. Ӕвддæсæм хатæны чи бады, уымæ сæ бадæттæд.

– Ӕвддæсæм хатæны Гино куы бады, нæ? – йæ цæстытæ æхсызгон змæлд бакодтой лæппуйæн.

– Гино дзы бады, Гиса дзы бады, уый дæумæ нæ хауы, – загъта дастсæр æмæ лæппумæ цæваг галы каст бакодта.

Лæппу фæчъыдзых, фæлæ, йæ цæсгомыл цы хъæлдзæг змæлд фæзынд, уый нæ ахуыссыд. Ӕдæрсгæ райста стъолæй хъисфæндыр, æмæ, цыма фынæй сывæллон уыди æмæ йын тæригъæд кодта, афтæ йæм касти.

– Хъисфæндыр никуы федтай?! Цы йæм ныдджыгъгъытт дæ? – ныр та лæппуйæн уайдзæф бакодта Лæг.

– Ницы йæм ныдджыгъгъытт дæн, фæндыр у, æмæ йæм кæсын. Æви фæндырмæ кæсын дæр знаггадыл нымад у ацы хæдзары! Фыццаг хатт дзы федтон фæндыр.

– Гъы, фыццаг хатт! Алы бон дын дзы куыд нæ цæгъдынц фæндырæй, хъисфæндырæй! Стыр диссаг нæу?!

– Стыр диссаг уый нæу, нæ, стыр диссаг уый у: хæдзар уай, æмæ дæ фæндыры хъæр макуы айхъуыса! Йæ къулыл ын хъисфæндыр макуы мачи æрцауындзæд. Æмæ иннæ дзаумæттæ се ‘ппæт иу хъисфæндыры аргъ куынæ сты!

– Хъисфæндыры аргъ? – йæ сæр йæ риуыл æруагъта, афтæмæй бакасти лæппумæ дастсæр.

– Хъисфæндыры аргъ, Хетæджыстæн.

– Стæй дын абырджытæ дæ хъом куы атæрой, уæд сæ хъисфæндыримæ сурдзынæ фæсте?

– Хъисфæндыр цы хæдзары уа, уыцы хæдзарæй абырæг нæ рацæудзæн искæй фос тæлæт кæнынмæ, – загъта лæппу.

Лæг йæ цæстытæ æрхаста лæппуйыл, уæлейæ йыл сæ дæлæмæ æрхаста. Йæ хъуыдыйы абадти: исчи ма акæсæд амæ! Зæгъгæ та кодта:

– Ды дзы цæгъдын дæр ма зонай!

– Зонын дзы. Афтæ мæхи фаг.

– Ацу уæдæ, кæд дæхи фаг, уæд. Æцæг дзы уым дæлæмæ асинтыл ма ныццæгъд.

– Кæдæм дзы цæгъдын! Кæм дæн, уый нæ зонын! – Стæй æрдын дæр райста æмæ йæ ных дуармæ сарæзта.

Лæг йæ къухтæ стъолыл æрæвæрдта фæрсæй-фæрстæм æмæ сæм касти. Æнцой йын нæ лæвæрдта Гинойы хъуыддаг: цы йын кæна? Куыд дзы ракъахдзæн иу ныхас? Иунæг ныхас? Иу ныхасы ‘рдæг уæд та! Уынгæджы та куыннæ у! Лæг цы паддзахад фæцарæзта, йæ къухты фыдтæ кæуыл фæхордта, уымæн æй знаг рахон! Рахон цы?! Басæттын æй кæн, знаг ын кæй у, ууыл. Йæ къух ын æрæвæрын кæн, знаг ын кæй у, ууыл!

Стæй сыстад. Абондæргъы фыццаг хатт сыстад йæ бынатæй, стъолы фæрсты дæлæмæ азылд, фæстæмæ æрбаздæхт, æрлæууыд æмæ хъуыды кодта: искæй йæм барвитын хъæуы, æвæццæгæн. Хуыз-

дæр амал нæй. Афтæ зæгъын дæр чи арæхсы æмæ уфтæ зæгъын дæр, бафæрсын дæр чи базона æмæ дзуапмæ банхъæлмæ кæсын дæр. Æмæ кæм и ахæм лæг?! Мæнæ йæм йæ зæрдæ фехсайдта истæмæй – ныххурх æй кæндзæн. Мæ фыдзæрдæйы хъæлхъæлаг бафтæд уыцы къухтæм!

**2**

Гино лæууыди рудзынджы раз. Æмæ кæм уыди рудзынг! Цæй рудзынг уыди уый – уыцы нарæгæй йæ уд удтыл тыххæй хæцыди. Кæд уыдаид фондз къухы фæтæнæн æмæ дыууæ уыдисныйы дæргъæн – зæхх куыд ацыд, афтæ ацыд зæххы æмбуар. Цыма хæдзары рудзынг нæ уыд, фæлæ зæххы рудзынг уыд. Уæддæр æгайтма ис! Уый куынæ уаид, уæд йæ удмæ рухсы цъыртт никуыцæй бакæсид, æмæ фæхуыдуг уаид æнæ рухсæй. Æмæ дзы касти Гино. Цæуджытæн дзы сæ къæхтæ уыдта æрмæст, сæ фадхъултæ. Уымæй уæлæмæ уæле задысты, æмæ нæ зындысты Гиномæ. Фылдæр сылгоймаджы фадхъултæ. Бæргæ, сæ уæрджытæ куы зындаиккой! Зæнджы фæкъæдзгæнæны онг уæддæр. Кæс æмæ сæм кæс! Цы ис сылгоймаджы зæнгæй рæсугъддæр! Уæд, афтæ нарæг чи сарæзта уыцы рудзгуытæ, уый сындз фæтонæд йæ къухтæй. Цы ‘хсызгон хъыдзы æфтауынц лæгыл! Цы адджын улæфтытыл æй бафтауынц. Нæй сын æмбал – нæдæр уыцы хъыдзыйæн ис æмбал, нæдæр уыцы улæфтытæн.

Касти. Раст лæууыди, йæ сæр фæстæмæ ракъул и йæ бæрзæйыл. Касти уыцы нарæг рудзынггондæй, афтæмæй йæ зæрдыл æрбалæууыдысты уыцы рæнхъытæ. Кæддæр сæ тæлмац кæнын дæр фæлвæрдта. Уый, семинары куы ахуыр кодта, уæд уыди, Æрыдоны семинары. Æмæ йын æхсызгон уыди, йæ зæрдыл кæй æрбалæууыдысты, уый. Фыццаг сæ уырыссагау радзырдта йæхицæн, стæй агурыныл схæцыди сæ тæлмацы рæнхъытыл йæ зæрдæйы къуымты. Бамбырд сæ кодта, кæрæдзи фæдыл сæ равæрдта, чи зоны, бынтон афтæ тæлмац нæ уыдысты уæд, фæлæ сыл уæддæр бацин кодта:

*Фæзил Уæрæсейы фæндæгтыл,*
*Уæд дзы ыссарид, цымæ, лæг*
*Дыууæ зæнджы – сылыстæг зæнгтæ,*
*Æмуырдыг, раст æмæ рæхснæг.*

Уымæй цъус дæлдæр та афтæ уыди:

*О уыцы сах зæнгтæ, ныр мыл*
*Æрхуым куы æрæнцад, йæ быны*
*Мæ удыл уазалгæрц куы ‘рбадт –*
*Уынын сæ ‘хсæвыгон мæ фыны,*
*Нæ с‘ арын бонæй та бынат.*

Дзырдта сæ æмæ сæ дзырдта йæхицæн æмæ цин кодта, кæй сæ æрхъуыды кодта, ууыл. Цин кодта, кæй сæ ныффыста Пушкин, ууыл. Æмæ æмызмæлд кодтой уыцы рудзынггонды æдде уыйæппæт къæхтæ – цыдысты æмæ цыдысты, сæ иутæ иуырдæм цыдысты, сæ иннæтæ – иннæрдæм. Æмæ бамбæрста иуафон – кæд уымæ дæр нæ цыди цæуын! Уæлæ уыцы цæуджыты хуызæн кадавар цыдтытæ нæ – æцæг цыд, æцæг! Дæ хордзентæ – де уæхскыл, дæ нымæт – дæ дæларм, дæ лæдзæг – дæ къухы – цу æмæ цу! Фæстæмæ кæсгæ дæр ма фæкæн, ацы хæрам дунемæ. Ацы хæдзар дæм куыд нæуал зына, йæ кой дæр ын куыд нæуал хъусай. Ацы хæдзарæн дæр, йæ алыварс цы хæдзæрттæ ис, уыдонæн дæр. Чи сæ арæзта, цы зæрдæйæ сæ арæзта – ацу æмæ йæ базон! Исты цагъартæ сæ арæзтаиккой, сæ гом чъылдымтæ тæлмытæ дардтаиккой гæрз ехсы цъыччытæй. Цас тæригъæд амад æрцыд уыцы къулты мидæг! Намæ йæ чи аразын кодта, уый цæмæ куывта, цы агуырдта царды мидæг, сомбон дзы цæуыл бацин кæна, ахæмæй?! Сыгъдæг хæдзæрттæ уым и, уым æрмæст – хæхбæсты, сыгъдæг дзæнхъа къæйтæй амад къултæ, сæ фыр сыгъдæгæй сæ зæлланг кæмæн цæуы… Райсом йæ сыгъдæг фæздæг йæ сæрмæ уддзæфимæ пихылæйттæй кæмæн фæхъазы, йæ дуармæ зæнгойджын лæг, йæ урс-урсид хъæдын фыййаг йе уæхскыл, афтæмæй кæмæн фæлæууы – кæд æм исчи исты аххуыс кæнынмæ æрбадзурид.

Æмæ та ацæудзæн уыцы фæндæгтыл. Дард сыл ацæудзæн, стæй искуы хохы уæхскыл сбаддзæн æмæ цæгъддзæн фæндырæй æмæ зардзæн. Ног царды зарджытæ кæндзæн. Тæхудиаг кæд искуы исчи уыди, уæд уый уыдзæни – Гино! Ног цард араздзæн æмæ йыл ног зарджытæ кæндзæни уыцы ног цардыл. Æмæ йæ ауадздзысты, æнæ ауадзгæ йын нæй. Арафæрс-бафæрс ма йæ кæндзысты истæмæйты æмæ йæ ауадздзысты. Уæд æй куыд ауагътой, афтæ. Уæд ын куы ницы хъæн ссардтой куынæ йæ куысты, куынæ йæ уды, уæд æм ныр кæцæй цы

хъуамæ æрхаудаид! Уæд æй рауагътой, ницы азымджын, дам, дæ. Уæд ныр цы азымджын хъуамæ фæуа?! Фæлæ йæ уæд цалдæр мæйы дæргъы кæй фæратон-батон кодтой, уый та?! Уымæй сæ цæуылнæ бафарста исчи?! Ничи сæ бафарста. Диссаг нæу, куыд ничи сæ бафарста? Цæуылнæ сæ бафарста исчи? Искæй цæстытæм сæ йæ саджил æнгуылдзтæ куыд нæ бахаста исчи?! Сæ тæрттæй сæ куыд никæй ныууыгъта?! Афтæ у, гъе! Уæд дзæбæх уыгъд куы ʻрцыдаиккой сæ тæрттæй, уæд æй дыккаг хатт нал æрцагуырдтаиккой. Фæлæ, уыгъд не ʻрцыдысты сæ тæрттæй, æмæ уæд афтæтæ вæййы. Нæ, цыдæр хæрам бабадти царды, æгæр дзы бабадти. Мæнæ куыддæр ацæуа, афтæ æркæсын хъæуы уыцы хæраммæ. Ам ын кæд ницы хос уа, уæд далæ Мæскуымæ ныффардæг уыдзæн, Сталинмæ бахæсдзæн йæ хъаст, стæй сын уый схос кæндзæн.

Цыдысты адæм. Цыдысты ʻмæ цыдысты. Æмæ сын касти сæ къæхтæм. Бæргæ, сæхимæ сын куы кастаид, чи зоны, зонгæтæ дæр уаид се ʻхсæн, уæд ын æхсызгон уаид сæ фенд. Фæлæ – æрмæст къæхтæ, алыхуызон фадыварц. Сæ иутæ-иу нал фæзындысты, æмæ-иу иннæтæ æрбазындысты. Кæд афонмæ афтæ рацу-бацу кæны Ленæ дæр. Хицæутты дуæрттæ хойы, иу дуарæй бахизы, æмæ йæ иннæ дуармæ арвитынц, æмæ та фæцæйцæуы уыцы дуармæ. Æмæ йæ зæрдæ базмæлыд Гинойæн – уыцы хæрзконд æмæ хæрззондæй кæй разы нæ баллæууы! Йæ цæсгомыл зыны, лæгъстиаг сын кæй у, уый, æмæ куыд нæ фидауы уыцы рухс цæсгомыл уыцы лæгъстиаг æнгæс! Æппындæр ыл нæ фидауы. Хъуамæ йын йæхимæ цæуиккой лæгъстæмæ, уымæн æмæ уый растдæр у уыдонæн се ʻппæтæй дæр, растдæр æмæ рæсугъддæр, удæй дæр æмæ кондæй дæр, стæй ахуырдæр. Æмæ сыл куынæ зилид! Уый æнæуи дæр ауадздзысты. Мæнæ йын æркæсдзысты йæ хъуыддагмæ æмæ йæ ауадздзысты. Уæддæр ын кæд æмæ кæд æркастысты йæ хъуыддагмæ! Æнæхъæн æхсæз мæйы бæрц æй куы фæдардтой уæд дæр. Уый кæд уыди уартæ, ныр ыл иу-æхсæз – авд азы цæуы.

Фæцыди дуары хъинц – уыцы зæрдæхалæн дæргъæй-дæргъмæ хъинц. Уæд уыцы дзæгъæлзаинаджы æвдузæнтæ исты сæрдæнæй фæхъæстæ кæн, æмæ бæстæ мауал арауа уыцы зæрдæхалæн хъыллист. Дуар æй йемæ цыма рахæссы тæрвазы хуылфæй, раивазы йæ, стæй йæ фæстæмæ ацæвы уыцы сыгъдыссæуинаг тæрвазы мидæг. Ракасти фæстæмæ. Æрбахизæны лæуууыд гуыбырæй иу ацæргæ лæг, йæ уæлæ – фæззыгон даргъ пъалто, йæ сæрыл – фæлмæн тегла худ. Пъалтойы

дыстӕ даргъ фӕкастысты Гиномӕ ӕмӕ сӕм кӕсгӕйӕ баззад. Мӕнӕ йын цыма ӕндӕр пъалтойы дыстӕ ацауыгъдӕуыд йе уӕхсчытыл пъалтойӕн дуары ӕдде, ӕмӕ лӕджы афтӕмӕй ӕрбауагътой мидӕмӕ. Лӕг лӕууыд ӕмӕ рызти йӕ мидбынат – афтӕ зынд Гиномӕ. Гино йын, куы ахауа, уымӕй фӕтарст. Рацыд ӕм ӕмӕ йӕ, дысон изӕрӕй салдат цы ‘фсӕйнаг сынтӕг ӕрбахӕр-хӕр кодта кӕцӕйдӕр ӕмӕ уӕртӕ иннӕ къулы рӕбын кӕй слӕууын кодта йӕ лыстӕг къӕхтыл, уымӕ бакодта. Лӕг, куыддӕр сынтӕгмӕ бахӕццӕ, афтӕ змӕлгӕ дӕр нал скодта.

## 3

– Мӕн ауадздзысты. Мӕн ма ауадзой, уый гӕнӕн нӕй, – дзырдта Гино, йӕ ныллӕг сынтӕгӕй йӕ къӕхтӕ зӕхмӕ ӕруагъта ӕмӕ размӕ рагуыбыр и.

– Уый хорз у, ауадздзысты дӕ, ууыл кӕй ӕууӕндыс, уый. Фӕлӕ йыл афтӕ тынг цӕмӕн ӕууӕндыс, ауадздзысты дӕ, ууыл? – дзырдта йӕм, дысон ӕм кӕй ӕрбаппӕрстой йӕ хатӕнмӕ, уыцы лӕг.

– Мӕн бирӕ хъуыддӕгтӕ ис ӕдде, тынг бирӕ хъуыддӕгтӕ, ӕмӕ мӕ, ам мӕ зӕрдӕйы дон уадзон, уымӕ не ‘вдӕлы.

Лӕг йӕ ‘рфгуыты бынты касти йӕ сырх цӕстытӕй Гиномӕ. Йе ‘рфгуытӕ уыцы лӕгъз ӕмӕ даргъ уыдысты, сылгоймаджы ӕрфгуыты хуызӕн. Ранӕй-рӕтты сӕ урс хилтӕ фӕзынди, хӕрз урс хилтӕ, ӕмӕ бӕрӕг дардтой иннӕты ‘хсӕн.

– Мӕн не ‘вдӕлы! – загъта ма нoджы иу хатт хъӕрӕй Гино.

– Зылын дӕ цӕмӕй кӕнынц? Цы знаггад, дам, ракодтай?

– Цӕмӕй йӕ зонын, цӕ! – фесхъиудта Гино. – Советон цардарӕзты ныхмӕ, дам, чи лӕууы, уыдонимӕ, дам, баст дӕ! Гӕр ӕмӕ ӕз уыдоны ныхмӕ куы тох кодтон, уыдоны куынӕг кӕныныл куы хордтон мӕ хъиутӕ, уӕд ма куыд баст дӕн семӕ, иу уӕ ма уа! Нӕ, ам ӕндӕр цыдӕр и. – Гино лӕгмӕ бакаст ӕмӕ, лӕг дӕр уымӕ кӕсы, уый куы федта, уӕд ма бафтыдта йӕ ныхасыл:

– Бынтон ӕндӕр цыдӕр!

– Гъе, гъе, йӕ мардӕрцыд уым и, гъе, ӕндӕр цыдӕр дзы кӕй и. Фӕлӕ цы у, цы, уыцы ӕндӕр цыдӕр?! Ном ын нӕй, кӕнӕ йын мыггаг нӕй, мыггагыскъуыд фӕуой, чи нӕм ӕй ӕрхаста, уыдон! Ай диссаг

нæу, кæдæй-уæдæй нæ риуыдзаг сулæфыдыстæм, æмæ нын сæ тымбыл къухтæ атъыстой нæ улæфæнты – ма улæфут! Ды уый зоныс, æмæ бирæтæ сæ фæндаджы дзæкъултæ цæттæйæ дарынц сæ нывæрзæнты, куы йæм фæмидæг уой, мæнæ ацы цъæххудджынтæ, уæд ын цæттæ куыд уа! Ахæм зæрдæимæ лæг цы кусгæ хъуамæ бакæна, куыд йæ сыхæгты 'хсæн æрбада! – Лæг арф ныуулæфыд. Æмæ, цыма æхсызгон улæфт ныккодта, афтæ фæзынд Гиномæ. – Уæд дæуæн ницы уыдзæн, дæу мысгæ хъуыддаджы зылын кæнынц æмæ, мысгæ хъуыддагæй лæгæн йæ рæстуд макуыцæй разына, уый гæнæн нæй. Зын мæ хъуыддаг у, мæ мæгуыр сывæллæттæ ихы сæр зайдзысты.

Гино йæм комкоммæ касти нырмадæр. Уый уыцы æвæрæз гуыбырæй бадти йæ сынтæджы тигъыл, йæ пъалто йыл цыма чидæр æрбаппæрста, уыйау æрдыдæгътæ и йæ уæлæ, æрмæст ма дзы йæ цыргъ цæсгом зынди. Халоны хуызæн фæкаст Гиномæ исдуг лæг, æмæ йын хъыг уыди, халоны хуызæн æм кæй фæкаст, уый. Йæ сæр бауыгъта æмæ йæ цæстытæ йæ къæхты бынмæ сарæзта лæгæн.

– Цы кодтай уагæры?

– Фæхыл дæн семæ.

– Кæмæн?

– Адоны кусджытæн.

– Æмæ сæ кæм æрæййæфтай хылмæ?

– Уым нæхимæ, хъæуы. Хæрнæджы фынгыл бадтыстæм æмæ, хистæр рухсаджы рæгъ рауадзынмæ куыд сыстад, афтæ нæ уæлхъус алæууыдысты. Хистæры къухæй сыкъа райста сæ иу æмæ загъта:

– Ды ахст цæуыс, мæнæ лæг.

Мах базмæлыдыстæм, куыд нæ базмæлыдаиккам! Уый дæр ма искуы æрцыди, æмæ фынджы хистæр рухсаджы рæгъ рауадзынмæ сыста, æмæ йын йæ сыкъа йæ къухæй стонай! Уый йæ афтид къухмæ каст, афтæмæй сæ бафарста:

– Кæд мæ искæимæ хæццæ кæнут?

– Мах советон цардарæзты знæгты никæимæ хæццæ кæнæм! – загъта лæг хъæрæй.

Æз сæм мæхи байстон, афтæ сын зæгъын, лæджы уал рухс зæгъын бауадзут зианæн, стæй ам уыдзæни. Уыдон уыцы гæрзифтонгæй мæнмæ ма фездæхой! Нырмæ дæр, дам нын ды амыдтай, кæм, дам нæ цы кæнын хъæуы, уый æмæ нæ, кæд цы кæнын хъæуы, уый?!

– Гъомæ, зæгъын, Иратаманы ахæм хабар нæма ‘рцыд, лæг рухс кæнынмæ цы сыкъа райса, уый йын йæ къухæй акъахай!

Æмæ мыл уым ма фæцъæхахст кæна, хистæры къухæй сыкъа чи айста, уый:

– Бæргæ, ныр нæ куыст куы ныууадзиккам, не стыр паддзахадон куыст æмæ уын ам уæ сыстæйдзаг æгъдæутты раз нæ зонгуытыл куы рабыр-бабыр кæниккам! – Дзырд куы фæци, уæд, сыкъайы цы арахъхъ уыд, уый зæхмæ ацъыкк кодта æмæ афтид сыкъа фынгмæ баппæрста.

Маст мын мæ хъæлæс ахгæдта, сулæфон ма, уый мæ бон нал уыди, афтæмæй мæхи баппæрстон лæгыл, йæ тæрттæ йын ацахстон. Цы дзырдтон, уый дзæбæх нал ахстон, фæлæ дзырдтон æмæ дзырдтон. Сæ иутæн сæ азæлд кæмдæр мæ мидæг баззад мæ ныхæстæн, æмæ мæм уый фæстæ æрыхъуыс-æрыхъуыс кодта, цыма мæм исчи искуыцæй æрбадзур-æрбадзур кодта, уый хуызæн. Æмæ знæгтæ уæхæдæг куы стут, æмæ нæ адæмы хуыздæртыл куы зилут æмæ сæ уæ сыгъдоны машинæмæ куы ‘вгæнут, уæд афтæ ‘нхъæл стут, адæм куырм сты æмæ ницы уынынц?! Алцыдæр уынынц, æмæ бахъæцут, кард цы рувас аныхъуырдта, уый æмбисонд уыл цæудзæни, фæлæ йæ зонут!

Уæдмæ сыл лæппутæ атымбыл сты, фыдбылыз цæудзæни, зæгъгæ, фæтарстæн æмæ иргъæвынмæ фæдæн, æмбæлттæ дæр ма нын фæци хистæртæй, фæлæ сæ уæдмæ сгуыппытæ кодтой – уыцы уырсы хуызæн лæппутæ æнцон иргъæвæн уыдысты?! Ныр мæм æндæрæхсæв, мæхи мæ уатыл æруадзон, куыд загътон, афтæ фæмидæг сты, ды, дам, хæрнæджы фынджыдзаг адæмы советон хицауады ныхмæ ардыдтай!

Гино йæм æнкъардæй каст.

– Кæмæй дæ? – цыма йæ фæрсгæ нæ кодта, фæлæ йæм æнæуи исты бадзырдта, уыйау загъта Гино.

– Дзиболатæй бæргæ уыдтæн. Мæ ном Гугус.

– Æз та Гино дæн, Барахътæй.

– Хуыцау дын æххуысгæнæг уæд, æмæ дæ, цæмæй афæрсынмæ хъавын… Алы бон фæкæнынц сæхимæ ахстыты?

– Чи? – цыдæр рохзæрдæйæ бафарста Гино.

– Мæнæ ацы куыдзæппарæн былæй калинæгтæ?

– Цæмæ?

– Фæрсынмæ, ракъах-бакъах кæнынмæ? Абон мæ куы æруадзиккой æмæ ме уæнгтæ кæрæдзи куы æрæмбариккой. Дæумæ знон басидтысты?

– Ницы мæм басидтысты знон. Знон нæ, фæлæ мæм ныр иу-цалдæр боны дæр нæ басидтысты. Æвæццæгæн сын раст кæнын, нæ сæ фæнды сраст уон, уый, æмæ мыл фæстæмæ хæцынц. – Æмæ ахъуыды кодта: куыддæр æй ауадзой, афтæ ныффыссын хъæудзæн Гугусы æрцахсты хабар, кæнæ йæ радзырды хуызы ныффысдзæн, кæнæ публицистон уацы хуызы. Гъеныр уыдоны уым ныццæгъд, куыйты цагъд сæ ныккæн, хъæддаг куыйты цагъд, уæд сын нæ хъуыди?!

– Тæхуды дæм кæнын, – загъта уæдмæ Гугус. – Дæ зæрдæмæ æппындæр мацы хæсс! Дæ уд дын гæркъайы хуынчъы куы ласой, уæддæр дæ зæрдæйы бын мацы уæд, схауынæй цæмæн тæрсай, ахæмæй.

Гино йæм ницы сдзырдта, афтæ йæм зынд – йæхицæн дзуры цыдæртæ. Уæдмæ цыдæр адджын улæфтытæ ныккодта Гугус:

– Амондджын хъуыддаг у уый, стыр амондджын хъуыддаг – æппын мацы хæсс дæ зæрдæмæ. Æппын, æппын, судзгæ судзины бæрц!..

Гино йæм бакаст. Йæ ныхæстæ йæм тых ныхæсты хуызæн фæкастысты, артисты ныхæсты хуызæн. Цыма йын сæ исчи фæдзæхсгæ бакодта: ацы ныхæстæ-иу уæд æмæ уæд, афтæ æмæ афтæ зæгъ. Æмæ ахъуыды кодта Гино: æвæццæгæн, сæхимæ хъæуы клубы исты драмкъорды фæхъазы, ныртæккæ тынг базмæлыдысты хъæууон клубтæ. Æмæ фæхъазы исты пьесæты. Хæрзаг, фидауы – уыцы даргъ пъалтойы куы рацæйцæуы… Уым йæ хъуыды фескъуыд æмæ бахудт – уæдæ цыма алы пьесæйы дæр уыцы пъалтойы хъуамæ хъаза!

– Уыцы ахъаззаджы куыстытæ кæн æмæ дзы иу бахизæны дæ къах мацæуыл скъуыр! Æмæ æппын ницы – æлгъитгæ дæр макæй ракæн – йе хицауады кусджытæй, йе дæхи кусджытæй. Мæсты лæг йæхи дæр нæ уарзы, куы фæзæгъынц. Науæд уыйæппæт адæмимæ кусай æмæ се ‘ппæтимæ æмзонд, æмсагъæс уай!..

Æмæ йын батæригъæд кодта Гино – цыдæр тæнзæрдæ лæг у. Йæ хъуыддæгтæ йын йæ зæрдæмæ куыд айста! Цыма йын йæхи хъуыддæгтæ фаг не сты. Æмæ йæм аздæхти Гино æмæ йын дзырдта, цыма йын йæ хъæстытæ кодта уый дæр, афтæ.

– Æмсагъæс кæимæ нæ уыдтæн, уыдонимæ мын иумæйагæй ницы уыд, уыдон ме знæгтыл нымад уыдысты, æнæуи разы кæимæ цæмæй нæ уыдтæн, уыдонæн комкоммæ, цæстмæ-цæсты дзырдтон, семæ разы кæй нæ дæн æмæ, цæмæй нæ дæн разы семæ, уыдæттæ. Хъæрæй сын æй дзырдтон, суанг сæ удтæм куыд байхъуыса мæ ныхас, афтæ.

– Мæнмæ тынг хъарынц дæ ныхæстæ, æцæг дын зæгъын. Раст мæ иннæрдæм хизынц. – Йæ сæр ныттылдта Гугус. – Фæлæ дуг æндæр у, нæ бæззы дуг. Лæг йæхиуыл куы рацæуа комдзог, уымæй дæр тæрсын куы райдыдта!

Гино бакасти Гугусмæ æмæ та ахъуыды кодта: цæуылты тыхсын кæны йæхи! Цыма йын йæхи тыхстытæ фаг не сты. Æмæ йæ сæрты куы акалдысты йæ тыхстытæ кæмдæр. Нырма уæртæ йæ цæстыты сырх дæр куынæ ссыди. Æмæ йæ бафарста Гино:

– Ныр дæ кæд æндæрæхсæв æрбаластой, уæд де ‘хсæв кæм арвыстай? Уыцы æхсæвæй зæгъын, æндæрæхсæвæй.

– Æмæ ма дзы цæй æхсæв баззади! Уым мыл иу боны бонцау гæххæттытæ фæцарæзтой, стæй мæ иу уыйбæрц та фæрсгæ фæкодтой: кæд æмæ кæм райдыдтон знаггады куыст кæнын, ме ‘мбæлттæ чи уыдысты, нæ разамонæг чи уыди?

– Æмæ дæ ахсгæ комкоммæ æндæр хъуыддаджы тыххæй куы ‘ркодтой.

Гугус цыма цъус фæтыхст, фæлæ уайтагъд дзурынмæ фæци:

– Æмæ сын æй нæ загътон!

– Æмæ, дам?

– Æмæ, дам, фæрсын мах хæс у æмæ, дам, фæрсгæ мах кæндзыстæм, дæуæн та, дам, дæ хæс у дзуаппытæ дæттын, бамбæрстай, дам?

– Æмæ?

– Бамбæрстон, зæгъын.

– Стæй?

– Стæй мæ иу талынг къуыммæ баппæрстой, æмæ мын уым дыууæйæ мæ фæрсчытæ фæхостой, цалынмæ сын сæ рыст æмбæрстон, уæдмæ.

– Фæлæуу, æмæ дæ фæрсчытæн сæ рыст нал æмбæрстай, уый цæмæй базыдтой?

– Чи? Уыдон?

– Уыдон, уыдон.

– Æвæццæгæн, нал фесхъиу-фесхъиу кодтон, æмæ уымæй. Мæхи куы æрæмбæрстон, уæд цыдæр ерджены хæррæгъыл лæууыдтæн хаудæй, нал мæ астæу куымдта араст кæнын, нал – мæ дыууæ зæнджы. Суанг сыл бонмæ фæхъизæмар кодтон.

– Бонмæ, зæгъыс?

– Бонмæ, зæгъын, бонмæ. Цалынмæ ‘рбарухс и, уæдмæ.

– Стæй, кæй æрбарухс и, уый тыххæй дын акуымдтой раст кæнын?

– Кæй æрбарухс и, уый тыххæй мын нæ акуымдтой, фæлæ рухс хорз у, боны рухс бардуагмæ дзæгъæлы фæкувынц, рынчын цы хæдзары вæййы, уыдон?!

– Лæгтæ дыууæ уыдисты, загътай? – бафарста та Гино.

– Кæцы лæгтæ? – бафарста Гугус дæр. Æмæ бафиппайдта – кæд æмæ кодтой йе уæнгтæ ризгæ. Уæд сæм цы рауад – ардæм дзæбæхæй куы 'рбацыд?!

– Уым дæ талынг къуымы кæмæ баппæрстой, уыдон?

– Уыдон – дыууæ, кæд ма исты зонын, уæд.

– Уынгæ сæ æппындæр нæ кодтай?

– Кæм сæ уыдтон уыцы хуыдалынджы! Лæгæн, дæ къух йæ цæсты куы фæтъыстаис, уæд æй куынæ федтаид.

– Уæдæ дыууæ уыдисты, уый цæмæй базыдтай? Æвæццæгæн дæм, цыппар къухæй кæй æвнæлдтой, уымæй?

Гугус та цыма фæтысхсти, афтæ фæзынд Гиномæ æмæ бадис кодта Гино: цымæ, цæмæн фæтыхсти, кæд æцæг фæтыхсти, уæд? Æмæ уæд та ууыл ахъуыды кодта – кæд æгæр рафæрс-бафæрс систа кæйдæр лæджы! Æмæ йæ уый, мæнæ ардыгæй куы ацæуа, уæд ыл йе 'рцахсты хабæрттæ кæй фысдзæн, уымæн æй афтæ фæрстытæ кæны. Хуыздæр ын бамбара, цы уавæры бахауд, уый дæр, йæ зæрдæйы уаг дæр. Ацы хъуыддæгтæ æбуалгъ кæй сты кæрæй-кæронмæ. Иннæмæй та, йæ куыст ахæм уыд, фæрсын агуырдта йæ куыст, бирæ фæрсын. Февнæлдта-иу искæй хъуыддагмæ дзырдæй 'нæ дзырды 'хсæн, йæ кусджытæ-иу иуырдæм дæр кæй нæ фæрæзтой алыг кæнын æмæ иннæрдæм дæр…

– Базыдтон æй, куыд нæ йæ базыдтон! – дзырдта уæдмæ Гугус. – Буар æй йæхæдæг æмбæрста, буар, буар дын йед нæу, нæ, къодах, сугсæттæн къодах!

– Нæу, нæ, къодах, кæм у къодах! – адзырдта цыдæртæ Гино æмæ та аздæхти йæ хъуыдытæм: цал æмæ цал хъуыддагмæ æркаст йæ кусджыты сæрты, цал æмæ цалы сраст кодта, се 'ккой сын цы азым æвæрдтой, уымæй æмæ-иу, фæрсгæ дæр никæйуал бакодта, дуæрттæ-иу сын байтыгъта – гъæй кæнут уæ мæгуыр хæдзæрттæм!

Æмæ ницæмæйуал бафарста Гугусы. Авнæлдта йæ дыууæ къухæй йæ фæйнæ фарсмæ, иу ранæй дзы хъисфæндыр systa, иннæ ранæй йе 'рдын хъисфæндырæн. Ацагъта æмæ базарыд:

*Бафтыд сагты хурджын бæстæм бирæгъбал,*
*Æмæ бæстæн бацахста йæ къуылдымтæ.*
*Саг-сæрджынты слæууын кодтой иу рæгъыл*
*‘Мæ сæ иугай ластой ‘ргæвдæн къуыдырмæ.*

Гугус йæ сæр иуырдæм атылдта, иннæрдæм æй атылдта – уый циу?! Зыдта, Гиномæ фæндыр ис, хъисфæндыр. Цæгъдгæ дæр фæкæны æмæ заргæ дæр бакæны йæ цагъдмæ. Фæлæ ахæм цагъд ныккæндзæн æмæ афтæ ныззардзæн, уый хæйрæг цæмæй уыди! Рацæйстад, цæмæ стад, уый нæ зыдта, фæлæ уæддæр рацæйстад æмæ, куы рацæйстад, уæд бамбæрста, йæ зæнгтæ нæ, фæлæ кæд рызтысты йе уæнгтæ иууылдæр, нырмæ йын куыд никуы рызтысты, афтæ, фæлæ бадын дæр нæ фæрæзта – æмæ куыд бафæрæзтаид! Дур фест, дойнаг дур, уæддæр цæлхытæ куы фæхаудаис. Уый зарæг нæ уыди, уый-иу, мæнæ, хистæртæ цы арвы нæмыджы кой кодтой, арв хæйрæджыты цы нæмыгæй æхста, ахæм нæмыг уыди, гъе! Фыццаг-иу цæхæртæ куы акалдта арв, уæд-иу, хæйрæджытæй чи кæм æмбæхст у, уый агуырдта, стæй сæ, чи кæм и, уый-иу куы базыдта, уæд-иу сæ гæрæхтæ кæнын цы нæмыгæй райдыдта, ахæм нæмыг, гъе!

Æмæ кæсгæйæ баззади Гиномæ, æндæр фæрæз æй нæ уыд æмæ цы кодтаид? Касти, йæ зонд кæмæн фæхæццæ вæййы, ахæм лæджы кастæй. Хорз уыд, æмæ йæм Гино йæхæдæг нæ касти. Гино никуыдæм каст, Гинойæн йæ цæстытæ цъынд уыдысты, æвæццæгæн æм афтæмæй хуыздæр зындысты, йæ зарæджы цы сагтæ ‘мæ цы бирæгъты кой кодта, уыдон.

Æмæ зарыди:

*Сагтæн саггæс нал уыди Хуыцауы бын,*
*Хъуыст æнæхъæн сагбæсты сæ тыхсты хъæр.*
*Сагтæй-иу æргæвстой иуы цалынмæ,*
*Састой иннæтæн уæдмæ сæ пыхс сытæ.*

Æмæ хъуыды кодта Гугус: æвæццæгæн, арв йæ къабæзтæ кæм ауагъта, уым ахæм зарæг нæма азарыдæуыди. Уæдæ дзы цы хуызæн уæззау кæны лæг! Афтæ дзы уæззау кæны, æмæ, дзы уæззау куыд кæны, афтæ дзы кæд нæ кæны уæлмонц дæр – цыма быркуы у, сæны быркуы, æмæ йæм цыма мидæмæ цæуы, сæн быркуымæ куыд фæ-

цæуы, афтæ – уæнгæй уæззау кодта, удæй – уæлмонц, цыдæр кæнын æм цыд, алкæй бон бакæнын цы нæу, ахæм цыдæр, стыр цыдæр, йæ хъæр кæмæн айхъуыса, ахæм цыдæр. Æмæ дис кодта – цы йыл æрцыд?! Зарæджы фыдæй афтæ фæуыдаид, æмæ уанцон нæу! Æмæ уым, йæ сынтæджы тигъыл, уыцы гуыбырæй бадт, афтæмæй йæ цæстытыл ауад, хъæуы ма куы цардысты, уæд сын цы чысайнаг сыхаг уыди, уыцы гыццыл, куыстдзагъд Цицо. Уый-иу афтæ дзырдта: зарæг сымах цы ‘нхъæл стут? Зарæгæй, кæд дæ фæнды, лæг амардзынæ æмæ дзы лæг рабадын кæндзынæ йæ чырынæй. Стæй цыдæр хæццæ-мæццæ хъуыдытæ хъеллау кодтой, цыма йæ сæры мидæг нæ уыдысты, фæлæ йæ сæры алыварс зылдысты. Æмæ та-иу батылдта йæ сæр Гугус. Маргæ акæндзæн лæджы, марын æнцон у, фæлæ йæ бадын дæр ракæндзæн йæ чырынæй, цымæ? Æвæццæгæн, ракæндзæн, æмæ цы нæ бауыдзæн зарæджы бон! Уый уымæн ницыуал бауыдзæн зарæджы бон Гугусæн, уымæн æмæ уый комдзог рацыди йæ цæсгомыл, уый, куыд фæзæгъынц, йæ цæсгом бахордта, уымæн цæсгом нал и, æмæ цæсгом кæмæн нал уа, уымæн ницыуал хос и, уымæн, дунейы зарджыты куы æрæмбырд кæнай, уæддæр ницыуал баххуыс кæндзысты.

Æмæ зарыди Гино:

*Карз уыдзæн сæ тæрхон агъуыд бирæгътæн,*
*Ныр рæхджы бон ралæудзæни хурхæтæн.*
*Ауындзæнтæ ацæудзысты иу рæгъыл:*
*Ауыгъд сыл – лæг-бирæгътæ сæ хурхытæй.*

Æмæ йæ цæстыты раз адаргъ и Гугусæн уыцы ауындзæнты рæгъ, адаргъ и, йæ кæрон зынгæ дæр нал кодта. Æмæ та афæнд кодта сыстын, фæлæ уал фыццаг бакæса Гиномæ – кæддæра фæци зард æви нæма. Æмæ, кæд фæци зард, уæд сыста. Цæмæн хъуамæ сыста, уый нæ зыдта, фæлæ йæм афтæ касти – иугæр зард фæци Гино, уæд уый та хъуамæ стгæ скæна. Æмæ куы бакасти Гиномæ, уæд ауыдта ауындзæнтæ æмæ, ауындзæнтæй иуыл ауыгъд кæд нæ уыди йæхæдæг Гугус! Ауындзæны цæг ын йæ хурх афтæ балхъывта æмæ йæ сæр йæ риуыл æрхаудта, афтæмæй хъеллау кодта ауындзæныл. Иннæтæй ничи хъеллау кодта, уый хъеллау кодта. Æмæ схæкъуырцц кодта Гугус, тынг схæкъуырцц кодта, фæтарст, кæй схæкъуырцц кодта, уымæй æмæ йæ цæстытæ фæцарæзта Griномæ.

Гино бадти, фæстæмæ къулмæ йæхи ауагъта, афтæмæй. Фæндыр йæ риуыл бафæлдæхта æмæ йын йе 'нгуылдзтæй йæ чъылдымыл цыдæр зарæджы цагъд амыдта. Йæ цæстытæ уыдысты цъынд, æмæ йе 'нгуылдзтæ цыма сусæгæй змæлыдысты фæндыры чъылдымыл, афтæ зынди. Стæй цыма улæфгæ нæ кодта – æвæццæгæн-иу иу улæфт бирæ скодта æмæ йæ стæй æддæмæ сындæггай улæфыд. Æнгуылдзтæ змæлыдысты, куы-иу фæдæлдæр сты, куы та-иу сæхиуыл фæстæмæ уæлдæр схæцыдысты. Тынг æнæмæтхуыз зынди, æдде бакæсгæйæ, Гино. Афтæмæй æнæмæт нæ уыди, æмæ фылдæр Гугусыл уыди йæ мæт – куы йыл æрхæцой, уæд йæ бинонтæ цы фæуыдзысты? Цæмæй цæрдзысты йæ бинонтæ уæд? Фæлæ йæ кæд ауадзиккой. Исты йын феххуыс кæн истæмæй? Æмæ цæмæй æмæ куыд?

Æнæуи цыдæрхуызон лæг у: хъæууон лæг у, афтæмæй цыма бынтон хъæууон лæг нæу. Йæ ныхас дæр хъæууон ныхас у, афтæмæй бынтон хъæууон нæу йæ ныхас дæр. Æмæ цыма æнæуи та куыд арæхсы хъæууон цæрдтытæ-йедтæм? Цымæ, заргæ дæр бакæны уым хъæууон фынгтыл? Æвæццæгæн, базары. Уым хъæуты дзæбæх хъырнджытæ вæййы, æмæ дзæбæх хъырнджытæ куы уа… Æмæ æрфæндыд Гинойы – куы йæм бакæсид, кæддæра ма афтæ бады, кæд фынæй нæ баци, уæд æм дзургæ дæр, чи зоны, исты бакæна. Стæй уый дæр дзура, уадз æмæ истытæ. Æмæ йæм уæд фехъуысти:

– Ныххатыр кæн, Гино!

Гино фехъуыста уыцы ныхас, дзæбæх æй фехъуыста. Фæлæ йæм мидæмæ нæ байхъуыст æмæ йæм, гъа ныр байхъуса, куыд загъта, афтæ фæцыди гæрах, æмæ хатæн ныннæрыд æмæ ныннæрыди дуне. Далæ Турчы хæсты куы уыди, уæд туркæгты цы сармадзантæй æхстой, уыдон дæр афтæ нæ нæрыдысты. Æмæ лæугæйæ аззади Гино. Æмæ йæ цæстытæ сæ тыбар-тыбурæй нал æнцадысты, афтæмæй касти Гугусмæ. Уый уæлгоммæ хаудæй лæууыдис йæ сынтæгыл, йæ сæр къулыл æртулæгау кодта, йæ даргъ пъалто йыл цыма исчи баппæрста, уыйау дыдæгътæй лæууыди йæ уæлæ. Йæ рахиз дысæй къухы бæсты зынди дамбаца, æмæ йæ дзыхæй лыстæг фæскъæуттæй лæсти фæздæг… Гино уырдыг лæууыд, йæ къухы хъисфæндыр, афтæмæй æмæ æдзынæг касти дамбацайæ дзыхмæ.

*Мартъи, 2020 аз*

*ГАГЛОЙТЫ Индирæ*

# ХУЫМÆТÆДЖЫ САЛДАТ

*Арын дзы мæ фыдыфыд*
*Гаглойты Бытийы (Сардионы) ном*

Куыдта, дзынæзта хъисын фæндыр комы.
Мæ баба мын йæ сусæгтæ дзырдта.
Йæ цæстысыг нæ сур кодта йæ рустыл,
Йæ кæуынмæ æхсæрдзæн дæр куыдта.

Æргом дзырдта йæ зæрдæйы сагъæстæ,
Æргом дзырдта йæ уды карздæр рис.
Йæ бинонтыл, йæ сабитыл мæтгæнгæ,
Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ цыдис.

Фæндагмæ йæ йæ фæлмæн мад фæдзæхста
Нæ Иры зæдтыл, Лæгтыдзуар, дæуыл.
Фæндагмæ йын йæ бинойнаг нывæрдта
Æртæ кæрдзыны, цæхджын цыхты тымбыл,

Тæбын цъындатæ, ‘рмкъухтæ æмæ идон,
Æнгом тыхтæй йæ сау къуымбил нымæт.
Кæмдæр ма комы хъуыст бæлццæтты зарæг,
Кæмдæр ма комы дард зынди сæ фæд.

Цыдысты размæ тохвæллад æфсæдтæ
Кæм – уазал, кæм – æххормагæй фылдæр.
Æрвыстой-иу æнæхуыссæг æхсæвтæ,
Ыссæстой знаджы ‘нæрлæугæ уæддæр.

Сæ маст-иу уыдон нал урæдтой арæх,
Куы-иу федтой æнæхъæн хъæутæ сыгъд,
Куы-иу арæзтой ‘фсымæрон ингæнтæ,
Куы-иу æрсабыр карз тохæн йæ цыд.

Æмæ та дарддæр – сау хæстон фæндæгтæ.
Уæззау цæфтимæ се ‘мбæлттæй фылдæр
Цыдысты размæ, знаджы тыхтæ састой,
Нæ сæ урæдта карз тохы цæхæр.

Уæлахизмæ бæллыдысты æрмæстдæр,
Сæрибар дугæн уыд сæ цард нывонд,
Фыдыуæзæг, Фыдыбæстæйы кадæн
Берлины ‘рсагътой тырыса бæрзонд.

Куыд диссаг уыд сæрибархæссæг уалдзæг,
Куыд бæрзонд уыд сæрибары цъæх арв.
Кæрæдзийыл зæрдæйæ кодтой цинтæ,
Уæлахиздзауты зарæг хъуысти дард.

Сæрбæрзондæй Ирыстонмæ æрыздæхт,
Йæ риу уыди хæрзиуджытæй хъæздыг.
Йæ хызыны – кæрдзыны хус къæбæртæ,
Йæ дзыппы та – йæ риуæй ист нæмыг.

Фæллад уыди уæззау хæсты фæндæгтæй,
Бæгуыдæр уыд йæ рыст зæрдæ фæллад,
Фæлæ уæддæр зæххусæгæн йæ цинтæ –
Йæ хъæубæстæ, йæ зад хуымы бæркад.

Куыдта, дзынæзта хъисын фæндыр комы,
Бæрзонд иста мæ бабайæн йæ кад.
Ныр дæр ма мæм гыццыл къамæй фæхуды
Цъæх цинелы хуымætæджы салдат.

*20.04.2022аз*



1100 Аланыстоныл саргъуыды

*ГОСТИТЫ Ларисæ*

# АРГЪУАНЫ СКЪОЛАТЫ ЦАРД АМИДИНГÆНÆГ

Фыццаг ирон историктæ æмæ этнографтæй иу, Хъодзаты Алыксандр, уыд XIX æнусы кæроны – XX æнусы райдайæны рухстауæг интеллигенцийы ирддæр минæвæрттæй иу. Бетъырбухы дины академийы рауагъдон, дины зонæдты кандидат, чырыстон аргъуан æмæ адæмон ахуырады архайæджы сæйраг зонадон куыст сси йæ историон-этнографион монографи «Древние осетины и Осетия». Рухс федта 1903 азы Дзæуджыхъæуы. Чиныджы хъысмæт æнахуыр рауад – æмдугонтæ йæ компиляцийыл, ома, уæды онг зындгонд куыстытæ æнæ йæхи цавæрдæр хатдзæгтæй рауагъта, зæгъгæ, нымадтой, советон дуджы историографи йыл революцийы ныхмæдзурæджы цæстæнгасимæ авторы ницы давæг иртасæны гакк ныххуырстой, абоны историктæ та йæ йæ рæстæгæн бæрзонд зонадон æмвæзадыл фыст аккаг иртасæн фæллойыл нымайынц.

Хъодзаты Никъалайы фырт Алыксандр райгуырд 1874 азы 16 сентябры (зæронд нымадмæ гæсгæ) Джызæлы хъæуы. Хъомыл кодта стыр

бинонты ‘хсæн. Райдайæн ахуырад райста Джызæлы æмæ Хъæдгæроны райдайæн скъолаты. Иунæг аз ма йæ хъуыд, афтæ йæ фыд амард, æмæ мадæн йæ къух ахуырæн фидын нал амыдта. Хорз ахуыргæнинаг кæй уыд, уымæ гæсгæ йын курдиат бадæттыны фæстæ йæ ахуыры хæрдзтæ йæхимæ райста Кавказы чырыстон дин æндидзæг æхсæнад.

1889 азы лæппу бацыд Æрыдоны Александры номыл ирон дины училищемæ, æмæ та ахуыр кодта амынд æхсæнады хардзæй. Йæхи диссаджы курдиатджын лæппуйæ равдисгæйæ, 1895 азы июны училище каст фæци фыццаг (уæлдæр) къæпхæнил, æмæ йæ арвыстой дины уæлдæр ахуыргæнæндонмæ – Бетъырбухы дины академимæ, Александр Нев-скийы нæлгоймæгты зындгонд моладзандоны зæхмæ. Фæлварæнтæ æнтыстджынæй ратгæйæ, Хъодзайы-фырт иннæ 55 абитуриенты æмрæнхъ бацыд академийы аргъуаны-историон хайадмæ, уый дæр та – æхсæнады æххуысæй.

Бетъырбухы дины академи уыд рухсадон æмæ рауагъдадон куыстгæнæг аргъуаны-зонадон центр. Тæлмац дзы кодтой аргъуаны æмæ Византийы рагон историкты иртасæнтæ, фенæн дзы уыд Библийы зонадон тæлмацтæ дæр уырыссаг æвзагмæ, цыдысты журналтæ «Христианское чтение» æмæ «Церковный вестник». Академийы ахуыргæнджыты ‘хсæн уыд бирæ зындгонд Хуыцауы дзырд тауджытæ, аргъуаны историктæ, барад зонджытæ.

Ахуырæй уæгъд рæстæг Алыксандр æмбæлд йе ‘мзæххонтимæ. Куыд ирон, афтæ Кавказы æндæр адæмыхæттыты фæсивæд дæр Бетъырбухмæ цыдысты уæлдæр ахуырад райсынмæ. Невайы проспекты сæ-иу се стыр фатермæ æрæмбырд кодтой гуырдзиаг кънйаз Г. И. Тархан-Моурави (Тарханаты-Моурауты) æмæ йæ бинойнаг Есенаты (Тарханаты) Хъасболаты чызг Софья (Сона). Ацы ирон сылгоймаджы ном хорз зындгонд у Хетæгкаты Къостайы биографимæ гæсгæ, уымæн æмæ йын Бетъырбухы Аивæдты академийы ахуыры рæстæг бирæ æххуыс бакодта. Æниу, йе ‘мдугонты мысинæгтæм гæсгæ, уый æххуыс банкъардтой, алы рæстæг ам чи ахуыр кодта, Кавказы уыцы хохæгтæй бирæтæ. ЦИГСИИ-йы архивы баззад 1902 азы ист къам. Есенаты Софьяйы хæдзары арæзт изæры уыдысты Хъодзаты Алыксандр, Тугъанты Махарбег, Магомед-Али (Махач) Дадахаев, Дзантиаты Аслæн-Джери, Ибрагим Бек Гайдаров, Ольгæ Казбек, Гæздæнты Ольгæ æмæ иннæтæ.

Академийы фыццаг дыууæ азы Хъодзайы-фырт байхъуыста аргъуаны рагон историйæ лекцитæм. Касти сæ зындгонд скæсæниртасæг æмæ аргъуаны историк, аргъуаны рагон историйы кафедрæйы ординарон профессор, Императоры зонæдты академийы уæнг-уацхæссæг, аргъуаны историйы доктор В.В. Болотов. Не 'мзæххоны зонадон тырнæнтыл дзæвгар сахадыдта, æмæ, æвæццæгæн, уый æххуысæй аздæхта йе 'ргом ирæтты счырыстон кæныны иумæйаг темæмæ. Дарддæр та йыл куыста славяйнаг аргъуанты историйы кафедрæйы экстраординарон профессор, аргъуаны историйы доктор И.С. Пальмовы разамындæй. Ахуыргонды хъæппæрисæй Хъодзайы-фырт фæстаг курсы кандидатон куысты темæйæн равзæрста «Исторический очерк постепенной христианизации осетин в пределах нынешней России». Сфидар æй кодта Бетъырбухы æмæ Ладогæйы митрополит Антони (Вадковский).

Йæ куысты рæстæг лæппу парахатæй пайда кодта академион библиотекæйы чингуыты хъæздыг фондæй, рагон æмæ европæйаг æвзæгты тыххæй зонындзинæдтæй. Уымæн æвдисæн – йæ фидæны монографийы чингуыты стыр номхыгъд алы 'взæгтыл.

1902 азы уалдзæджы кæрон Хъодзаты Алыксандр равдыста дины зонæдты кандидаты ахуырадон къæпхæн райсынæн курсон нывæцæн. Сæ курсы дæс студенты æмрæнхъ йæ нывæцæн сси Бетъырбухы дины академийы Советы кадджын хатдзæджы аккаг. Йæ разамонæг, профессор И.С. Пальмов та æрцыд ахæм хатдзæгмæ: «Во всяком случае, сделанного автором в настоящей работе достаточно для того, чтобы дать ему полное право на получение полной академической степени кандидата. В своем сочинении он обнаружил большое знакомство с литературой предмета, причем с надлежащей разборчивостью пользовался учеными исследованиями по разным вопросам своей темы; материал, добытый наукою, самостоятельно систематизировал, привнося в свое исследование и собственные соображения, не лишенные научного интереса».

Афтæмæй, уыцы аз 4 июны Академийы Совет рахаста, Бетъырбухы æмæ Ладогæйы митрополит Антоний кæй сфидар кодта, ахæм уынаффæ – Хъодзаты Алыксандрæн лæвæрд æрцæуæд дины зонæдты кандидаты къæпхæн.

Уымæй æртæ боны фæстæдæр æрыгон ахуыргонд Дзæуджыхъæумæ рарвыста курдиат Дзæуджыхъæуы æмæ Мæздæджы епископ Влади-



Дзæуджыхъæуы епархийы Цæгат Ирыстоны дины скъолаты ахуыргæнджыты съезд (дыккаг рæнхъы галиуырдыгæй æстæм бады Хъодзаты Алыксандр). 1904 аз, 3 июнь

миры (Сеньковскийы) номыл. Уым фыста, зæгъгæ, иугæр академион курсы рæстæг Æхсæнады стипенди иста, уæд, ирон уæвгæйæ, кусынил разы кæй у æрмæст Дзæуджыхъæуы епархийы ахуыргæнæгæй кæнæ Ирыстоны аргъуанты скъолатæм цæстдарæгæй. Бетъырбухы дины академийы ректор, епископ Сергий (Страгородский) курдиатыл бафыста: «Господин Кодзаев, как природный осетин, мог бы быть очень полезным деятелем на поприще духовного просвещения осетинского народа. Чего-либо предосудительного за ним в продолжении академического курса замечено не было».

Йæ курдиатæн дзуапмæ дæр нал банхъæлмæ каст, афтæмæй Хъодзайы-фырт рацыд йæ райгуырæн бæстæмæ. Уæдмæ йын куыст дæр снысан кодтой. 1902 азы 16 августы Сыгъдæг Синоды цур Ахуырадон комитеты доклад сфидар кодта Синоды Обер-Прокурор, æмæ Бетъырбухы дины академийы рауагъдон сси Æрыдоны Александры номыл миссионерты дины семинары инспекторы æххуысгæнæг. Бакуыста æрмæст цалдæр мæйы, фæлæ уæд базонгæ æмæ ракуырдта 16-аздзыд ахуыргæнæг Хетæгкаты Катяйы (Хетæгкаты Къостайы дард хæстæг). Уый Дзæуджыхъæуы Ольгæйы сылгоймæгты скъола-приют каст фæуыны фæстæ кусын райдыдта Æрыдоны сылгоймæгты скъолайы. Цалдæр азы фæстæ рахицæн сты, цот сын нæ рацыд.

Амынд азы 25 ноябры Хъодзаты Алыксандр сси Дзæуджыхъæуы епархийы училищеты советы Æрыдойнаг хайады уæнг, куыд йæ хъуыддæгтæаразæг, афтæ. 1903 азы 1 февралæй та Дзæуджыхъæуы æмæ Мæздæджы епископ Владимиры (Сеньковскийы) резолюцийæ нысангонд æрцыд Цæгат Ирыстоны аргъуанты скъолаты цæстдарæгæй.

Кæд тынг æнæвдæлон уыд, уæддæр рæстæг ссардта йæ кандидатон куыст «Исторический очерк постепенной христианизации осетин в пределах нынешней России» мыхуырмæ бацæттæ кæнынæн. Тифлисмæ йæ цензурæмæ арвыста æмæ йын 1903 азы 29 июны йæ рауадзыны бар радтой. Уыцы аз чиныг «Древние осетины и Осетия» рухс федта дзæуджыхъæуккаг типографи «Р. Сегаль и С-вья»-йы.

Хъодзаты Алыксандры 108 фарсыл фыст монографийы уыд разныхас æмæ фæйнæ дыууæ сæримæ дыууæ хайы. Кæронæй – алы сæры дæр цы фарстатæ равзæрста, уыдоныл бæстон ныхасимæ уæрæхгонд сæргæндтæ.

Разныхасы автор радзырдта йæ иртасæны нысанты тыххæй.

Тырныдта, адæмы ‘хсæн чырыстон дины историон рæзты къæпхæнтæ фæд-фæдыл куыд цыдысты, афтæмæй равдисынмæ. Бафиппайдта, æрмæст Ирыстоны чырыстон дины парахатдзинад нæ, фæлæ ма йæ фæстиуджытæ дæр равдисын кæй хъæуы. Фидæны йæ фæндыд ацы чиныг Ирыстоны аргъуанты скъолатæн фæсурокты кæсынæн ахуырадон рауагъды хуызы бавдисын. Уымæй уæлдай ма йæ куыстæй тырныдта аланты чырыстон дины æмæ сæ паддзахаддзинады историйы иудзинад равдисынмæ. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, уый бæрæг уыд аргъуаны æмæ адæмы цардыуаджы æнгом бастдзинадæй. Автор ма йе ‘ргом аздæхта ирæтты ирайнаг ратæдзæнтимæ баст фарстамæ дæр.

Монографийæн уыд уый размæ фыст иртасæнтæй хорз бындур – пайдагонд æрцыд В. Миллеры, М. Ковалевскийы, Ю. Кулаковскийы, æндæр ахуыргæндты куыстытæй.

Чиныджы фыццаг хайы лæвæрд цæуынц ирæтты равзæрды фарстатимæ баст историографийыл, мифологийыл, рагон кувыны æгъдауыл, пантеоныл афæлгæстытæ, ирæтты Нарты кадджыты абарстытæ сæ фыдæл ирайнæгты рагон царды æвдисæнтимæ.

Дыккаг хайы æвдыстæуы алантæм дины райрæзты истори. Автор ын скодта цыппар хайæ зонадон периодизаци. Уый равдыста X – XV æнусты аланты паддзахаддзинады æмæ чырыстон дины райрæзты бастдзинад, ирæттæ кæй бахъахъхъæдтой, уыцы чырыстон культурон традицитæн алыхуызон æвдисæнтæ æрхæсгæйæ.

Æмдугонтæ чиныгыл мæнæ æхсызгонæй нæ сæмбæлдысты. Хъесайыфырт æй критикæ кодта йæ уац «В ущельях Дигории»-йы (1904 азы рацыд дзæуджыхъæуккаг газет «Казбек»-ы). Æрмæст уыцы критикæ баст уыд Хъодзайы-фырты ахуыргæнджыты либералон-демократон интеллигенциимæ ныхмæлæудимæ – уацы автор уыдоны минæвар уыд. 1906 азы журнал «Этнографическое обозрение»-йы библиографион уацхъуыд «Хроника»-йы та йæ схуыдтой, стыр зонадон нысаниуæг кæмæн нæй, ахæм чиныг.

Советон историографийы Хъодзаты Алыксандры «Древние осетины и Осетия» нымадтой «буржуазон национализмы» домæнтыл фыст чиныгыл (Тотойты М., Санахъоты М., Л. Васильева æмæ иннæтæ). Тотойы-фырт фыста, зæгъгæ, кæд дзы ирæтты (аланты-ясты) историон фыдæлты тыххæй раст хатдзæг ис, уæддæр йе ‘ппæрццæг миниуджытæм гæсгæ йæ зонадон æмæ ахуырадон нысаниуæг ныл-



Кавказæгты диаспорæйы минæвæртты фембæлд
Бетъырбухы Есенаты Софьяйы хæдзары
(цыппæрæм рæнхъы дыккаг лæууы Алыксандр). 1902 аз



Дзæуджыхъæуы нæлгоймæгты гимназы
хъомылгæнинæгтæ сæ ахуыргæнджытимæ (дыккаг рæнхъы
галиуырдыгæй фæндзæм бады Алыксандр)

лæг кæй сты. Æппæрццæг та хуыдта, лæвæрд æрмæгæн æмæ ирæтты социалон царды æрфыстæн бæстон методологи кæй нæ сарæзтæуыд, ирон историон процессты сæйрагдæр фарстатæ раст æмбæрстгонд кæй не сты, уыдæттæ. Дзыллæйы æмæ ирон интеллигенцийы ‘хсæн, дам, чиныг уый тыххæй нæ рапарахат.

2000-æм азты райдайæны Хъодзаты Алыксандры куыстмæ райдыдтой æндæр цæстæй кæсын. Историк Гутнаты Феликсы хъуыдымæ гæсгæ, советон историографийы æнауæрдон критикæ баст уыд сæйрагдæр авторы политикон зондахастимæ. Уый ма зæгъы, компиляцийæн йæ кой дæр кæй нæй, уымæн æмæ уырыссаг, францаг, немыцаг æмæ латинаг æвзæгтыл бæстон библиографийæ уæлдай, автор æнцой кæны зонады къабазмæ фыццаг хатт хаст æвдисæнтыл дæр. Рæдыдтæ Гутнаты Феликс федта астæуккаг æнусты æхсæнадон арæзт æмæ чырыстон дины парахатдзинадимæ баст уагæвæрдты, фæлæ, иумæйагæй, чиныгæн скодта стыр аргъ, уымæн æмæ фæахъаз адæмы национ хиæмбарынады рæзтæн, Ирыстоны рагдуг иртасынмæ разæнгарддзинадæн.

Мамиаты Михал йæ иртасæн куыст «Аланское православие: история и традиция»-йы Хъодзаты Алыксандры хоны, XIX æнусы кæрон – XX æнусы райдайæны аланты чырыстон дины темæ чи иртæста, уыцы авторты хуыздæртæй иу, йæ чиныг «Древние осетины и Осетия» та – Ирыстоны историйы тыххæй фыццаг сæрмагонд монографи. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, ацы чиныг профессионалон ахуыргæндты (В. Миллер, М. Ковалевский, Ю. Кулаковский) академион раиртæстытæй дæлдæр лæууы, фæлæ, уыимæ, йе ‘мвæзад у йæ иннæ æмдугонты ирæтты истори иртасæн куыстытæй хуыздæр.

Хъодзайы-фырты чиныгмæ йе ‘ргом аздæхта Айларты Светланæ дæр. Йæ уац «История, формирующая идентичность: аланское православие в книге А.Н. Кодзаева «Древние осетины и Осетия»-йы ахуыргонд фыссы: «…попытался представить целостную картину истории аланского православия, а также охарактеризовать мифологию и эпос, традиционную религиозную систему осетин. Автор отстаивал положение о глубоком проникновении христианства в ткань культуры аланского общества, евангелизации населения средневековой Алании, ставшей частью византийского цивилизационного пространства. Христианство, проходящее через всю историю алан с начала новой эры, является важнейшим компонентом осетинской духовно-куль-

турной традиции. Оно должно стать основой современного развития осетинского этноса, его культуры – таков вывод историка».

Гъе, афтæ рауад йæ хъысмæт историон-этнографион монографийæн.

Йæ автор та, Цæгат Ирыстоны аргъуанты скъолаты цæстдарæг уæвгæйæ, архайдта дисциплинæ фæфидар кæныныл. Æхсæнады æмбырды бахаста фæндон, цæмæй ныййарджытæн æмбарын кæной, ахуыргæнинæгты скъоламæ æнæмæнг цæуын кæй хъæуы, æндæра сæ кæй рарвитдзысты, фæстæмæ баздæхыны бар сын нал уыдзæн, афтæмæй.

Афæдзы 'рдæджы дæргъы скъолаты архайдмæ бæстон æркаст æмæ хайадмæ бахаста аргъуаны хæххон скъолаты куыст рацаразыны проект. Сывæллæттæ сæ бирæ кæй нæ уыд (20-35 ахуыргæнинаджы), уымæ гæсгæ, дам, сæ бон у дыууæкъласон скъолайы программæ иу ахуыргæнæгимæ рæвдздæр рацæуын. Хайад йемæ сразы, æмæ уыйадыл Дæргъæвсы, Уыналы, Садоны æмæ Нары нæлгоймæгты аргъуанты иукъласон скъолатæ дыууæкъласонтæ систы, уыимæ – æнæ уæлæмхасæн хæрдзтæй. Дæргъæвсы ахæм скъолайы айстой дыккаг ахуыргæнæджы штат, æмæ уыцы фæрæзтæй фæци 1903 азы 1 сентябры чызджыты скъола байгом кæныны фадат. Æнæхъæн Дæргъæвсгомы иу ахæм скъола дæр нæ уыд, æмæ йæм æхсызгонæй æнхъæлмæ кастысты. Ахуыргæнæгæй 240 сомы мыздимæ нысангонд æрцыд Дзасохон Е.

Тибы скъолайы дæр, ахуыргæнинæгтæ дзы чысыл кæй уыд, уымæ гæсгæ дыккаг ахуыргæнæджы штат сæхгæдтой, æмæ Дæргъæвсы чызджыты скъолаимæ иу бон Нузалы цæрæн хæдзары байгом иумæйаг скъола лæппутæн æмæ чызджытæн. Уæлдæр амынд мыздыл дзы ахуыргæнæгæй нысангонд æрцыд Хъулиан.

1903 азы 20 августы Хайад, Хъодзаты Алыксандры докладмæ гæсгæ, рахаста ахъаззаг уынаффæ – Цæгат Ирыстоны аргъуанты скъолаты И. (Я.) Гогебашвилийы уырыссаг æвзаджы ахуыргæнæн чиныг «Русское слово» ивд æрцыд Вольперы «Русская речь»-æй. Фыццаг чиныг гуырдзиаг скъолатæн арæзт уыд, дыккаг та – уырыссаг æвзаг нæ зонæг æппæт ахуыргæнинæгтæн. Доклады автор фыста: «Для Северной Осетии, незнакомой с грузинским языком и не чувствующей никакой нужды изучать его, такой учебник, рассчитанный на изучение грузинского языка, может только вредить делу, т.к. вводит в изучение новую трудность».

Йæ хъæппæрисæй ма хæххон цæрæнбынæтты фæзындысты

чызджыты скъолатæ уафджыты хайæдтимæ. 1903 азы 19 декабры Хайады æмбырды йæ доклады радзырдта Ирыстоны цыппар комы ахæм скъолатæ саразыны ахсджиагдзинады тыххæй. Ацы æмбырды рахастæуыд уынаффæ, афæдзæн ма сæм цы фæрæзтæ баззад, уыдонæй 400 сомы раттын æмæ Дæргъæвсы, Дæллагхъæуы, Тиб æмæ Мæхческы уафджыты хайæдтимæ скъолатæ байгом кæнын.

Иукъласон скъолатæй, цы фæрæзтæ сын лæвæрдæуы, уыдон нæ кайгæйæ дыууæкъласонтæ аразыны проект ахуыргæнджыты иу хайы зæрдæмæ нæ фæцыд. Либералон-демократон цæстæнгасимæ ирон педагогтæ аргъуанты скъолаты критикæмæ рахызтысты. 1903 азы газет «Казбек» ныммыхуыр кодта Цæголты Георгийы программон уац «К вопросу о народном образовании». Уым ис ахæм хъуыдытæ, зæгъгæ, аргъуаны скъола Ирыстоны бирæ лæмæгъдæр у министрады скъолайæ, дард у адæмы цардæй. Уымæ гæсгæ, дам, хъæуты министрады скъолатæ хъуамæ гом кæной. Аргъуанты скъолайы стыр хъæндзинадыл ма нымадта, мадæлон æвзаг дзы кæй нæ ахуыр кæнынц, уый.

Цасдæр рæстæджы фæстæ газет ныммыхуыр кодта Хъодзайы-фырты полемикон уац «Еще об осетинских школах (ответ г. Цаголову)». Уым бафиппайдта, ирон културæйæн аргъуанты скъолатæ цы хорздзинæдты бацыдысты, интеллигенци уый фаг кæй не 'мбары. Ирыстоны кæй сты, уый схуыдта историон нысаниуæгимæ хъуыддаг. Не сразы, министрады, быдыры хъæуты скъолатæ хуыздæр сты, уыцы хъуыдыимæ дæр. Уæлдай тынгдæр та йæ цæсты ахадыдтой аргъуанты хæххон скъолатæ, уымæн æмæ уымы чысыл хъæуты мæгуыр цæрджытæн ахуырад райсын бынтон зын уыд. Уæдæ, аргъуанты скъолаты алы кусæг дæсныйадтыл, сылгоймæгтæ къухæй арæхстджын уæвынил кæй ахуыр кодтой, уый та? Уымæ гæсгæ, адæммæ министрады скъолатæй дарддæр лæууынц, уыцы уайдзæфæн ницы бындур уыдта. Мадæлон æвзаджы тыххæй та загъта, кæй нæ сæмбæлд, иронау кæсын æмæ фыссын чи нæ зыдта, аргъуанты скъолаты ахæм рауагъдонтыл.

Хæххон скъолатæм разамонæг кæддæриддæр уæлдай стыр æргом здæхта, архайдта ууыл, цæмæй хохаг чызджытæн сæ бон уа сæ ахуыр адарддæр кæнын æмæ ахуыргæнджытæ суæвын. Хайады 1905 азы 4 апрелы æмбырды уый куырдта, цæмæй чызджыты хохаг скъолаты хъомылгæнинæгтæй цалдæры айсой Дзæуджыхъæуы Ирон сылгоймæгты приютмæ. Фидæны, дам, уыдон æвæджиауы ахъаз фæуыдзысты

хæхты сылгоймæгты ахуырады хъуыддагæн. Уæды онг, ахуыр приюты чи фæци, иунæг ахæм хохаг чызг дæр нæ уыд.

Къаддæр нæ тыхст ахуыргæнджытыл дæр. Архайдта, зæгъæм, аргъуанты ирон скъолаты ахуыргæнджытæн сæрдыгон педагогон курсытæ саразыныл, фæлæ йын уымæн фæрæзтæ нæ радтой. Уыимæ йе 'мхъуыдыгæнджытимæ равдыста «Общество взаимного вспомоществования учащим и учившим в церковно-приходских школах Северной Осетии» саразыны хъæппæрис. Æхсæнад ахуыргæнджытæн кодта æхцайæ æмæ æндæр хуызы æххуыстæ. Фидæны Æхсæнады Уставыл æрдзурынæн 1904 азы 2 июны Æрыдоны сарæзтæуыд Съезд. Архайдтой дзы 23 сауджыны, аргъуанты скъолаты 56 нæлгоймаг æмæ 25 сылгоймаг ахуыргæнæджы.

Съезд байгом кодта æмæ, ног æхсæнадон оргæн цæмæ гæсгæ арæзтæуы, уый тыххæй радзырдта Хъодзаты Алыксандр. Æхсæнады правленийы сæрдарæй æвзæрст æрцыд Чырыстонхъæуы аргъуаны дыууæкъласон скъолайы ахуыргæнæг Уырыймæгты Х., правленийы уæнгтæ систы сауджынтæ Цомайты Харлампи æмæ Коцойты Моисей, ахуыргæнджытæ Алыккаты П., Гарданты М., сылгоймаг-ахуыргæнæг Хетæгкаты А.

Дыккаг бон ныхас цыд аргъуанты скъолаты ахуыры хъуыддаджы уавæрыл. Скъолатæм цæстдарæг сæйраг æргом аздæхта, хуыцаубоны кусæг скъолатæ кæй нæй, иннæты та уæлæмхасæн ахуыртæ кæй нæ арæзтæуы, уымæ. Ноджы ма загъта, хъæууон æхсæнадтæ скъолатæ дарынæн æхца афоныл кæй нæ фидынц.

Съезды фæстæ йæ бирæ архайджытæ иумæ сæ къам систой. Дзæуджыхъæуы горæты сæргълæууæджы хæстæ æххæстгæнæг Байаты Гаппо уыцы къам арвыста зындгонд уырыссаг ахуыргонд, «Осетинские этюды»-йы автор Всеволод Миллермæ. Æрхæццæ абоны бонмæ дæр.

1905 азы революцийы рæстæг Хъодзаты Алыксандры тох цæхгæр ивддзинæдтæм сидæг ахуыргæнджытимæ бынтондæр скарз. Сæ иутæ куысты хæстыл сæ къух ауыгътой, ахуыртæм нал цыдысты. Уыимæ, архайдтой митингты, уæрстой прокламацитæ. Афтæ – ахуыргæнинæгтæ дæр. Аргъуаны скъолаты уавæрыл дзуапдæттæг администраторæн гæнæн нал уыд, æмæ революцион зондахастимæ ахуыргæнджытæм арвыста сæ куыстæй сæ сисыны хъусынгæнинæгтæ. Уыцы иу рæстæг бахаста хъæппæрис, цæмæй сын сæ хæстæ сæ бæрны скъолаты сæхимæ райсой ирон сауджынтæ.

Амынд азы 10 – 16 августы Æрыдоны сарæзтæуыд Цæгат Ирыстоны

ахуыргæнджыты съезд. Уым фидаргонд æрцыд аргъуанты скъолатæ рацаразыны фæдыл 25 пунктæй петици. Барвыстой йæ Дзæуджыхъæуы æмæ Мæздæджы епископ Гедеонмæ (Покровскиймæ). 20 сентябры мыхуыргонд æрцыд газет «Казбек»-ы. Йæ фæстаг дыууæ пункты амынд уыд: «Цæстдарæг Хъодзайы-фырты куысты рæстæг цы ахуыргæнджытæ атардæуыд, уыдоны сæвæрæнт сæ раздæры бынæтты»; «Домæм цæстдарæг Хъодзайы-фырты йæ куысты бынатæй æвæстиатæй айсын, скъолаты ног инспекторы та нæлгоймаг æмæ сылгоймаг ахуыргæнджыты æмбырд равзарæд».

Дзуаппы хуызы Хъодзайы-фырт газет «Казбек»-ы дыууæ номыры рауагъта уац «К учащим церковных школ Северной Осетии». Уым равдыста, 1903 азæй, ома, цæстдарæгæй кусын куы райдыдта, уæдæй фæстæмæ скъолайы ахуырады уавæры цы ивддзинæдтæ æрцыд, уый. Загъта, лæппу æмæ чызг ахуыргæнинæгты нымæц 3272-йæ фондз минмæ кæй схызт, скъолатæ 53-йæ 69-ы онг кæй фæфылдæр сты, уыдонæй 20 – дыууæкъласонтæ (йæ размæ 12 йеддæмæ нæ уыдысты). Уыдæттæ æххæстæй дзырдтой рæзты фæндагыл, уæлдайдæр Ирыстоны хæххон районты скъолаты.

Дзæуджыхъæуы епархиты училищеты советы Æрыдойнаг хайады разамынд, адæмы Аргъуанмæ бынтондæр чи сныхмæ кæна, ахуыргæнджыты ахæм архайдæй тæрсгæйæ, не сфидар кодта Хъодзайы-фырты мадзæлттæ, æмæ 1906 азы 16 августы Цæгат Ирыстоны аргъуанты скъолаты цæстдарæджы бахъуыд йæ куыст ныууадзын.

Уыимæ, йæ хъомылгæнинæгтæй нæ фæхицæн: 1907 – 1910 азты куыста историйы ахуыргæнæгæй Дзæуджыхъæуы нæлгоймæгты гимназы, уыд ахуыргæнæндоны педагогон советы уæнг. Уыцы рæстæг ма истори лæвæрдта Дзæуджыхъæуы сылгоймæгты 2-æм гимназы дæр.

1909 азы цензорæй акуыста газет «Хабар»-ы, 1911 азы та ацыд Хъубаны облæсты Таманы хайады горæт Темрюкмæ æмæ дыууæ азы уыд реалон училищейы ахуыргæнæг. Уый фæстæ сси Новгороды облæсты Боровичы уезды горæт Боровичы 2-аг участокы адæмон училищеты инспектор. Уæд, 1913 азы, рауагъта брошюрæ «Краткий очерк развития и падения крепостного права в России».

1915 азы йæ фæндаг ацыд Вологдайы губернийы Никольскы уезды горæт Никольскмæ. Уым куыста реалон училищейы директорæй, «надворный советник», зæгъгæ, ахæм граждайнаг цинимæ. Уыцы-иу

рæстæг уыд сылгоймæгты гимназы директор дæр, ахуыргæнæндоны педагогон советы сæргъы лæугæйæ.

1916 азы 5 ноябрæй 1917 азы 5 августмæ уыд Æддагон хъуыддæгты министрады Æндæрбæстаг динты департаменты вазыгджындæр хæслæвæрдты чиновник. Уæрæсейы империйы динтæм цæстдарæг ацы сæйраг паддзахадон уагдон уыд Петрограды. Уый фæстæ департамент лæвæрд æрцыд Рæстæгмæйы хицауады динты министрадмæ, æмæ ма уым не 'мзæххон бакуыста хæрзцыбыр рæстæг – 15 сентябрьмæ.

Дарддæр куыд цард æмæ кæм куыста, уый тыххæй ницыуал бæрæггæнæнтæ ис. М. Косвенæн мæхъхъæлон ахуыргонд Н. Ахриев куыд загъта, афтæмæй амард 1924 кæнæ 1925 азы, йæ хæстæджыты бæрæггæнæнтæм гæсгæ – 1925 азы.

Хъодзаты Алыксандр уыд XX æнусы райдайæны чырыстон рухстауæг интеллигенцийы ирддæр минæвæрттæй иу æмæ хъуамæ йæхи аккаг бынат бацахса Ирыстоны национ культурæ æмæ зонады историйы.

*Ирон æвзагмæ ТЪЕХТЫ Тамерланы тæлмац*







Хъодзаты Алыксандры чингуыты æддаг цъæрттæ. ЦИГСИИ-йы зонадон библиотекæ

*КУЧИТЫ Руслан*

# ФÆСТАГ ФЕМБÆЛД

Царды фæндæгтыл бирæ фæзилæнтæ ис. Уыдон хаттæй-хатт вæййынц æгæрон гуыргъахъхъ æмæ тæссаг. Мæ фыд, Уæрæсейы сгуыхт ахуыргæнæг Кучиты Алыксандр, райгуырд Тибы, фæлæ 1920-æм азты бинонтæ ралыгъдысты Къостайыхъæумæ. Ноггуырд саби ма уыд, афтæмæй амард йæ мад Суанон. Фыд Максийы бахъуыд иунæгæй æхсæз сывæллоны хæссын. Фæлæ, дам, кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та – рæхуыст. Иу фæззыгон æхсæв ын мæхъхъæлы абырджытæ йæ бæх адавтой. Уæды заман-иу арæх уыдысты ахæм фыдракæндтæ. Къостайыхъæуы кæронæй цардысты Теркмæ хæстæг, æмæ сæм фыдгæнджытæ дæр, æвæццæгæн, уый тыххæй бахъавыдысты. Бæх афардæг кодтой Терчы сæрты Зилгæйы быдыртыл. Уæдæй фæстæмæ мæгуыр лæг скъæты æхсæвиуат кæнын райдыдта, тарстис, йæ бинонты дарæг хъуджы дæр ын куы адавой. Гъемæ фæззыгон уазал æхсæвты йæ рæуджытæй фæрынчын æмæ бирæ нал ахаста. Цардæй ахицæн, мæ фыдыл авд азы куы цыди, уæд. Лæппу рæзыдис зыбыты сидзæрæй æххормаг æмæ мæгуыр заман. Раст Къостайы загъдау, «Бын бауай, иунæг, дзыллæтæй иу лæг кæй нæ рæвдыдта!»

Раджы бамбæрста цардбæллон лæппу, йæ фидæн æрмæстдæр йæхицæй аразгæ кæй у. Йæ зæрдыл бадардта, йæ фыд ын йæ мæлæты размæ цы ныффæдзæхста, уый: «Хъусыс, лæппу, цæрынхъом суыдзынæ, æрмæстдæр фыдæбон кæнын куы базонай, уæд. Сахуыр кæн, райс хорз дæсныйад, æмæ уый фæрцы дæ къæхтыл слæудзынæ. Æз дыл мæ зæрдæ дарын».

Æмæ ахуыр кодта зæрдæргъæвдæй, рухсмæ тырнгæйæ. Фыццаг – хъæуы скъолайы, стæй – Дзæуджыхъæуы рабфачы, Педагогон институты. Советон паддзахад адæмыл аудыдта, æххуыс кодта, царды размæ чи тырныдта, уыцы мæгуыртæн, æндæра кæм бантыстаид сидзæр лæппуйæн ахуыргæнæг суæвын…

1939 азы каст фæцис институты физикон-математикон факультет, æмæ йæ кусынмæ арвыстой мæхъхъæлон хъæу Насыркорты скъоламæ. Йæ куыстмæ бæрнон цæстæй каст, адæмы раз йæхи уæзданæй æвдыста, æмæ йын хъæуы цæрджытæ дæр стыр аргъ кодтой. Уæдмæ

ӕрыгон лӕппуйӕн йӕ паддзахадон хӕс бафидыны афон ӕрцыд, ӕмӕ иу азы фӕстӕ барвӕндонӕй ацыд Сырх Ӕфсады рӕнхъытӕм. Акодтой йӕ Белоруссимӕ, рӕнмӕ хӕстӕг, горӕт Брест-Литовскмӕ. Уым ӕй ӕрӕййӕфта 1941 азы 22 июнь.

Ацы ран мӕ мысинӕгты чысыл фӕстӕмӕ раздӕхон. Тибы ма куы цардысты Кучитӕ, уӕд сывӕллон тынг бахӕлар йе 'мгар, йӕ хистӕр хо Катяйы бинонты кӕстӕртӕй иу – Челдыты Ильяимӕ. Уыдон цардысты Тибмӕ хӕстӕг хъӕу Згъилы (фӕстӕдӕр алыгъдысты Алагирмӕ). Лӕппутӕ рӕзыдысты, цыдысты кӕрӕдзимӕ, иумӕ-иу хъазыдысты. Афтӕмӕй баисты раст кӕнгӕ ӕфсымӕрты хуызӕн, уӕлдайдӕр та, Дзӕуджыхъӕуы иу институты ахуыр кӕнын куы райдыдтой, уӕд. Куыд бамбӕрстон, афтӕмӕй Ильяйы уыцы ахуырмӕ дӕр сразӕнгард кодта Алыксандр. Уый мӕхъхъӕлмӕ кусынмӕ куы арвыстой, уӕд уыцы рӕстӕг Илья та райдыдта кусын Алагиры скъолайы кӕстӕр кълӕсты ахуыргӕнӕгӕй, ӕмӕ лӕппутӕ иуцасдӕр фӕхицӕн сты. Мӕ фыд ӕфсадмӕ куы ацыд, уӕдӕй фӕстӕмӕ йӕм йӕ кӕнгӕ ӕфсымӕр Ильяйӕ ницыуал хабар уыд, нӕ зыдта, кӕм ис ӕмӕ цы кусы.

Алыксандр-иу куыд дзырдта, афтӕмӕй уыдтой, арӕны фале немыц сӕхи рӕвдзытӕ кӕнынц, сӕхи 'хсӕн дзырдтой, хӕсты райдианмӕ бирӕ кӕй нал ис. Мӕ фыд уыдис хуымӕтӕг фистӕгӕфсӕддон. Уӕлдӕр ахуырад ӕм кӕй уыдис, уый тыххӕй йӕ афицерты ахуыртӕм арвитынмӕ хъавыдысты, фӕлӕ уӕдмӕ хӕст райдыдта. Фыдуац сӕ ӕрӕййӕфта быдырон ахуырты, ӕмӕ уырдыгӕй сӕрдыгон тӕвд бон фӕдисы цыд фистӕгӕй ракодтой се 'фсӕддон хаймӕ. Иу ран иннӕ ӕфсӕддон хайы салдӕттимӕ баиу сты, сӕ фӕллад уадзынмӕ куы ӕрбадтысты, уӕд. Уалынмӕ мӕ фыдӕн, тамако дымгӕйӕ, ӕнӕнхъӕлӕджы йӕ хъустыл ауад цавӕрдӕр зонгӕ хъӕлӕс. Командир хъӕрӕй сидтис йӕ дӕлбар ӕфсӕддонтӕм. Лӕппуйӕн йӕ буар уылынгтӕ абадтис, афтӕ ӕхсызгон ӕмӕ зӕрдӕмӕ хӕстӕг уыдысты уыцы дзырдты мыртӕ. Фӕгӕпп кодта йӕ бынатӕй ӕмӕ атындзыдта, хъӕлӕс кӕцӕй хъуыста, уыцырдӕм. Ӕмӕ дын мӕнӕ диссаг! Йӕ разы – Челдыты Илья лейтенанты уӕлӕдарӕсы команды кӕны йӕ взводӕн. Фыр дисӕй иу уысм ӕдзӕмӕй алӕууыдысты дыууӕ ироны, стӕй зӕрдиаг хъӕбыс ныккодтой кӕрӕдзийӕн: «Куыд? Кӕцӕй? Кӕм дӕ?» Куыд рабӕрӕг, афтӕмӕй Ильяйы ӕфсады рӕнхъытӕм акодтой Алагирӕй ӕмӕ йӕ службӕмӕ снысан кодтой Бресты фидармӕ.

Цалдæр минуты ахаста сæ адджын ныхас. Ныфсытæ бавæрдтой кæрæдзийæн, ныр зондзыстæм, кæцы рæтты стæм æмæ фæстæдæр бæстондæр аныхас кæндзыстæм, зæгъгæ. Цæмæй йæ æмбæрстой уæд, цы карз, цы æгъатыр мæлæтдзаг хæст райдыдта, цы хъизæмар æмæ стыр фыдбылызтæ æрхæсдзæн нæ адæмæн. Уый уыдис кæнгæ æфсымæртæн сæ фæстаг фембæлд. Лейтенант Челдыты Илья æбæрæгæй фесæфт Бресты фидары хъæбатыр хъахъхъæнджытимæ. Ирон лæджы ном æмæ кад нæ фæчъизи кодта, кæронмæ сæ фæхаста.

Кучиты Алыксандр та ма хæцыдис дарддæр знаджы ныхмæ æмæ хæстоны хъысмæт æххæстæй бавзæрста. Фæстæдæр ын знаджы сармадзаны нæмыджы схъис йæ фад ныппырх кодта, æмæ йæ госпитæлты фæрахау-бахау кæныны фæстæ 1943 азы дыууæ лæдзæджы æнцой рарвыстой Ирыстонмæ.

Къостайыхъæуы скъолайæ йæм фæдзырдтой, æмæ уым райдыдта кусын ахуыргæнæгæй. 1947 азы бинонты хъуыддаг бакодта алагираг Лолаты мыггагимæ, æмæ афæдзы фæстæ ралыгъдысты Алагирмæ. Уырдæм Алыксандрмæ кусынмæ фæсидт йæ рагон хæлар, Алагиры дыккæгæм скъолайы директор Боциты Кирилл. Кæд къахы фадæн йæ раст æмбис нал уыд, уæддæр хъæдгом сындæггай байгас, лæг фыццаг иу лæдзæгимæ, стæй æнæ лæдзæгæй цæуын райдыдта. Алагиры районойы, 2-æм, стæй та 3-æм скъолайы фæкуыста йæ царды фæстаг бонмæ. Йæ къухæй бирæ зындгонд, кадджын æмæ ахуыргонд адæм рацыд, абон дæр ын æрымысынц йæ ном. Хорзæхджынгонд æрцыд Сырх Тырысайы орденæй, Адæмон ахуырады отличникы нысанæй, Уæрæсейы сгуыхт ахуыргæнæджы номæй æмæ цалдæр майданæй.

Нæ фыд арæх мысыд йе ‘дзард æрдхорды, фыста кæдæмдæрты, кæм ныгæд ис, уый базонынæн. Фæлæ дзы ницы бацис йæ бон сбæрæг кæнын. Йæхæдæг 1983 азы æнæнхъæлæджы ахицæн ацы дунейæ. Интернет куы фæзынд, уæд райдыдтон агурын Ильяйы фæд. Сбæрæг, уым, Бресты фидарæн йæхимидæг, хъæбатырæй кæй фæмард, уый.

…Бынтон стæмтæ ма баззад нæ хъайтар хæстонтæй, æмæ се ‘ппæт дæр сæ бинонты фæндиаг Хуыцауы уазæг уæнт. Хъуамæ сыл аудæм нæ мыггæгты, сыхбæсты, æхсæнады мидæг. Уыимæ, махæй, стæй нæ кæстæртæй дæр хъуамæ рох ма уой, хæсты быдыры адæмы сæраппонд йæ цард чи радта, карз тохы йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, уыцы зынгхуыст хæстонты нæмттæ.

*ГУСАЛТЫ Барис*

# УЫГÆРДТÆ

*Этюдтæ**

## ХЪУЫДЫ – ДЗÆГЪÆЛ ГÆРАХÆЙ

Лæг йæхæдæг йæхицæн кæд фæзоны, æмæ æз дæр кæдæй нырмæ фыдæбон кæнын журнал «Мах дуг»-ы, кæдæй!

Æмæ дын иу зындгонд-хъуыстгонд фыссæджы фыстыты гуымиры рæдыд фæфиппайдтон. Сраст æй кодтон. Гъемæ мын уыцы фыссæджы цурты ацæуæн нал уыд – мæ цæстмæ мын æй дардта æмæ дардта:

– Дзæгъæл гæрахæй ды дæр сгуыхт цуанон басгуыхтæ!

Мæлæты арæхст февнæлд нæу рагæй нырмæ зындгонд ныхæстæ зыгъуыммæ фæфæлдахын, фæлæ уæддæр…

Бæхджын, дам, фистæджы рыст не ‘мбары, æфсæст та – æххормаджы.

У афтæ? У!

Фæлæ дын æз афтæ куы фæрæвдз уаин:

– Уым диссагæй ницы ис, диссаг æмæ фидиссаг уый у, æмæ æххормаг иннæ æххормаджы хъынцъым кæй не ‘мбары! Фистæг та – иннæ фистæджы…

Æфсæстытæй та иу дæр ахæм фаг æфсæст нæ разыны, æмæ йæхицæй æфсæстдæрмæ хæлæгæй ма мæла. Милуанджын ома миллиарджынмæ.

Афтæмæй та ис иунæг хæлæггаг æууæл: йæхи хидвæллойæ æмæ æнæнизæй цæрæг чи у йæ бинонтимæ, уый цард.

Стæй ма афтæ дæр: цас фылдæр цæрыс, уыйас дæ зæрдæмæ адæм дæр æмæ цард дæр къаддæр цæуынц. Бастайыс, бафæллайыс, стыхсыс…

Æмæ – рæдийыс: цы амондджын сахаттæ дзы бавзæрстай, уыдон дын сты иуæй иннæмæ Хуыцауы лæвар æцæг цард, дæ мæстытæ та – адæм æмæ дæхи азар.

*Райдайæн 2022 азы фыццаг æмæ цыппæрæм номырты

# ЧЫЗДЖЫ РИС – ÆППÆТЫ РИССАГДÆР

Ныххæццæ сæ хъæумæ «маршруткæйы». Æрхызт дзы. Æмæ, фæндаджы сæрты куыд фæцæйцыд, афтæ йæ, джип кæй хонынц, фыдбылызы джиппы уагъд уæззау хæдтулгæ, уый смыхъхъ ласта тæхгæ-тæхыны.

Афтæмæй та хъуамæ уый, иугæр адæмы ласæг хæдтулгæ уыны йæ разæй æрлæугæйæ, уæд æрлæууа æмæ банхъæлмæ кæса, чи дзы рахиза, уыдон ын йæ фæндаг кæд фæсæрибар кæндзысты, уымæ.

Бирæтæ ‘рлæууынц, фæлæ уæддæр фæтæрсыс, сæ фæсте иннæ куы рагæпп ласа æмæ дæ йæ хъæлæсы куы ахæсса, уымæй. Дзæгъæлы нæ фæтæрсыс: рагæпп ласынц, нæ сæ февдæлы æгъдау дæттынмæ…

О, æмæ уыцы джип кæй ныффæртт ласта йæ тых-йæ бонæй, уый мæ хорз зонгæ чызг разынд – киносценарист Индирæ.

Афтæ мын фæрыст йæ æвирхъау, уæнгсæстытæгæнæг цæф, æмæ мæхи куыддæр æнæсахъатæй нал æнкъардтон. Иу хорз, æмæ йæ чи сцавта, уый дзыхълæуд фæкодта, аскъæфта йæ рынчындонмæ, стæй, цыдæриддæр хардзæй хъуыд чызджы йæ сæстытæ къæхтыл слæууын кæнынмæ, уыдон йæхимæ райста. Йæ ракæндыл фæсмойнагæй…

Хуыцауæй разы, бампъызта, баныхæста дæсныты-дæсныдæр дохтыр Хъазыбег Индирæйы цæфтæ æмæ стæгсæстытæ.

…Редакцимæ нæм-иу стæмхатт æрбауад иу хæрзконд æмæ рæсугъд, стæй куыд рабæрæг, афтæ зондджын чызг. Хорз цыдæртæ ныффыста Токаты Алиханы иу зындгонд æмдзæвгæйы тыххæй – йæхирдыгонау.

Ныммыхуыр ын кодтам йæ хъуыдытæ, хатдзæгтæ. Фæлæ йæ гонорар дæр нал райста: сæ сыхаг хъæуæй йæ хæстæджытæй куыд здæхт, афтæ, дам, кæйдæр хæдтулгæйы бабадт æмæ… Æмæ – доны къусы сæфт фæкодта кæйдæр хорз лæппуйы хорз амонды чызг…

Бирæ азты фæстæ дæр мæ нæ рох кæны уыцы цау, мæ цæстытыл та ауайы уыцы суинаг хорз мад æмæ та…

# АУ, АХÆМТÆ ДÆР РАЗЫНА…

Бон-изæрмæ, изæрæй-бонмæ кусæг «Осетия-Ирыстон» къорд ахъаззаг равдыстыл бацархайы – æхсызгонæй сæм бакæсын, фæлæ

– хатыр, Батыр! – нымайгæ сæ нæ кæндзынæн. Уæдæ цауд равдыстыты номхыгъд саразинаг дæр нæ дæн, æрмæст уый зæгъдзынæн, уый дæр уал, фыццаджыдæр, мæхицæн, æмæ дзы нæбæззондæр нæй, литературæйы тыххæй дзы цытæ вæййы, уыдонæй.

Æмæ дзы чи нæ фæдзуры уыцы барджынæй йæхи тыххæй дæр æмæ, æмткæй, аив литературæ цавæр у, ууыл дæр! Мæнæ ма чысыл раздæр æцæг фысджытæ «сæ цæхæрадонмæ» кауы сæрты кæсын дæр кæй нæ уагътой, уыдон абон уым, телеуынæны, фæрæбинаг сты. Æцæгдæр: чырæ фæстæрдæм раздæхт, æмæ къуылых теуатæ фæразæй сты. Науæд та нæхи ирон æмбисонд, æдзæрæг хъæуы рувас – æлдар, зæгъгæ.

О, хæлæгæй мардау дæн, уымæн æмæ мæн нæ хонынц нæдæр ныхасмæ, нæдæр зондæй фæрсынмæ. Фæлæ…

Фæлæ – цы хорз у! Раджы сæ бафæдзæхстон (уартæ ма дзы курдиатджын Хостыхъоты Ирæ куы куыста, уæд, ТВ, мауал мæ-иу бацагурут, зæгъгæ.)

Æргом ныхас-иу кодтам, цас æргом дзурæн уыд уæд… «Гласность»-ы рæстæджы, æмæ – цы? Ницы.

Æргом критикæ кодтам, литературон аив дзырды хъæстæ кæм нæ уыд, уыцы уацмыстæ, æмæ – цы? Ницы. Сæ автортæ ма-иу суанг премитæ æмæ кадджын нæмтты аккаг дæр фесты. Æрыгон фæлтæр та цыма халæттæй уæлдай не сты: кæрæдзи цæст нæ къахынц хиуарзонæй, хистæр сæ чи у, туттæй сæрхъил, уыдонмæ та уæндгæ цыма нæ кæнынц. Урсæй урс нæ зæгъынц, сауæй – сау. Тъаран дæр сын дзидзайы кад цыма тæры, уыйау…

О, раздæхон ма «Осетия-Ирыстон»-мæ. Рекламæ та сын куыд нæу пайдайаг, фæлæ дзы мæнæ дыууæ – æртæ рекламæмæ хъусын мæ бон куы нал у дæргъвæтин рæстæг: куыддæр сын сæ фыццаг ныхæстæ айхъусын, афтæ ‘ндæр равдыстытæм алидзын. Лæг ма, дам, мыд хæрынæй дæр куы сфæлмæцы…

Фæлæ та, ау, ахæмтæ дæр разына, æмæ уыцы рекламæтæм дæр æдзух зæрдиагæй чи байхъусы райдианæй кæронмæ? Разындзæн, уæдæ нæ – æнæсахъат сты сæ нервытæ…

Ам мæ зæрдыл мæ мад Замирæты иу миниуæг æрбалæууыд: газет «Рæстдзинад» бирæ азты иста. Кæсын та-иу æй кæд æмæ райдыдта – æрвылхатт дæр! – йæ сæрæвæрæн сидтæй: «Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!» Стæй та – сæргонд дæр æмæ уым дæлæмæ йæ телефонты онг.

Фæрсын æй иуахæмы:

– Мама, цæмæн æй афтæ кæсыс æппынæдзух суанг йæ фыццаг рæнхъæй йæ къæдзилмæ?!

– Мæгъа… Кæд, зæгъын, сæ иугæндзон сидт аивтой, стæй ма ‘ндæр истытæ дæр…

Æмæ куыд æнхъæлут? Æрцыд, ныллæууыд, нæ фыдфынты дæр æнхъæл кæмæн нæ уыдыстæм, уыцы ‘мбисонды, уыцы диссаджы, уыцы цардивæн фæфæлдæхты, фæсæрбихъуыройы фæсмæр бон дæр! Пролетартæ иу нæ баисты æмхæццæ фыстау, фæлæ бынтондæр фæйнæрдæм фæхæлиу-фæпырх сты рынæй лидзæгау. Ноджы алы бæстæты пролетартæ дæр нæ – «которым нечего терять, кроме своих цепей», фæлæ егъау Советон Бæстæйы æфсымæрон кусджытæ, зæхкусджытæ æмæ адæмон интеллигенцитæ дæр ма!

Цы цæхджын æмæ дудгæ сайд ныл æрцыд уæлæуон дзæнæт коммунизмæй, цы! Æмæ кæд уымæн, æмæ та ам дæр раст разынд А.С.Пушкин: «Сам обманываться рад…»

Маркс-Энгельсы сидты хал ахæрдзæн, ау, Къостайы тугæй фыст фæдзæхст дæр, кæрæдзи уарзгæйæ цæрут, ме ‘фсымæртæ, зæгъгæ? Ау, царды уагъд никуы ‘рцæудзысты, «Рæстдзинад»-ы раздæры сæргоппы бæсты чи фæзынд, уыдон дæр:

*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

Пушкин загъта, поэт, дам, чысыл «глуповат» цыдæр цыма уа, æз та йын йæ ныхæстæм афтæ бафтауин: хъуамæ уа сонт, наивон, æндæр æй куыд нæ фæзоны, æмæ абон ницы хуызы, фæлæ, бæргæ, дард фидæны уæддæр куы бауарзиккой кæрæдзи «парни всей Земли» æфсымæртау æмæ уыцы уагыл куы раттиккой сæ къухтæ кæрæдзимæ. Стæй…

Стæй-иу йæ дзырд чи нæ фæсайа алы ‘фсæнттæй, йæ хæлары знагæй йæхицæн сойвых лымæн акæнгæйæ, уыдон дæр. Бирæ фæзилæнтæ ис æмгарад, æфсымæрад, хæларадтæн. Куыд хорз сæ ранымадтой уартæ кæддæрты араббæгтæ:

*Мæ хæлары хæлар – мæ хæлар.*
*Ме знаджы знаг – мæ хæлар.*
*Мæ хæлары знаг – ме знаг.*

*Ме знаджы хæлар – ме знаг.*
*Мæ хæлары знаджы знаг – мæ хæлар.*

Фæлæ, дам, лæгæн йе зноны хæларæй цыфыддæр знаг зын ссарæн у…

И-йæх-х!

Æппæтæй æнувыддæр чи хъуамæ уаид кæрæдзийыл, уый – «братья по перу». Фæлæ «в круг, сходясь, оплевывают друг друга». Сæ курдиæттæм гæсгæ дæр æмсæр вæййынц, уæддæр сæ мыды къæм бахауы, удыхъæдæй æмхуызон хъæздыг æмæ фæрнджын кæй нæ разынынц, уый азарæй. Æз иу лæгæй уыцы зондыл хæст дæн, æмæ йын айдагъдæр ахæм æфсон зонын. Бирæ ахады хæдзарвæндаг дæр дыууæйы ‘хсæн ахастыты…

Цы æнусон марой у, цы тугхалæн хъынцъым æмæ удхар у æвзонг, фæлæ цардвæлтæрд М.Ю. Лермонтовы фæдисхъæр, зæгъгæ, дам, «некому руку подать в минуту душевной невзгоды».

Фæлæ – разыны!

Разыны, Хуыцау уарзæгойæ цы адæмы сфæлдыста, уыдоны ‘хсæн! Кæд, дам, Библи куыд зæгъы, афтæмæй, Хуыцау фæфæсмон кодта, адæймаджы кæй сфæлдыста, ууыл, уæддæр!

Нæ йæ зонын, кæд фыссæг-графоман вæййы амондджын, æндæр, Шамилы загъдау, чиныгæн йæ ныффыссын уыйас фæллойаг зын нæ вæййы, йæ рауадзын æмæ йæ чиныгкæсæгмæ фæхæццæ кæнын куыд зæрдæхалæн масты хос свæййы. Байуарыс æй лæвар, æхсызгонæй дæр дын æй айсдзысты, ноджы ма автографимæ, фæлæ дæ никуы фæуырны, кæй дын æй рафæлдахдзысты æмæ бакæсдзысты, уый. Иуæй, кæй ма æвдæлы чингуытæ кæсынмæ, иннæмæй та… Нæ зонынц кæсын, нæ! Ома, чиныгæн аивадон аргъгæнгæйæ, кæсын.

Иуахæмы дын мæ нæ сыхæгтæ Биасты ус Валентинæ, дохтыр, дисы бафтыдта – æрурæдта мæ æмæ мын афтæ:

– Бакастæн дын де статья. Какой у тебя слог!

– Цы бакастæ?

– Газеты дæ фыст. Уырыссагау…

«Слог», зæгъгæ, кæй фæбæлвырд кодта йæ аргъгонд, уый мын, ау, куыд нæ фехсызгон, мæнæ дзырды ад æмбары-хаты, зæгъгæ, фæлæ, дам мын иронау кæсын та тынг зын у…

Фæлæ ма мын кæд кæцыдæр æрхæндæг сахат исчи амондæмсæр цин æрхаста, уæд иу лæппулæг Хъазыбег, сæрмагонд куыстуаты инспектор. Уый мын иу зæрдиагæй агуырдта мæ фæстаг чиныг, стæй йæ иу зæрдæбынæй æмæ – æмбаргæйæ! – бакаст æмæ… æмæ… О, уымæй размæ дæр бакаст мæ чингуытæй кæцыдæрты.

Бирæтæ кæд нæ, уæддæр æй фысджытæй чидæртæ зонынц, куыд зын вæййы лæгæн æппæлæн ныхæстæм хъусын, уый. Хъазыбег та мын уромын дæр нал куымдта, æгас, зæгъын ма дæн, уанцон æппæлд мæ нæу… Афтæмæй иу бæрæг кæйдæр уац дæр бакаст «Рæстдзинад»-ы, мæн дæрæсхæрæнгæнæг уац.

Цæй сусæггаг у, критикæйæн дæр фæразын, быхсын кæй хъæуы, уый. Рæстмæ йæ ‘мбаргæйæ дæр. Фæлæ критикæ æргом хахуыртау куы уа, литературон критикæ куынæ уа, цыдæр мастисæн куы уа уацы уацау, уæд та уый Зоилы байзæддæгты сфæлдыстадау у.

## НАРТХОРЫ ÆФСИР

Ацы зонынджын фыдæлтæ, ацы! Цы цырддзаст, цы къæрцхъус, цы алцы фиппайаг уыдысты, цы!

Дæ цары дын кæфойы дзаг нартхор куынæ зоной, уæд дын æфстау иу æфсир ничи ратдзæн, – уый дæр та иу се ‘мбисæндтæй рухсы бадинаг фыдæлтæн, сæ фæлтæрд зонды гуырæнтæй рантысгæ ныхас.

Хæдхæцæг паддзахады заман дæр-иу куыд не скодта æххормаг азтæ, фæлæ цыма сæ тæккæ бæллæхджынæй советон дуджы уыдысты: ссæдзæм æнусы ссæдзæм азты райдианы, стæй та æртынæм азты райдианы æмæ цыппор æхсæзæм – æвдæм азы цыма…

Мæ тæккæ рæзгæ сабийæ бадын нæ тыргъты æмæ кæуын, дзурын уыцы хуызæнæй мæ фыдымадмæ:

– Дыдта, æххормаг мын у, хæмпъалæ мæ хъæуы!

Хæлтъамæ мах хæмпъалæ, зæгъгæ, дзырдтам, стæй гæды та гæди хонæм – уый Зилгæйы.

Алы лыстæг хабæрттæ ма бæстон-бæлвырдæй кæцæй хъуыды кæнын, фæлæ мын Дыдта мæ мæллæг къухыл ныххæцыд æмæ мæ не стыр уынджы – Хуры Сыхы хæдзари-хæдзар зилгæ фæкæны. Сæхæдæг дæр махæй цæрæгдæр бинонтæ нæ уыдысты, æмæ нын чи цы рауæлдай кодтаид!..

Фælæ нын Кодзырты Уырысби æмæ Бечырбийы мад Дади урс нартхоры иу стыр æфсир радта. Уый уыдаид иу фынддæс æмæ æртиссæдз азы размæ – нæй йын мæ фæстаг бонмæ дæр ферох кæнæн. О, аңы цауы тыххæй ма фыстон æндæр хатт, мæ фыдымад æй куыд базгъæлста, цæкуытæ дзы куыд скодта, æрмгуыройæ йæ куыд æрыссадта æмæ дзы адджын къæлуа куыд скодта – мæ цæргæ-цæрæнбонты хæрзаддæр хæринаг.

Бечимæ та уыд æппаргæ хыз, уый – чысыл фæстæдæр, фондз азмæ ‘ввахс фæстæдæр, æндæр дзы уыцы æххормаг аз кæсæгтæ цæуылнæ ахста… О, æмæ куы бахъомылгомау дæн, уæд мæ-иу йемæ акодта: йæ уæлæдарæс ын тымбыл тыхтытæ æмæ бæстытæй хастон, стæй хæдзыл кондæй, цы кæсæгтæ-иу æрцахста, уыдон. Зилгæйы сæрмæ Нарæгæй-иу райдыдта йæ хыз æппарын æмæ йæ былгæронмæ хъавгæ-цадæггай ласын, стæй-иу, Цæугæдоны иу кæсагджын малæй иннæмæ цæугæйæ, уалæ Цæлыччы къанауы ауазæнмæ схæццæ стæм. Хуыдзых кæсæгтæй-иу нæ хыз байдзаг… Куыннæ мын дзы-иу радих кодта мæнæн дæр мæ хай.

Йæ хъазæн ныхас дæр ма йын бадардтон мæ зæрдыл:

– Дæуæй дæр, Мустæйы фырт, æмæ мæнæй дæр кæуылты дæсныдæр кæсагахсæг у далæ ме ‘рдхорд Мелыкаты Солæман: тебæйæ йын сурвыхæй иу кæсаг дæр нæ аирвæзы!

Ныр-иу кæсагдзуан та, ай-гъайдæр, райдзаст хур бонты кодта Бечи. Æмæ амондау куыд цæхæр калынц уыцы бонтæ дард ивгъуыд дугæй дæр, куыд! Раст ма Хуыцауæн дæр æвæджиауы адджын сабидугæй – кæй ис Хуыцау, уый нæ не ‘нæтæригъæдджын æмæ сыгъдæг удæй куы фæуырны, уæдыккон сабидугæй.

Æмæ, дам, æфстау…

Уый тыххæй дæр – æфстау дæттыны тыххæй дæр-иу къорд зондамонæг дзырдбæстытæ-ныхæстæ баззад фыдæлтæй.

– Дæ лымæнæн æфстау ратт æхца, æмæ сæ дыууæйæ дæр æнæ хай фæуыдзынæ (мæхиуыл æй бавзæрстон).

– Искæй уынын дæм кæд нал цæуы, уæд ын æхца суæлдай кæн æфстауы хуызы – арвы кæрæтты дæ лидздзæн.

– Æфстау кæйдæр æхцатæ райсыс, фидын та сæ дæхи фыдæбойнаг æхцатæй хъæуы.

– Хуыцау, хæсджынæй мæ ма амар!

– Дæ къухтæй æфстау ратт æмæ йæ агурæг дæ къæхтæй цу.

Фælæ рагæй-æрæгмæ дæр куыд нæ уыд ростовщиктæ дæр: ома, æхца пайда ‘рхæссыны охыл чи фæдæтты, ахæмтæ. Мæнæ нæхи дзырдарæхст ирон æвзагæй та бынтон хорз загъд у: «Йе ‘хца цот кæнынмæ радта».

Æрмæст та уæддæр æмæ уæддæр, цард цард у, æмæ, дам, «Фурд суадонмæ ‘фстаугур æрцыди», «Сызгъæрин дæр ма хæсагур фæцыд…»

Уæ, Хуыцау, адæймагæй цынæ хуызтæ сфæлдыстай, цымæ! Афтæмæй, дам æй Дæхи фисынтæ-нывтæ-фæлгонцыл куы скарстай æмæ дзы уд баулæфыдтæ!

Йæ фæстаг капекк дын чи рауæлдай кæна, ахæмтæ дæр ис, стæй дын дæ фæстаг капекк фæлывдæй чи асайа æмæ дæ сыдæй мæлгæ чи ныууадза, ахæмтæ дæр.

Фæлæ, дам, йæ мады зæнæг æфсымæрæй æхца дардта æмæ йæ… æмæ йæ амардта сау хъæды астæу, стæй йын йæхи ницызонæг скодта.

Ахуыргæнæгæй куыстон иу стыр хъæуы скъолайы, цæргæ дæр уым кæмдæр кодтон. Æрыгон ма уыдтæн æмæ-иу фæсивæдимæ волейболæй дæр хъазыдтæн. Тынг арæхстджын дзы уыд иу хъæуккаг лæппу – æдзух дыууæйæ иу къорды хъазыдыстæм, бахæлар стæм.

Аванс райстон æртæ туманы æмæ æртæ сомы. Æртæ туманы мын дзы уый стыр тыхстаг хъуыддагæн къуыри æмгъуыдмæ бацагуырдта. Æртæ сомы ‘вджид ма баззадтæн: уæдæй фæстæмæ уыцы хорз волейболист зæххы скъуыды аирвæзт…

Иу æххормаг поэт мын афтæ, буфеты, дам-ма, лæугæ-лæууыны фæйнæ ануазæм, скомдзаг кæнæм – мæ гæккуыри, дам, схауы фыр æххормагæй. Адаудтон ын йæ гуыбын. Уый дæр та мын афтæ:

– Къуыри æмгъуыдмæ ма мын фондз æмæ ссæдз сомы авæр… Уæдмæ гонорар райсдзынæн æмæ дын сæ…

Абон дæр ма исы уыцы гонорар…

Мæ рæбынтæ мын чи рамарзта дыууæ мæйы æмгъуыдмæ, уыцы æрдхорды хабар та бынтон æндæр рауад: йæ цары йын цалдæр кæфойы дзаг дæр ма зыдтон æфсиртæ. Фæлæ сæм банкмæ куы бацыд райсынмæ мæнæн йæ хæс бафидыны охыл, уæд ын уым загътой:

– Дæ чызг дын сæ фарон бахордта! Æууæнчы гæххæтт ын дæхæдæг радтай æмæ…

Иууылдæр хорз фæуæнт, цы хæсджынты кой нæма ракодтон, уыдонимæ. Ахæмты тыххæй дæр та хорз фæцарæхст ирон разагъды фыдæл:

– Фыдхæсджынæй фæнык райс æмæ йын æй йæ цæсты бакал!

Æрмæст мæм дзы уæддæр мæхицæй диссагдæр ничи кæсы: цалдæр фæсмойнаг рæдыды дæр мын зонды муры хос нæ басгуыхтысты! Зонын æй ацы лæджы, йæ сабибонтæй фæстæмæ йæ зонын. Йæ цард зылын-мылын фæзилæнтæй – æмыдзаг. Æмвынг вæййы хаттæй-хатт мемæ, цыдæртæ мын æххуыс дæр акæны, цæмæйдæрты йæ арæвдауын. Фæлæ та уымæн дæр мингæйттæ ‘фстау адих кæнын, стæй – цæгæр сæрæй цъутхал ратон.

Ныр мæм мæ улупайæ та æрмæст мæнмæ дæс мины ‘рхауы – абоны æбæркад æхцайæ уыдон мызд сты? Æмæ дын мын уый та афтæ, тынг æхсызгон, дам мæ дыууадæс мины хъæуы… æртæ мæйы æмгъуыдмæ.

Цы дæн, цымæ, цы?

Сфæйлыдтон мæ дзыппытæ æмæ йын сæ æрнымадтон!

Тагъд авд мæйы, æмæ сыл мæ къух ауыгътон.

Цы нæхæстæ ма ‘рцыд мæ хъустыл мæ иу хорз хæлары ‘рдыгæй:

– Цæмæй дыл хъуын æрхæца, уымæн бирæ зонд нæ хъæуы: адæмæй æфстæуттæ кур æмæ сæ алы ‘фсæнттæй ма здах фæстæмæ!

Иннæ та куыд фæцарæхст – сылгоймаг уæвгæйæ: январы кæмæй райста туман, уымæн æй бафиды, февралы цы туман бафтыд йæ къухы æфстауæй, уымæй. Æмæ афтæ – æнæхъæн аз… Æз иу ахæм хъæздыджы зонын, æмæ суари дæр, хуынкъ суари дæр, никæмæн ратдзæн. Хъæздыг дæр, дам, уымæн у.

Фæлæ мæм цæмæндæр йæ бафæзмын нæ цæуы. Æрмæст, уæ хорзæхæй, мачиуал ма мæ бацагурæд æфстау – мауал архайут мæн дæр мæрддзæст скæныныл!..

# ЗИАН

Фарстæуыд мæ иуахæмы:

– Кæдæм рараст дæ?

– Кæдæм куы зæгъай, уæд – зианмæ.

Сраст мæ кодта:

– Зианмæ нæ, фæлæ мардмæ. Мæрддзыгой фæцæуынц, зиандзыгой нæ фæлæ…

– Омæ карчы цъиу куы фесæфы, уæд ма уый дæр зиан куы у!

– Гъемæ, дам дыл æндæр зиан ма ‘рцæуæд, – нæ мæ уадзы уæддæр мæ фæндагыл.

– Æмæ адæймагæй дæр афтæ фæдзурынц, æндæр зиан дыл ма ‘рцæуæд, зæгъгæ?

– Не ‘мбæлы…

– Уæдæ æз дæр зианмæ цæуын. Чи амард, уый фæзиан. Чи фæзиан, уый амард. Иу мидис ис дыууæ дзырдæн дæр. Ды та буквоед дæ…

Зиан, дам, зианы æмбæрзы, маст æндæр мастæй рох кæны, фæлæ ахæм зиан æрцæуы, æмæ ‘рмæст хæдзары, мыггаджы, хъæубæсты зиан нæ, фæлæ æнæхъæн комбæсты зиан рауайы. Стæй ма уымæй кадджындæртæ дæр вæййы…

Фæлæ ацы царды цынæ фæзилæнтæ ис, цынæ! Амард хорз лæг. Æрмæст йæ зиан алкæмæн æмхуызон зиан нæ уыд: хæс дзы чи дардта, уымæн та пайдайы хос фæцис йæ зиан: гæххæтт дзы нæ бадомдта, æууæнкæй йын сси хæсдæттæг…

Уæдæ хæсисæджы зианыл дæр хъыггæнæг куыд нæ разыны:

– Фехъуыстай, дæ хъæуккæгтыл æнæнхъæлæджы цы зиан æрцыд, уый?

– Фехъуыстон. Фæлæ сæ фырты мардæй мæныл къаддæр зиан не ‘рцыд: мæ фараст милуаны – дон хиды бынты! Ома, цы хæс мæ дардта, уыдон.

Йæ хъыгыл ын бахъынцъым кæныны бæсты йын иннæ афтæ куы бакæнид, бахудгæйæ:

– Цæй, æндæр зиан дыл ма ‘рцæуæд! Дæуæн фараст милуаны сæфт цæйбæрц зæрдæхалæн сты, мæнæн уымæй хъыгдæр фараст туманы сæфт уаид…

– Искæмæн йæ сæр куы акъуыриккой, уæддæр та йын хъæбатыр ирон лæг зæгъид, цæй, æндæр зиан дыл ма ‘рцæуæд, зæгъгæ, – фæкодта ма фыццаг æмæ сæргуыбыр æмæ уæнтæхъилæй фæцæуæг…

# ХЫНЦФАРСТ

Зилгæ æмæ Заманхъул фыдæлтæй фæстæмæ æнувыд баст сты кæрæдзиуыл хæстæг арæхæй. Айдагъ мæ фыдымады хабар дæр фаг у бадисæн: уый куы фæрæстмæ Гусалты Данел-Хадзыйы фырт Солтанæн, куы фесгуыхт чындзы бирæ хæстæ æмæ зилæнтæй, уæд

мыггаджы иннæ усгуртæ дæр фæхæлоф кодтой Хъæстуаты иннæ чындздзон чызджытыл æмæ æнæхъæн авд цыдæр баисты зилгæйаг чындзытæй…

Гъемæ дын иуахæмы Гусалты хуындзауты Хъæстуаты лæппулæг йæ хойы тыххæй фæрсы:

– Æмæ уæдæ Блокка уемæ нæй?

– Нæй, Азырым, нæй.

– Æмæ уæдæ уæ хæдфæстæ дæр нæ фæзындзæн, нæ уæ æрбаййафдзæн ам?

– Нæ, æвæццæгæн…

– Æмæ уæдæ рацæуинаг дæр нæ уыд – фæндыд æй, фæлæ йæм сымах нæ банхъæлмæ кастыстут…

– Нæ уыд, нæ!

– Æмæ уын уæдæ уæ быгъдуан дæр зæгъинагæй ницы бакодта?

– Ницы…

– Æмæ йæм уæдæ абон ма ‘нхъæлмæ кæсон?

– Ма кæс.

– Кæд ын хорз нæ бамбарын кодтат, ардæм хуындзау цæуинаг кæй стут, уый…

– Бæлвырд æй зыдта.

– Æмæ уын уæдæ, ау, æппындæр ницы ныффæдзæхста?!

– Ныффæдзæхста: ме ‘фсымæр, дам уæ йæ хынцфарстæй схъуырмæ кæндзæн, фæлæ йæм ма смæсты ут!

– Уынут, уынут: куыд мыл мæт кæны! Æмæ уæдæ, кæд у æрбауаинаг, уый дæр уын нæ загъта?

– Загъта: кæд, дам мæ ме ‘фсымæры зианмæ равдæла…

– Уæдæ уый тагъд нæ уыдзæн!

– Гъемæ Хуыцауы дæр бафæндæд!

Ам ирон æмбисонд кæрцфæлдæхт фæцис:

– Хойы зæрдæ – хъæдмæ, æфсымæры зæрдæ та…

*Уыдзæн ма*



*ЕГАР*

## МӔ ФЫДӔН

*Хъӕбатыр хӕстонӕй*
*ирон лӕджы кадӕн*
*Ӕрхастай нывондӕн*
*дӕ рӕзинаг цард.*
*Дӕ фӕрцы стӕм абон*
*сӕрибарджын адӕм,*
*Нӕ къонаты судзы*
*ӕгъуыстаджы арт.*

*ХЪАЙТЫХЪТЫ Риммæ*

# УÆЛЛАГ ХОДЫ ХАБÆРТТÆ

Ход. Уæллаг Ход. Уæллаг Ход цæмæн? Уымæн, æмæ ардыгæй, хохæй, бирæ бинонтæ алыгъдысты быдырмæ. Æрбынат кодтой Салыгæрдæнæй Црауы астæу зæххытыл. Æмæ сæ ног цæрæнбынат схуыдтой Ходызæхх – уырыссагау æй хонынц Красный Ход. Фæлæ мæнæн мæ ныхасы сæр у Уæллаг Ход, Урс хохы рæбын, йæ бæрзæнд – 2300 метры, денджызы уæлвæзадимæ абаргæйæ. Ахæм уæлиау ран ма у Уæллаг Зджыд. Ирыстоны æндæр иу хъæу дæр нæй ацы дыууæ бынатæй уæлдæр.

Æз райгуырдтæн æмæ схъомыл дæн ам, Уæллаг Ходы, гуыргæ та ракодтон 1947 азы хуымгæнæны мæйы 7-æм бон. Мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæд дзы уыдис авд æмæ ссæдз хæдзары. Царди дзы авд мыггаджы: Гатетæ, Дзугкойтæ, Джерджытæ, Едзитæ, Саухалтæ, Созайтæ æмæ Хъайтыхътæ. Хъæуы равзæрды тыххæй мæ хистæртæ бирæ фæфыстой…

Ходы раздæры аргъуанæй скъола сарæзтой, æмæ каст фæдæн 4 къласы, стæй та – Садоны скъола-интернат, æмæ афтæ дарддæр. Ныхас мæныл нæ цæуы…

Ход! Æвæдза, цас диссæгтæ ма æмбæхсыс абон дæр!.. Эхх, куыд фæсмон кæнын – куыд никуы афыстон гæххæттыл мæ куырыхон хистæрты таурæгътæй иу-дыууæ уæддæр! Уыдонылл, мæ хæдзары хистæртыл, мæ ныхас фæстæдæр…

Рагæй дæр, суанг чысылæй, алцæмæ дæр цымыдис уыдтæн, алцыдæр мæ зонын фæндыд – мæнæ ам, æмæ – ныртæккæ! Иухатт нæ хæххон хъæуы федтон диссаг! Сæрд. Тынг къæвдатæ фæцыд. Æмæ дын иуизæр родты æрыздахын Дыууæ цырты астæуæй (афтæ хуыйны Ходы уæлмæрдтæй æрхизæн бынат). Кæсын, æмæ Дзугкойты сыхы уæллаг фарс, змис æмæ хуыр дон кæм фæласта, уым – стыр дзыхъхъ, уæрмы хуызæн, къæйдур дзы ныхъхъил, йæ алыварс та – адæймаджы стджытæ! Куыд нæ фæтарстаин? – уæд ма хæрз æрыгон уыдтæн. Бинонтæн æй рахабар кодтон. Баба загъта: «Тæккæ райсом ацæут, дыууæ кæрдзыны ныххæлар кæнут, æмæ уыцы дзыхъхъ сæхгæнут!..»

Баба – Хъайтыхъты Хадæхцыхъойы фараст фыртæй иу – Берды. Райгуырди 1869 азы, æмæ ацы дунейæ та ахицæн 1969 азы. Ома, Ленинæй уыди афæдз, Сталинæй та – 9 азы хистæр. Фæцарди 100 азы. Никуы йæ федтон сæйгæ, хуысгæ. Æрмæст фæстаг æртæ азы цæстæй дзæбæх нал уыдта. Бирæ азты фæкуыста фыййауæй, Ходы Уыналы Дзержинскийы номыл къæлхоз фыстæ куы дардта, уæд…

Кæддæр мын иу æнахуыр хабар ракодта мæ дзæбæх фыдыфыд йæ фыййауы цардæй. Ходы ‘фцæгæй куы акæсай, уæд уым, Урс хохы цæгатварс, иууылдæр у тархъæд, бæлæстæ, суадæттæ, фосхизæнтæ. Махмæ йæ Саухъæд хонынц. Ардыгæй армы æвæрдау зынынц быдыры хъæутæ: Црау, Урсдон, Сындзыхъæу æмæ а.д. Уæдæ дзы уыгæрдæнтæ дæр – хæрх! Гъемæ, Хъайтыхъты Берды уым хызта фысты дзуг. Фæссихор фос æфсæстæй ривæд кæнынц. Хъусын, æмæ, дам, кæцæйдæр хъуысы зæрдæхалæн уынæргъын, хъæрзын. Ай цы диссаг уа, зæгъгæ, фæлтæрд фыййау сабыргай бацыд, бæлæсты къалиутыл фæйнæрдæм ахæцыд. Кæсы, æмæ бæласы æмбыд бындзæфхадыл йæ фæстæгтыл бады хохы йас арс, йæ дынджыр дзæмбыйæ йæ рахиз русыл хæцы æмæ дзыназы. Фыййау æм сабыргай лæгъстæгæнгæ бацыд, кæсы йын йæ сыгæйдзаг цæстытæм. Стæй лæг сырды къах сындæггай аиуварс кодта. Кæсы, æмæ арсы русы сындз ныссагъди, схæф и… Уæд Хуыцауыскond лæг арсы йæ низæй фервæзын кодта, йæ хъæдгом ын таводæй байсæрста. Арс, дам, цæрдæг фестад, иу каст ма фæкодта, стæй тархъæды афардæг…

Диссаг уыди, æвæдза, мæ бабайы хъысмæт! Уырыссаг-туркаг хæсты архайдта, æмæ уацары бахауд Туркмæ. Уырдыгæй ралидзынæн ын баххуыс кодта йе ‘рдхорд – цæцæйнаг лæппу Руслан. Æмæ Берды фистæгæй, хæхтыл, æрбацыд нæхимæ. Мæ къæхтæ, дам, стæппæлттæ сты, æрчъитæ дуртыл ныппырх сты…

Иубон Хъайтыхъы-фырт йе ‘рдхорд лæппуимæ бæхтыл æрбацæйцыдысты. Кæсынц, æмæ иу рæхснæг рæсугъд чызг йе ‘фсымæртимæ хос ссивы. Берды йе ‘мбалимæ асусу-бусутæ кодта, æмæ, æфсымæртæ сæ хойæ гыццыл куы фæиппæрд сты, уæд чызджы рафардæг кодтой. «Мæ иу къах, дам, иу бæхы æгъдæнцойы ныссагъд, мæхæдæг та – æрдхорды хъæбысы. Хуыцау хорз, æмæ бæхтæ фæрсæй-фæрстæм згъордтой», – дзырдта-иу мын мæ нана Едзаты Цобайы чызг Адæсе.

Уый йæ мойæ уыдис дыууæ азы кæстæр. Фæцардысты «а» æмæ «о»-йæ зæронды бонмæ. Сæ царды кæронмæ æз ацы дыууæ уды никуы федтон, фехъуыстон хылгæнгæ, хъæр ныхас, искæй кой кæнгæ. Цыфæнды ахсджиаг фарстатæ дæр лыг кодтой, уæзданæй. Кæрæдзи комкоммæ-иу æрбадтысты æмæ сабыræй ныхас кодтой алцæуыл дæр. Мæ нана ацы дунейæ ахицæн 1960 азы, бабайæ 9 азы раздæр.

Афтæ мачи банхъæлæд, æмæ мын куыст ницы ис, æмæ мæ бинонты хабæрттæ кæнын. Æз æрхæссынмæ хъавын цалдæр дæнцæджы сæ удыхъæдæй. Цæвиттон, Берды æмæ Адæсейæн дунемæ рантыст авд лæппуйы æмæ дыууæ чызджы. Фæлæ хистæр essential кармæ æрхæццæ сты чызджытæ: Солинка æмæ Варæ. Ме ‘дзард фыд æмæ йæ фаззон æфсымæр дæр хæстæй цæфтæй бæргæ раирвæзтысты, 22-аздзыдтæй. Фæлæ Алагиры хæстон комиссарады къамисы куы ацыдысты, уæд, фæстæмæ здæхгæйæ, уæзласæн хæдтулгæ Тæмисчъы цур донмæ ныххауд, æмæ Мисгæ уым фæмард, йæ фаззон, мæ фыд Васгæйæн та йæ цæф къух ногæй асаст.

Чысыл 5 сабийæ иу, Гæстæнти – амарди 3-аздзыдæй дзуарæй. Фæкуыдтой адæм, бавæрдтой сывæллоны. Ныр хъæугæрон, Созайтæ та æртæ боны размæ чындз æрхастой. Махмæ, Ходы, чындзы донмæ фæкæнынц: хъæлдзæгæй, фæндырдзæгъдгæ, чындзыл – чындздзон дзауматæ, семæ – кувинæгтæ æмæ а.д. Гъемæ, ацы Созайтæ, мæ мадырвадæлтæ, Адæсейæ æфсæрмы кæнгæйæ, сæ чындзы донмæ кæнынмæ нæ хъавыдысты. Фæлæ зиан куы бавæрдтой, уæд дыккаг бон мæ сызгъæрин нана Созайтæм бамидæг, æркуырдта бæгæныйы къус æмæ кувынтæ райдыдта… Устытæ лæууынц, фегуыппæг сты, цы кæной, уый нал зонынц… Адæсе, дам, йæ фондз сабийы фæстæ сæрæй фæкуыддæр, зæгъгæ, сæ къæмисæнтæм амонынц. Акуывта, къус авæрдта, стæй фæндыр æрбайста æмæ … æрцагъта! Стæй, дам, æрæвæрдта фæндыр, æмæ загъта: «Цин æмæ зиан æфсымæртæ сты, мæ хуртæ! Уæртæ къуымы цы ног чындз лæууы, уый цы аххосджын у мæ хъæбулы сæфты? Ныртæккæ йын йæ дзаумæттæ скæнут æмæ кувинæгтимæ мæ фæстæ – Къохцамæ. Йæхæдæг сæ разæй æд фæндыр фæраст и… Цымæ, уыдæттæн цавæр зæрдæ хъуыди?.. Ацы хабæрттæ-иу мын арæх дзырдтой нæ хъæуы устытæ…

Æвæдза, диссаг у сывæллоны зæрдæргъæвддзинад! Æз 6-мæйдзыдæй баззадтæн сидзæрæй – ахицæн сты мæ ныййарджытæ. Ходы,

дам, нын не стуры дæ мад хуыдтой, дзырдта-иу мын мæ фыдымад. Мæн хъомыл кодтой дыууæ зæронды. Мæ хæствæллад фыд сахъат цонгимæ уæд куыста Уæллаг Зджыды скъолайы ирон æвзаг æмæ физкультурæйы ахуыргæнæгæй. Хæсты фæстæ кæм фаг кодта ахуыргæнджытæ? Гъемæ, Васгæ уым базонгæ лæцаг рæсугъд чызг – Хадыхъаты Гацыры чызг Варæимæ, скодтой чындзæхсæв. Фæлæ сæ куыстмæ гæсгæ уыдон цардысты Зджыды. Уæдмæ сын 1951 азы Джеоргуыбайы мæйы 21-æм бон райгуырди чызг Лидæ, нæ астæуккаг хо. Æмæ дын мах, Берды, Адæсе æмæ æз иу райдзаст хур бон Зджыдмæ ластам авдæн нæ Кокийыл. Мæныл уæд 4 азы æмæ æрдæг цыд. Нæ нана йæ цард-цæрæнбонты дæр калмæй тынг тарсти: мæнæ-иу æй чиныджы къамы куы ауыдта, уæд-иу, мæгуыр, ныцъцъæхахст кодта. Æз та, цы у калм, уый зонгæ дæр нæма кодтон. Баба разæй хайуаны дзыларæй ласы. Мæнæн та мæ бабу мæ къухыл хæцы, æмæ сабыргай цæуæм. Кæсын, æмæ мæ тæккæ рахиз фæрсты лæсы цыдæр сау къæцæл. Баба йе 'нгуылдз йæ былтыл авæрдта, ома, ма афæрс не 'фсины (афтæ йæ хуыдта).

Стæй, куыд радзырдта баба, афтæмæй уый уыд бурхъус калм, йæ зымæгиуатмæ бырыди, фæлæ, йæ амондæн, Адæсе уый нæ федта…

Уæд Берды та? Нанайы бавæрдтам сусæны мæйы. Махæй чысыл уæлдæр цардысты Дзугкойты Бетърейы бинонтæ. Æмæ сæ кæстæр лæппу Æхсар æртæ боны размæ аскъæфта Елхотæй Адырхаты Ирæйы. Быдырæй, сахарæй сæм хиуæттæ æрæмбырд сты, райсом – чындзæхсæв, ома мах зианæн йæ дыккаг бон. Нæхимæ уыдыстæм æрмæстдæр дыууæйæ – æз æмæ баба. Кæрт æфснайын, æмæ дын мæнæ нæ хæдзары хистæр кæдæмдæр рацæуы: нымæтхуд йæ сæрыл, лæдзæг йæ къухы. Куыд бафæрсдзынæ 90-аздзыд зæронд лæджы «кæдæм цæуыс»-æй? Уыцы бон ницы базыдтон. Баба иу сахаты фæстæ æрбацыд, йæхи тъахтиныл æруагъта…

Дыккаг бон дын мæрдты рухс дзæнæты бадинаг Дзугкойты Иля кулдуар æрбахоста, рауадтæн æм. «Б-берды у-уæхимæ ис?» (къæзæнæг уыди, мæгуыр). О, зæгъын, хæдзары и! Фæдзур-ма, дам æм! Цыбыр дзырдæй, ацы Иля чи у, уый мæ бабайы раз йæ зонгуытыл æрхауд, æмæ йын арфæтæ кæны: «Хуыцауыстæн, Берды, ды махæн знон цы 'гъдау скодтай, цы зонд нын бацамыдтай!»

Уæд æз дзæбæх ницы бамбæрстон, фæлæ хъæу – къухы дзаг! Радзырдтой нын хабæрттæ…

Ацы Берды чи у, уый уæд ссыд Дзугкойтæм, чындзæхсæвмæ, лæдзæг сисы ‘нцой æрæвæрдта, салам радта бадты адæмæн – æрмæстдæр нæлгоймæгтæ бадтысты кæрты фынджы уæлхъус æмæ æмхуызонæй фестадысты. Хъæуы хистæр Хъайтыхъы-фырт (йæ бынаты-иу ничи сбадт, уым куы нæ уыдаид, уæд), æркуырдта дзæбидыры сыкъа арахъхъимæ, йæ худ систа, йæхæдæг слæууыд Урс хохы рæбын Лæгтыдзуары кувæндоны ‘рдæм æмæ, дам, кувынтæ байдыдта дыууæ æмкъайæн, уазджытæн, хъæубæстæн æмæ а.д. Берды, дам, йæ уарзон Адæсейы фæстæ сæрæй фæкуыддæр! Уый сыкъайæ ацахуыста, кæстæртæм æй алæвæрдта æмæ ныззарыди. Адæм æгуыппæгæй лæууынц, цы кæной, уый нал зонынц. Стæй сын уæд ацы «зондцух» афтæ зæгъы: «Цин æмæ зиан æфсымæртæ сты, мæ хуртæ! Уæлæ къуымы цы чындз лæууы, æнæсыппæй цы уазджытæ бадынц, уыдон цы аххосджын фесты? Ме ‘фсины бæрц фæцæрут иууылдæр! Ныртæккæ фæндыр куыд сцæгъда, хъазт, хъæлдзæгдзинад! Уæ куыст кæнут, мæ хуртæ!»

Нæ баба-иу арæх зарыд нæхимæ дæр, фылдæр – иунæгæй: кæрты-иу хурмæ бадти, йæ лæдзæгæй зæххыл цыдæр хæххытæ кодта, æмæ-иу йæхицæн зарыди. Мах та-иу, йе ‘ртæ хъæбулы хъæбулы, схызтыстæм хæдзары дыккаг уæладзыгмæ æмæ-иу æм уырдыгæй сусæгæй хъуыстам. Заргæ та кодта цыдæр æнахуыр сабыр, фæлмæн хъæлæсæй…

Мæ бабайы цардæй-ма хъуыды кæнын иу æнахуыр хабар. Алчидæр æй зоны хохæгтæй: уалдзæджы-иу урс нæл уæрыкк снывонд кодтой Джеоргуыбатæм Лæгтыдзуары номыл…

Уыдис ноябры райдиан. Уæлиау нæм хохы мит рауарыд. Иу мæйдар æхсæв тымыгъ сыстад, бирæгъау ниуы. Нæ зæронд куыдз Тигр æнæуый дæр хъусæй дзæбæх нал хъуыста, ноджы ма ныффынæй…

Райсомæй сыстадыстæм, фосæн хос æвæрын. Кæсын, æмæ нæ нывонд тохъхъылæн йæ кой дæр нал и…

Бабамæ базгъордтон, радзырдтон ын хабар, мæхæдæг тæрсын: «Ныртæккæ загъд-замана сисдзæн, хъæуыл зилдзæн, агурдзæн фыркъайы…»

Куыннæ стæй! Кæсын, мæ сызгъæрин хистæр Ныхасмæ ссыди, йæ худ систа, слæууыд Урс хохы Лæгтыдзуары кувæндоны ‘рдæм

æмæ… кувынтæ байдыдта: «Чидæр фæрæдыди, ныххатыр ын кæн, ма йæ бафхæр! Мах дын æндæр уæрыкк скувдзыстæм!..»

Дыккаг бон рахъæр и: кæй хæдзары бадтысты, уый дыууæ къуыриййы уæлæмæ нал сыстад. Кокойы чи адавта, ууыл та куыдз фæхæцыд, æмæ Нузалы рынчындонмæ бахауд…

Æз ацы хабæрттæ мæ бинонты стауыны охыл нæ кæнын. Ацы дыууæ зæронды цæрæнбонты дæр адæмы хъуыддæгтæ уæлдæр æвæрдтой сæхи цардæй.

Гъемæ мæ иучысыл ныфс ис: кæд абоны нанатæ, бабатæ, чындзытæ, кæстæртæ исты фæзминаг дæнцæг райсиккой мæ бинонты хабæрттæй.

Иу удæй – æз мæхæдæг Хуыцауæн зæгъын стыр бузныг, уымæн æмæ царды бирæ зынтæн ныффæрæзтон мæ хистæрты цардыл ахуырæй.

Цæфæй, дам, нæ мæлыс, æмæ дын мæнæ – рæхуыст! Мæ фыд Васгæ æмæ ме схæссæг мад Варæ æрбаздæхтысты Ходмæ. Ам ма, 1954 азы цардмæ фæзынди нæ кæстæр хо Рая. Рахъомыл сты мæ хотæ. Фæлæ нæ Хадыхъон 43-аздзыдæй кæугæ-ниугæ ныууагъта, ацыд йе 'цæг дунемæ. Нæ баба йыл сывæллонау фæкуыдта. Варæ, йæ адзал зонгæйæ, йе 'скъоладзау дыууæ чызджы мæныл ныффæдзæхста. Мах – чи сахары, чи – Фыййагдоны скъолайы. Кæстæр – Садоны скъола-интернаты.

Нæ фыд та ногæй йæ цард баиу кодта цъæйаг уæздан Баситы Михалы чызг Оляимæ. Уый ма Ходы фæлæггад кодта зæронд Бердыйæн дæр. Куы ахицæн, уæд Садонмæ æрлыгъдыстæм. Мæ хотæ дæр сæ амæндтæ ссардтой, ис сын кæстæртæ: Лидæ у Уарзиаты чындз, Рая та – Дарчиты. Уæ фарн бирæ, мæнæн дæр ис иунæг бындар – Джыгкайты Валерийы фырт Æхсарбег. Уый дæр хæрз чысылæй баззад æнæ фыдæй. Цыбыр дзырдæй, мæ рыст фæллад уды хорзæй кæд исты ис, уæд уый – мæ дыууæ сыгъзæрин хистæрæй. Нана-иу мын афтæ дзырдта: «Маргæ дæ чи кæна, мæ чызг, уымæн дæр дæ цæст æвзæрдзинад макуы бауарзæд, макуы йæ бафхæр. Хуыцауы бар-иу æй бакæн!»

Хорз адæм! Чидæриддæр бакæса ацы æрмæг – иууылдæр мæ бинонты 'рцыдмæ уæ къахы ныхæй дæр макуы схъæрзут! Цардаудæн уыл кæнæнт бирæ азты: Берды, Адæсе, Васгæ, Варæ, Оля, Валери!

# ЦЫМÆ, УЫЙ ЦЫ УЫДАИД...

## КЪÆХТЫСÆР

Ацы цау мыл æрцыди 1998-æм азы сусæны мæйы. Уæд æз куыстон спортивон-дзæбæхкæнæн лагеры хицауæй...

Скæсæнæй нæм нæ сыхæгтæ куы ‘рбабырстой 1992-м азы, уæд нæм туристтæ нал цыдысты улæфынмæ. Æмæ турбазæ «Къæхтысæр» аивта йæ «дæсныйад» – уыцы азæй суанг йæ сæхгæнæны онг (2010-м азы) мах лæггад кодтам спортуарзджытæ, скъоладзаутæ æмæ студенттæн ...

Уыцы сæрд сывæллæты радон къордты афæндараст кодтам сæ хæдзæрттæм. Радтой нын дыууæ боны баулæфыны фадат – иннæты æрбацыдмæ бацæттæ кæнынæн рæстæг. Æз, куыд лагеры хицау, уым баззадтæн, фæлæ, кусджытæй хæстæг хъæуты чи цард, уыдоны сæхимæ ауагътон. Лагеры ма баззадыстæм иу-авдæй. Мæ лæппуйыл цыди 8-æм аз. Стæй мæм цалдæр боны æмгъуыдмæ баулæфынмæ ссыди УЗК-йæ Дзугкойты Луизæ – мæ фыдыхойы фырты чызг йæ иунæг хъæбул 11-аздзыд Фатимæимæ. Луизæ, медицинон хо, уыцы бонты йын уыди радон фæлладуадзæн рæстæг (æвæццæгæн, мæ амондæн)...

«Къæхтысæр»-ы хæрæндоны рахизæны æфсæйнаг ныххостой – сихор кæнынмæ нæм сидтысты. Кусджыты къорд, нæ дыууæ кæстæры, згъордтой хæрæндонмæ, Луизæ афæстиат...

Æз хихсæнмæ бахызтæн, цæмæндæр æрбадтæн зæронд бандоныл, байгом кодтон доны кърант мæ къухтæ цæхсыны охыл æмæ... ницыуал бамбæрстон! Фестадтæн диссаджы æрдзы хъæбысы: хур ирдæй кæсы арвæй, хæхтæ, дидинджытæ, рæсугъд дыргъдон. Мæ алыварс – дуне æрыгон фæсивæд! Мæнæ мæ размæ æрбацæуынц къæрццарæзт æрыгон лæппу æмæ чызг, кæрæдзи къухтыл хæцгæ. Абон дæр ма чызджы рæсугъд къаба мæ цæстыты раз лæууы: урс зæххыл – егъау сырх уардитæ. Æмæ мæм чызг дзуры: «Ам цы архайыс, ам?» Æз æм куыддæр мæ дзых фегом кодтон дзуапп раттынмæ, афтæ мæ хъустыл ауади Луизæйы кæуын. Уый мын мæ сæрыл уазал дон калы, мæ рустæ мын хойы æмæ хæкъуырццæй кæуы. Æз бадын мæ бынаты зæронд бандоныл хихсæны. Луизæ мæ ракодта уатмæ, æрхуыссыдтæн мæ сынтæджы, фæлæ мæ хъæлæс фесæфт – сусæгæй дзырдтон. Ме ‘мкусæг, дзæнæтыбадинаг Къутарты Астемыр мæм дуарæй æрбакаст, стæй

æваст фæстæмæ фæзылд. Æз æм уæд тынг фæхæрам дæн: фæрсгæ дæр мæ куыд нæ бакодта! Иу къуыри йæм дзыхæй нал дзырдтон. Риммæ, дæ цæсгом, дам, урс-урсид уыди, дæ хуыссæнты хуызæн, æмæ, дам, фæтарстæн, мæлгæ кæны, зæгъгæ...

Дыууæ боны хуыссæнæй нал сыстадтæн æмæ раст тихалæджы хуызæн афыдхуыз дæн, цудтытæ кодтон. Фæлæ æртыккаг къорды сывæллæттæ æрбахæццæ сты, æмæ сыл сæмбæлын хъуыди...

Нæ кусджытæ мæ фарстой, æмæ сæ уыдонæн дæр радзырдон, цытæ мыл æрцыди, уыцы хабæрттæ. Æмæ мын нæ хъахъхъæнæг Дзуццаты Æхсарбег, нæ хъазаг «Пъистон» афтæ зæгъы: «Риммæ, гъеныр ды мæрдты бæсты уыдтæ!...»

Чи зоны? Фæлæ ма мын, æвæццæгæн, раджы уыди, æмæ мæ фæстæмæ раздæхтой...

Æмæ-ма иу хъуыддаг: мæнæ, зæгъгæ, Луизæ нæ афæстиат, сихор кæнынмæ ацыди, кæнæ мæхæдæг бандоныл не 'рбадтæн, фæлæ мæ къухтæ лæугæйæ æхсадтон, уæд, цымæ, абон кæм уаин?..

*07.03.2022аз*

# УÆЛЛАГ ХОД, НÆ ХЪÆУ

Раджы уыди уый. Цыдаид мыл 15 – 16 азы. Сæрдыгон тæвд хур бон. Нæ хæдзар лæууыди нæ хæххон хъæуы – Уæллаг Ходы – бæрæгастæу. Махæй чысыл фалдæр, галиуырдыгæй, уыди Ныхас. Уым-иу æрæмбырд сты хъæуы хистæр нæлгоймæгтæ, таурæгътæ кодтой, дзырдтой алы хабæрттæ.

Иубон мæ хæдзарæй цыдæр нысанимæ рарвыстой фаллаг сыхмæ. Æз куыддæр хæдзары тигъæй сæйраг уынджы 'рдæм фæзылдтæн, афтæ цæмæндæр иу дурыл æрбадтæн. Кæдæм æмæ цæмæн рараст дæн хæдзарæй – Хуыцау йæ зонæг!.. Бадын, æмæ мæ хъæбысы, мæ алыварс зæххыл – дунейы рæсугъд дидинджытæ, хурмæ цæхæртæ калынц. Æвзарын сæ, цин сыл кæнын, бæстытæ сæ скæнынмæ хъавын...

Æнæнхъæлæджы æрæхснырстон æмæ скуывтон: «О Хуыцау, баххуыс кæн!..» Иунæг уысммæ мæ алыварс рæсугъддзинад цыдæр æрбаци – иу дидинæг дæр мæ разы нал аззад. Æз та бадын мæ бынаты, мæ хъæбысы æмæ мæ алыварс – змис æмæ уираг дуртæ...

*ХОЗИТЫ Барис*

# ДУР-ДУР – ТУГЪАНТЫ ХЪÆУЫ ИСТОРИ




Историон цаутæ, азты «донмарæны» бахаугæйæ, сæхимæ фылдæрæй-фылдæр æргом здахынц ирон æхсæнады минæвæртты ‘хсæн. Историйы азфыст рæхысы цæгтæй уæлдай нæу – алы дуг дæр æм бахаста йæхи æрдзон æмæ монон хæзнатæ. Мæсыг хицæн дуртæй амад куыд у, афтæ историйы сыфтæ фыст цæуынц хицæн хъæутæ æмæ горæтты азфыстæй. Æмæ уымæ гæсгæ зæрдиагæй бацин кодтон, профессор Дзидзойты Валерийæн рауагъдад «Ир»-ы цы ног чиныг «Дур-Дур – Тугъанты хъæуы истори», зæгъгæ, рацыд, ууыл (Дзидзоев Валерий Дударович. История селения Дур-Дур – Туганово. – Владикавказ: Ир, 2018. – 480 ф.). Æз ма йæ схонин Дур-Дуры хъæуы энциклопеди дæр, ахæм бæрзонд у йæ мидис æмæ йæ зонадон ахадындзинад дæр. Фондзсæдæ сыфы чиныг-фолианты ныхас цæуы Ирыстоны быдырон хъæуты рагондæртæй иуыл. У хъæздыг фæлыст хуызистытæй дæр.

Зындгонд куыд у, афтæмæй хъæуæн бындур сæвæрдтой Тугъанты уæздæттæ 1752 азы Дур-Дуры цæугæдоны былгæрон. Чи зоны, фæстаг сæдæ азы хъæубæстæ дæр уыцы ном уый тыххæй хæссы. Дур-Дуры хъæуæй 268 азмæ рацыд тынг бирæ зындгонд адæм. Уыдоны ‘хсæн фыццаджы-фыццаг бацамонын хъæуы инæлар Тугъанты Аслæнбеджы (йæ фырт Хамби дæр 48 азы фæстæ, 1899 азы, сси паддзахы инæлар). Уыдоны фарсмæ барджынæй æрæвæрæн ис зындгонд ирон фыссæг æмæ драматург Тугъанты Батырбеджы дæр. Уый йæ рæстæджы ирон æвзаджы дыгурон диалектмæ раивта Карл Маркс æмæ Фридрих Энгельсы номдзыд куыст «Коммунистон партийы манифест» (1906). Октябры революцийы фæстæ, ног рæстæджы, ссис зындгонд паддзахадон кусæг, ахста бæрнон бынæттæ УСФСР-йы национ хъуыддæгты Адæмон комиссариаты, уым куыста комкоммæ Иосиф Сталины разамындæй.

XVIII – XX æнусты цы историон цаутæ æрцыд (Ирыстоны Уæрæсеимæ баиу, 1812 азы Фыдыбæстæйы хæст, Хъырымы хæст, цагъарады аивд, Уæрæсейаг-туркаг хæст, Октябры революци, мидхæст, Гагарины атахт космосмæ æмæ аф.д.), уыдон комкоммæ кæнæ фæрссагон хуызы тынг бахъыгдардтой Дур-Дуры хъæуы цæрджыты, уымæн æмæ уыдон архайдтой уыцы æппæт историон цауты. Чиныджы лæмбынæг ныхас цæуы дурдуйрæгты трагикон хъысмæтыл. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ, куыд æппæт бæстæ, афтæ ацы хъæубæстæ дæр ныддихтæ сты «сырхытæ» æмæ «урсытыл», «хиуæттæ» æмæ «æцæгæлæттыл», «революционертæ» æмæ «контрреволюционертыл». Мидхæсты рæстæг хицæн ирон хъæуты бацарæфтыд бирæ адæм, ныффалгæрон хъæубæсты цард, адæм æрцыдысты мæгуырдзинадмæ, сæвзæрд тыхбарады культ æмæ террор. Йæ амæттæгтæ систы куыд хуымæтæджы фæллойгæнджытæ, афтæ паддзахы минæвæттæ дæр.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Дур-Дуры хъæуы адæм кæрæдзиимæ тох кодтой революцион æмæ къласон миниуджытæм гæсгæ. Уымæ гæсгæ урсгвардион булкъон, номдзыд кæсгон пъамещик Даутоков-Серебряковы æфхæрæг къордтæ дыууæ хатты гæрзифтонгæй æрбабырстой æмæ фыдмитæй нæ ауæрстой хъæуккæгтыл. Уыцы сæркъуыртæ туджы бын фæкодтой æнæаххос цæрджыты, уыимæ марыны тæрхон хастой канд большевиктæн нæ, фæлæ уыдонмæ хорз цæстæй кæсыныл дызæрдыг кæуыл кодтой, уыдоны дæр. Уый уыдис хъæуы историйы трагикондæр сыфтæй иу. Æнæаххосæй сæфт адæмы нымæц йæхæдæг йæхиуыл дзурæг у: Тайсауты Сослæнбег (дыгурон диалектмæ Хъуыраны тæлмацгæнæг), Дзидзойты Мали, Гуыбады æмæ Гангæ, Абайты Зауырбег, Хъызынты Мæхæмæт, Икъаты Мырзæ, Годзойты Кермен, Темырты Созрыхъо, Мæхæмæтты Хадзырæт æмæ бирæ æндæртæ. Уый уымæн афтæ рауад, æмæ уæды заман бирæты зондахасты ныффидар хъæддаг æгъатыр хъуыды: «Махимæ чи нæу, уый нæ ныхмæ у». Ам автор раст фиппайы: ацы хъæддаг зондахастæй æмхуызон пайда кодтой куыд революционертæ, афтæ сæ ныхмæ хæцджытæ дæр. Æфхæрд та цыдысты æнæаххос адæм.

Уæрæсейы историйы XX æнусы 20 – 30-æм азтæ нымад цæуынц æппæты трагикондæр рæстæгыл. Советон адæмæн уæззау æмæ вазыгджын мид æмæ æддаг уавæры лыг кæнын хъуыд не ‘хсæнады ног социалистон цардарæзтмæ рахизыны æрдхæрæны фарст. «Нæ бæстæйы адæмты, уыимæ, Дур-Дуры мин хæдзары цæрджыты, – фыссы Дзидзойты Валери, – фæндонæй æви æвæндонæй æнæхъуаджы зын уавæрты хъуыдис иу

æхсæнадон экономикон уавæрæй иннæмæ хизын». Индустриализацийы фæрцы нæ бæстæйы, уыимæ Ирыстоны дæр, æрцыдис стыр ивддзинæдтæ хуыздæрырдæм. Уый æнæуынгæ нæ уыдисты фæллойгæнæг адæм. Аграрон ивддзинæдтæ æрцыд Дур-Дуры хъæубæсты дæр æмæ æркодтой хъæууон-хæдзарадон куысты ног хуызты фæзындмæ. Автор куыд фиппайы, уымæ гæсгæ йæ райгуырæн хъæуы цæрджыты социалон-политикон буар дæр исын райдыдта ног æууæлтæ. Афтæмæй, хъæуы зæхкусджыты уавæр зынгæ хицæн кодта революцийы агъоммæйы уавæрæй. Дзидзойты Валери, куыд историк, афтæ хурмæ ракалдта, нæ бæстæйы уыцы дугыл цъыфкалæнтæ чи кодта, ахæм уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг мæнг ахуыргæндты «дзыбандытæ», стæй та ногæй рахызт йæ райгуырæн хъæуы хабæрттæм: кусæг адæмы фылдæр хай, уыимæ Дур-Дуры дæр, æнæ уынгæ нæ уыдисты, колхозты арæзтад, кæд дзы хъуагдзинæдтæ дæр уыдис, уæддæр пайда йеддæмæ зианы хос кæй нæу, уый.

Цæрджытæ зæрдæргъæвдæй цыдысты колхозмæ (ХХ æнусы 50-æм азты кæронмæ хъæуы уыдис дыууæ колхозы). Колхозонтæ куыстой удуæлдайæ æмæ иумæйаг быдыртæй истой хорз тыллæг мæнæу, нартхор, къабуска, картоф æмæ æндæр хъæууонхæдзарадон культуртæй. Уыцы иу рæстæг автор йæхицæн хæсыл нымайы зæгъын: «Фæлæ басæттын хъæуы ууыл дæр, æмæ хъæууон хæдзарады иумæйаг хæдзарадтæ аразыны хъуыддаджы уагъд æрцыд стыр рæдыдтытæ æмæ æнæраст хъуыддæгтæ дæр. Æмæ уыдон уæззау уаргъæй æрæнцадысты зæхкусджыты уæхсчытыл, уыимæ дурдурæгтыл дæр».

Абон суанг Советон Цæдисы цыфыддæр знæгтæ дæр сæттынц, нæ паддзахадæн ахуырад æмæ культурæйы къабæзты бирæ кæй бантыст, ууыл. Дур-Дуры ссæдзæм азты кæронмæ суанг хистæр цæрджыты ‘хсæн дæр æнæахуыргонд адæм нал уыд. Ахуыргонд нын нæ зæрдыл æрлæууын кодта, Цæгат Ирыстоны, куы æппæт бæстæйы, афтæ райдайæн ахуырады системæ царды уагъд кæй æрцыд, уый. 1934 азæй фæстæмæ та – авдазон ахуырад: Дур-Дур дæр уыцы хæрзаудæн хъуыддаджы фæсте нæ зад.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Советон хицауад фыццаг бонтæй фæстæмæ йе знагыл банымадта æрмæст капиталисттæ æмæ пъамещикты нæ, фæлæ дины кусджыты дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, аргъуантæ, мæзджыттæ, синагогæтæ æмæ æндæр динон кувæндæттæ фесафыны тыххæй уынаффæ банымайын хъæуы канд стыр рæдыдыл нæ, фæлæ уырнон адæймæгты раз фыдракæндыл. Дур-Дуры 1938 азы онг хъæуы астæу уыд рæсугъд мæзджыт, уырдæм цыдысты пысылмон цæрджытæ

æмæ сæ дины æгъдау кодтой. Дурдуйрæгты ‘хсæн уыдис чырыстæттæ æмæ атеисттæ дæр, фæлæ кæрæдзи нæ хъыгдардтой. Хъæуы разамынд хæстмондаг æнæхуыцау атеистты æххуысæй мæзджыт фехæлдтой, æмæ уый ныууагъта стыр хъæдгом пысылмæтты зæрдæты.

Дур-Дуры историйы Фыдыбæстæйы Стыр хæст ахсы сæрмагонд бынат. Нæ бæстæ тæссаг уавæры куы бахаудта, уæд æппæт хъæубæстæ дæр иу адæймаджы хуызæн systадысты знаджы ныхмæ. Авторы нымадмæ гæсгæ, хъæуккæгтæй 750 нæлгоймагæй фылдæр ацыдис хæсты быдырмæ, уыдонæн се ‘мбис нал сыздæхтысты. Хæстон æмæ фæллойадон сгуыхтыты тыххæй хъæубæстæй сæдæгай адæймæгтæ хорзæхджынгонд æрцыдысты ордентæ æмæ майдантæй. Се ‘ппæт ранымайынæн фадат нæй, фæлæ дзы зæгъæм сгуыхтдæрты тыххæй. Фыццаджы-фыццаг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты таурæгъон хъайтар Дзотты Лазæры тыххæй. Йæ тугæй фыст зындгонд фыстæг мыхуыргонд æрцыд 1942 азы газет «Комсомольская правда»-йы. Кæм фæмард, уыцы горæт Воронежы уынгтæй иу хæссы йæ ном. Стыр кад скодта йæ райгуырæн хъæуæн фыццаг ирон инæлартæй иу Хуыдæлты Харитон. Уый разамынд цы дивизийæн лæвæрдта, уыцы æфсæддон иугонд архайдта нæ бæстæйы арæнтæ цыфыддæр знагæй ссæрибар каныны хъуыддаджы.

Фæсхæсты дæсазонты егъаудæр æнтыстытæй иу уыд адæмон хæдзарады ног сырæзт æмæ йæ дарддæры рæзт. Хъæуы цæрджытæ равдыстой стыр куыстуарзондзинад сæ размæ æвæрд хæстæ царды рауадзынæн.

Нæ цытджын бæстæйы фехæлд æмæ уый цы риссаг фарстытæ сæвзæрын кодта царды мидæг, уыдæттæ нæ ацыдысты дурдуйрæгты фæрсты дæр. Ныхас дæр ыл нæй, уыцы уавæры фæстиуджытæ стыр зиан æрхастой адæмы моралон-фæткæвæрдадон уавæрæн. Стыр бузныг зæгъын хъæуы чиныджы авторæн, уыцы æппæт куырм æлхынцъыты раст иртасыны хахх кæй ссардта, уый тыххæй.

Уымæй уæлдай ма йæ чиныгмæ бахаста бирæ этнографион æрмæг. Уый æмбырдгонд цыд канд Дур-Дуры хъæуы нæ, фæлæ, æмтгæй, Дыгургомы, Ирыстоны горæттæ æмæ хъæуты. Ахуыр- гонд йæ агурæнты ахæццæ Кæсæг-Балхъар æмæ Хъæрæсе-Черкессимæ дæр. Хъæздыг æрмæг ма æрæмбырд кодта Тугъанты мыггаджы тыххæй.

Дзидзойты Валери, куыд чиныджы автор, афтæ йæ размæ хæс не ‘вæрдта, цы æрмæг æрæмбырд кодта, уый ииуылдæр йæ иртасæн куыстмæ бахæссын. Уымæн уæвæн дæр нæ уыд: æрмæджы бæрц дисы æфтауы – иртасынады фыццаг вариант хæццæ кодта 2600 сыфмæ. Йæ зæрды

сæ уыд æртæ томæй рауадзын иу сæргондимæ, уыдонæй дыууæ томы хъуамæ уыдаиккой комкоммæ хъæуы истори, æртыккагмæ та бахæссынмæ хъавыд хицæн очерктæ æмæ уацхъуыдтæ номдзыд хъæуккæгты тыххæй. Æдæппæт цæттæгонд æрцыд 400 очеркæй фылдæр. Фæлæ ахуыргонды фæндтæ æххæстгонд не 'рцыдысты æвæрæздзинады фыдæй – чингуытæ рауадзынмæ йын ныфс чи æвæрдта хъæуæй рацæуæг амалджын адæмæй, уыдон иу бонмæ иууылдæр «банкроттæ» фестадысты. Уый аххосæй æртæ томы «æрхаудысты» иу чиныгмæ. Авторы, зæрдæрисгæйæ, æмбырдгондæй исын бахъуыд 200 очеркы бæрц, чи ма дзы баззад, уыдон дæр цыбыртæгонд æрцыдысты.

Уымæ гæсгæ фехæлд чиныджы ранывæсты уагæвæрд дæр. Бынтон ист æрцыд дыккаг сæргонд («Хъæуы цæрджыты цæрæнуæттæ, хæринаг æмæ æхсæнадон фæтк»), иннæтæй дæр исын бахъуыд хицæн параграфтæ. Афтæмæй чиныджы концепци хæлд æрцыдис, æмæ уый аххосæй хъæуы историйы баззад «урс стъæлфытæ». Фæлæ цыфæндыйæ дæр «Дур-Дуры хъæуы истори» у фыццаг зонадон-иртасæн куыст номдзыд хъæубæстæйы тыххæй. Чиныгмæ кæй нæмттæ хаст æрцыдысты, уыдоны тыххæй автор тырныдта фыссын уæлмонц æмæ объективонæй. Тынг æй фæндыд дурдуйрæгты равдисын, æрвылбон царды куыд уыдысты, афтæмæй. Фаг æххæст æрмæг кæй тыххæй нæ рауад, уыцы æмхъæуккæгтæй та хатыр ракуырдта.

Разныхасы кæрон ма нын Дзидзойы-фырт байгом кодта йæ зонадон-иртасæн æрмадзы дуæрттæ æмæ ма уый фæрцы базыдтам бирæ цымыдисаг хабæрттæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй йæ хъæубæстæйы историйы чиныг ныффыста Дур-Дуры фыццаг астæуккаг скъолайы ахуыргæнджыты коллективы курдиатмæ гæсгæ. Уымæй уæлдай ма бирæты фæндыд хъæуы истори ныффыссын, фæлæ сæм фаг цæттæдзинад нæ разынд. Чи зоны, цас ма радзур-бадзур кодтаиккой адæм, фæлæ хъæппæрис йæхимæ райста Хъойбайты Сергей. Уый хъæубæсты хистæрты æмæ скъолайы коллективы иумæйаг æмбырды сыстад æмæ загъта: «Æз мæхæдæг дæр фæнд кодтон нæ хъæуы истори фыссынмæ, фæлæ кæд историон наукæты доктор, профессор Дзидзойты Валери, не скъолайы рауагъдон, разы у уыцы куыст йæхимæ райсынил, уæд æз цæттæ дæн, мæ бон цæмæй у, уымæй феххуыс кæнынмæ». Йæ фарс рахæцыдысты хъæуы иннæ кадджын хистæртæ: Цагъаты Гамурза, Цалиты Сафарби, Зæнгионты Георги æмæ иннæтæ. Уый адыл Валери семæ сразы æмæ стыр лæггад бакодта йæ уарзон хъæубæстæн.

Чиныджы «Разныхас»-ы ма автор номæй-номмæ фæнымадта, ныхы бæрц дæр ын чи баххуыс кодта, уыдоны æмæ йæхицæн скодта удыбæстæ. Махæн та фадат радта рецензигонд чиныджы тыххæй цалдæр хатдзæджы скæнынмæ: 1) Дзидзойты Валери нæ размæ цы чиныг рахаста, уый банымаинаг у, хъæутыл цы историтæ ныффыстой, уыдонæн сæ хуыздæртæй иуыл; 2) «историйы…» автор цы иллюстративон æрмæгæй пайда кæны, уый, иуæрдыгæй, æрмæг уырнинагдæр кæны, иннæрдыгæй та йæ кæсджытæм хæстæгдæр æвæры; 3) зындгонд ахуыргонд ма нын иу хатт равдыста, «рæнхъон» куыстытæ йæм кæй нæй, уый. Цæмæфæнды дæр куы бавналы, уæддæр дзы ахæм хъæздыг æрмæгæй спайда кæны, æмæ йæ уый бар-æнæбары сисы æцæг зонадон-иртасæн архайды æмвæзадмæ; 4) æппынфæстаг, ацы уæзгæ иртасæн куыстæй йæ уарзон ахуыргæнджыты ном кæй ссардта, уый бындуронæй дзурæг у, хæрзæгъдау адæймаг кæй у, ууыл. Уадз æмæ ахæм ахуыргæнджытæ фылдæр уæд Ирыстоны! Æмæ ахуырдзауты ног фæлтæртæ дарддæр дæр тырндзысты зонындзинæдтæм, æнæ уыдонæй фидæн аразæн нæй.

Ныр та мæ зæгъын фæнды иу цалдæр фиппаинаджы. Хорз уаид, куысты ахсджиагдзинад æмбарæг адæмы хъæппæрисæй ацы бындурон фæллой йæ раздæры хуызы æртæ томæй куы рацæуид, уæд. Фыццаг къахдзæф конд æрцыд, акæнын хъæуы дыккаг æмæ æртыккаг къахдзæфтæ. Дур-Дуры историйы чиныджы, адæймаг сæрыстыр цæмæй уа, ахæм бынæттæ тынг бирæ ис, æмæ уымæн æвдисæн сты, автор цы бирæ арфæтæ райста, уыдон. Уыимæ йын нæ зæрды ис цæстуарзонæй цалдæр фиппаинаджы скæнын: 1) чиныджы рацыды фæдыл амонæнты амынд ис æмæ ныхас цæуы «чиныгыл».

Аннотацийы дæр ис «чиныджы» кой. Разныхасы та йæ автор хоны «монографи». Æвæццæгæн, хуыздæр уыдаид иуыл æрлæууын: кæнæ монографи, кæнæ чиныгыл. Аннотаци, разныхасы æмæ тексты автор Гергиты Валери, Гергиты Ларисæ æмæ Мæхæмæтты Бекы хоны Дур-Дуры хъæуккæгтæ, фæлæ уый бынтон раст нæу. Валерийы биографийы алы ран дæр фыст ис, Мæскуыйы кæй райгуырдис, уый. Лужковы рæстæджы ма йæ хуыздæр мæскуыйæгтæй иуыл дæр банымадтой. Уымæ гæсгæ йæ дурдуйраг схонæн нæй, уымæн æмæ номдзыд дирижер йæхи хоны мæскуыйаг. Цыфæнды адæймагæн кæцон у, уый бæрæггонд цæуы йæ райгуырдмæ гæсгæ. Афтæ зæгъæн ис Гергиты Ларисæйæ дæр. Æмæ уым диссагæй ницы ис, уымæн æмæ сæ фыд уыд æфсæддон лæг, Советон æф-

сады булкъон æмæ йæ раив-баив кæнын хъуыд йæ службæйы бынæттæ. Уæдæ Мæхæмæты-фырт дæр райгуырдис Дзæуджыхъæуы, схъомыл, сахуыр кодта æмæ фæндзай азы цæры æмæ кусы нæ республикæйы сæйраг горæты. Инæларæй сæрыстыр сты, кæм ахуыр кодта, уыцы 50-æм астæуккаг скъолайы ахуыргæнджытæ. Дур-Дуры та иу бон дæр нæ цард, æмæ йæ уырдыгон схонæн нæй.

Дызæрдыггаг мæм кæсы, Тугъанты уæздæтты «Ирыстоны æппæты хъæздыгдæр пъамещиктыл» (3 ф.) кæй нымайы, уый. Æгас Ирыстоны кой нæ кæнын, фæлæ суанг Дыгургомы дæр Абысалтæ, Хъуыбадтæ æмæ Хъарадзаутæ уыдонæй хъæздыгдæр йеддæмæ мæгуырдæр нæ уыдысты. Ирон адæмон сфæлдыстады æмæ нæ аивадон литературæйы дæр æдзух сæ хъæздыджы, сæ зæххыты æмæ сæ рæгъæутты кой ис. Тугъанты кой та дзы иу ран дæр нæй.

Цы фиппаинæгты кой скодтон, уыдон чиныджы лæмæгъдзинæдтыл нæ дзурынц. Ахæм бындурон куысты уыйбæрц æрмæгæй пайдагонд æрцыд, æмæ дзы иучысыл исты ма аирвæза, уымæн гæнæн нæ вæййы. Æмткæй та, Дзидзойты Валерийы чиныг «Дур-Дур – Тугъанты хъæуы истори»-йæн схонæн ис æнæхъæн энциклопеди, уымæн æмæ ахæм куыстытæ фæкæнынц æнæхъæн иституттæ кæнæ авторты къордтæ. Курдиатджын автор йæхимæ уыцы стыр фæлварæн кæй райста, уый канд раппæлинаг хъуыддаг нæу, фæлæ ма стыр бузныгады аккаг дæр. Æппындæр дызæрдыггаг нæу, æндæр искæцы хъæуы истори фыссынвæнд чи скæна, уый Дзидзойы-фырты фæлтæрддзинадæй кæй пайда кæндзæнис. Зындгонд историк æмæ политолог спайда кодта бирæвæрсыг зонадон литературæ æмæ хъæздыг архивон æрмæджытæй æмæ йын бантыст хъæуты истори фыссыны ног концепци саразын. Уый, æнæ дызæрдыгæй, стыр бавæрæн у бæстæзонæн иртасынæдты мидæг. Йæ куыст та рауад, ахуыргæндтæ æмæ историуарзджытæ рагæй кæмæ æнхъæлмæ кастысты, ахæм зонадон-иртасæн чиныг. Æмæ йын Хуыцау бирæ цардыбонтæ раттæд! Кæддæр Расул Гамзатов загъта тынг зондджын хъуыды: «Дæ райгуырæн хъæуы дæ лæгыл куынæ банымайой, уæд æндæр ран дæхицæй макуы раппæл!» Дзидзойы-фырт Дур-Дуры хъæуы лæгыл нымад у, æмæ уымæй кæмдæриддæр сæрыстыр вæййы.

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***14 апрелы*** Дзæуджыхъæуы Цæгат Ирыстоны Нывгæнджыты цæдисы хæдзары байгом, 35 азы онг кæуыл цæуы, уыцы нывгæнджыты аивадон куыстыты равдыст «Дзæуджыхъæуы æвзонгад». Уым фенæн ис 95 куысты. Равдысты архайдтой ЦИПУ-йы аивæдты факультеты æмæ Дзанайты Азанбеджы номыл аивадон училищейы рауагъдонтæ.

► ***21 апрелы*** Дзæуджыхъæуы центрон библиотекæйы арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны адæмон фыссæг, сценарист, ирон киностудийы бындурæвæрæг, курдиатджын разамонæг Æгъуызарты Æхсарбеджы 100 азы кадæн номарæн изæр. Бацæттæ йæ кодта Мурасты Риммæ. Мысыдысты йæ йæ иузæрдион хæлæрттæ, мыггаджы минæвæрттæ.

► ***25 апрелы*** рухстауæг, ахуыргæнæг, тæлмацгæнæг, поэт, æхсæнадон архайæг, ирон аргъуаны бындурæвæрæг Колыты Аксойы райгуырды 200 азы бонмæ Сыгъдæг Мады-Майрæмы аргъуаны къулыл конд æрцыд мемориалон фæйнæг.

► ***26 апрелы*** профессор, Уæрæсейы Федерацийы ахуырад æмæ наукæйы академийы уæнг Мæхæмæтты Ахуырбеджы Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты Ахуыргæндты советы уæнгтæ æмхъæлæсæй равзæрстой университеты президентæй. Ахæм æвзæрстытæ цæуынц 5 азы иу хатт.

► ***5 майы*** РЦИ-Аланийы Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеты хъæппæрисæй Дзæуджыхъæуы байгом фыццаг паддзахадон киоск. Балхæнæн æмæ дзы асламдæр аргъæй рафыссæн уыдзæн газеттæ, журналтæ æмæ чингуытæ. Киоск схуындæуыд «Ног бон». Цæстдарæг æм уыдзæн чингуыты рауагъдад «Ир». Киосктæ фидæны фæзындзæн алы районы дæр.

► ***8 майы*** Хуссар Ирыстоны ацыдысты Президенты æвзæрстытæ. Æвзарджыты фылдæр хъæлæстæй Президентæй æвзæрст æрцыд Гаглойты Алан.

► ***9 майы*** Дзæуджыхъæуы Сæрибары фæзы ацыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Советон Цæдисы Уæлахизы 77 азы кадæн хæстон парад. Архайдтой дзы республикæйы разамынд, хæсты æмæ фæллойы ветерантæ, 58-æм æфсады хæйттæ, Цæгат Кавказы суворовон хæстон училищейы ахуырдзаутæ æмæ горæты цæрджытæ.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 18.05.2022. Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м$^2$.
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ № 211. Цена свободная. Выход из печати 28 мая 2022 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

# ЗЫНАРГЪ ХÆЛÆРТТÆ!

*Райдыдта 2022 азы дыккаг æмбисæн журналтæ æмæ газеттæ рафыссыны кампани. Журнал «Мах дуг» рафыссæн ис «Уæрæсейы пост»-ы алы хайады дæр.*

*Нæ рафыссыны индекс: 37247.*

*Аргъ 652 сомы æмæ 14 капеччы (афæдзы æмбисæн), льготæтимæ – 606 сомы æмæ 48 капеччы.*

*Журнал асламдæр аргъæй, 350 сомæй, рафыссæн ис редакцийы.*

*Нæ адрис: г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11-æм хæдзар, 2-аг уæладзыг.*

*Редакци*




*Журналы раздæры æрмæджытæ бакæсæн ис нæ сайты: https://mahdug.ru.*

*Журналæн социалон хызæджы ис сæрмагонд фæрстæ:*

*https://vk.com/club211108037*

*https://t.me/mahduuug*




MAX ДУГ

Индекс 73247

12+

5
2022